

**TEMBUNG PANGGANDHENG INKANG DIPUNSIKIDAKEN ING
UKARA CAMBORAN SALEBETIPUN *NOVEL* CINTRONG PAJU-PAT
ANGGITANIPUN SUPARTO BRATA**

SKRIPSI

**Dipunaturaken dhumateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Kangge Njangkepi Salah Satunggaling Syarat
Minangka kangge Pikantuk *Gelar Sarjana Pendidikan***



dening:

Teguh Supriyatin

NIM 09205241063

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**

2013

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Tembung Panggandheng ingkang Dipunsingidaken salebetipun Novel Cintrong Paju-Pat Anggitanipun Suparto Brata* menika saged dipunujekaken awit sampun pikantuk palilah dening *pembimbing*.



Yogyakarta, 3 Mei 2013

Pembimbing I,

Dra. Siti Mulyani, M. Hum.

NIP 19620729 198703 2 002

Yogyakarta, 3 Mei 2013





Pembimbing II,

Drs. Hardiyanto, M. Hum.

NIP 19561130 198411 1 001

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Tembung Panggandheng ingkang Dipunsingidaken ing Ukara Camboran salebetipun Novel Cintrong Paju-Pat Anggitanipun Suparto Brata* menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajenging *Dewan Penguji* ing tanggal 16 Mei 2013 saha dipuntetepaken lulus.

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Dr. Suwardi, M.Hum.	Ketua Penguji		<u>23-5-2013</u>
Drs. Hardiyanto, M.Hum.	Sekretaris Penguji		<u>23-5-2013</u>
Drs. Mulyana, M.Hum.	Penguji Utama		<u>22-5-2013</u>
Dra. Siti Mulyani, M.Hum.	Penguji Pendamping		<u>22-5-2013</u>

Yogyakarta, 23 Mei 2013

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M. Pd.

NIP 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingang tandha tangan wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Teguh Supriyatin**
NIM : 09205241063
Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa
Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika damelan kula piyambak. Samangertos kula, *karya ilmiah* menika wosipun boten dipunserat dening tiyang sanes, kajawi bab-bab tartamtu ingkang kula pendhet minangka *acuan* kanthi adhedhasar tata cara saha etika nyerat *karya ilmiah* ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggul jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 3 Mei 2013

Panyerat,



Teguh Supriyatin

SESANTI

Manungsa mung ngundhuh wohing pakarti.

Sapa temen tinemu.

*Orang gamang mati jatuh, siapa tak memiliki keberanian tidak akan sampai
kepada tujuannya (Suparto Brata).*

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhumateng Allah SWT. *karya ilmiah* menika kula
pisungsungaken dhateng:

Ibu ingkang kula tresnani (Ibu Robiyani)

kangge pangorbananipun, donga, saha tresna asih ingkang boten nate
dipunpocapaken nanging karaosaken sanget ing manah kula.

Biyung (Nasiyem)

kangge tresna asih saha sarehipun sampun ngrawat kula dumugi sakmenika.

Paman (Tri Minarto), mas Irwan Setiadi, rayi kula (Kukuh Juni Riawan),

saha kulawarga ingkang dereng kasebut satunggal mbaka satunggal

ingkang sampun paring panyengkuyung saha donga.

PRAWACANA

Puji syukur konjuk dhumateng Allah SWT ingkang tansah paring lumubering rahmat, barokah, saha hidayah, saengga panyerat saged ngrampungaken *karya ilmiah* awujud skripsi kanthi irah-irahan *Tembung Panggandheng ingkang Dipunsingisaken ing Ukara Camboran salebetipun Novel Cintrong Paju-Pat Anggitanipun Suparto Brata* tanpa pambengan ingkang damel reribeting lampah. *Karya ilmiah* menika kangge njangkepi salah satunggaling syarat minangka kangge pikantuk *Gelar Sarjana Pendidikan*.

Skripsi menika boten saged kapungkasan menawi boten dipunsengkuyung dening saperangan pihak. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng Rektor UNY, Dekan FBS UNY, saha Ketua Jurusan PBD ingkang kersa paring kalodhangan wekdalipun saengga nggampilaken lelampahanipun panyerat.

Raos kurmat, saha panuwun sakinggil-inggilipun, panyerat aturaken dhateng dosen pembimbing inggih menika Ibu Dra. Siti Mulyani, M. Hum. saha Bapak Drs. Hardiyanto, M. Hum. ingkang sampun paring arahan, bimbingan saha *motivasi* ing kalodhangan wekdalipun kanthi sareh saha wicaksana. Agunging panuwun ugi kaaturaken dhateng Bapak Affendy Widayat, M. Phill. minangka *Penasihat Akademik* saha sedaya dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring ngelmu ingkang mumpangat ing sadangunipun menika.

Panyerat aturaken panuwun ugi kangge kanca-kanca PBD, mliginipun kangge kelas B 2009, risfitalia, saha kanca-kanca kos ceria, ingkang sampun ngancani panyerat nalika seneng menapa dene susah. Agunging panuwun kanthi sanget pribadhi panyerat aturaken dhateng kulawarga, ibu saha biyung, lan ugi sanak kadang ingkang katresnan. Maturnuwun kangge sedaya tresna asih, panyengkuyungan saha donga ingkang sampun dipunparingaken dhateng panyerat. Inggih pungkasan, mugi-mugi *karya ilmiah* menika saged mumpangat kangge sedaya pamaos. Amin.

Yogyakarta, 3 Mei 2013



Teguh Supriyatin

WOSING ISI

KACA IRAH-IRAHAN.....	Kaca i
PASARUJUKAN.....	ii
PANGESAHAN.....	iii
WEDHARAN.....	iv
SESANTI.....	v
PISUNGSUNG.....	vi
PRAWACANA.....	vii
WOSING ISI.....	viii
DHAFTAR <i>TABEL</i>	xiii
DHAFTAR <i>BAGAN</i>	xiv
DHAFTAR <i>LAMPIRAN</i>	xv
DHAFTAR TETENGER.....	xvi
DHAFTAR CEKAKAN.....	xvii
SARINING PANALITEN.....	xviii
BAB I PURWAKA	
A. Dhasaring Panaliten.....	1
B. Underaning Perkawis.....	7
C. Watesaning Perkawis.....	8
D. Wosing Perkawis.....	8
E. Ancasing Panaliten.....	9
F. Paedahing Panaliten.....	9

	G. Pangertosan.....	10
BAB II	GEGARAN TEORI	
	A. Widya Ukara (<i>Sintaksis</i>).....	11
	B. Ukara.....	13
	1. Pangertosan Ukara.....	13
	2. <i>Fungsi Sintaksis</i> Ukara.....	14
	a. Jejer.....	14
	b. Wasesa.....	17
	c. Lesan.....	19
	d. Geganep.....	20
	e. Katrangan.....	21
	3. Ukara Adhedhasar Cacahing Klausa.....	22
	C. Ukara Camboran.....	23
	1. Pangertosan Ukara Camboran.....	23
	2. Titikan Ukara Camboran.....	24
	D. Tembung Panggandheng.....	27
	1. Pangertosan Tembung Panggandheng.....	27
	2. Wujudipun Tembung Panggandheng ing Ukara Camboran.....	28
	a. Tembung Panggandheng <i>Monomorfemis</i>	29
	b. Tembung Panggandheng <i>Polimorfemis</i>	29
	c. Tembung Panggandheng Gabung Tembung.....	31

3. Jinising Tembung Panggandheng ing Ukara	31
Camboran.....	
a. Tembung Panggandheng <i>Koordinatif</i>	31
1) Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan <i>makna</i> sesambungan.....	32
2) Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan <i>makna</i> luwih.....	35
3) Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan <i>makna pertentangan</i>	36
4) Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan <i>makna</i> urutan.....	38
5) Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan <i>makna</i> pilihan.....	39
b. Tembung Panggandheng <i>Subordinatif</i>	40
1) Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan <i>makna</i> akibat.....	42
2) Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan <i>makna</i> cara.....	43
3) Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan <i>makna</i> pangajeng-ajeng.....	44
4) Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan <i>makna</i> isi.....	44

5) Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan <i>makna</i> pepindhan.....	44
6) Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan <i>makna</i> tetandhingan.....	45
7) Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan <i>makna</i> pambandhing.....	46
8) Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan <i>makna</i> perkecualian.....	46
9) Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan <i>makna</i> kosok balen.....	47
10) Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan <i>makna</i> sebab.....	47
11) Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan <i>makna</i> syarat.....	48
12) Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan <i>makna</i> ancas.....	48
13) Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan <i>makna</i> titi mangsa...	49
E. Panaliten ingkang Jumbuh.....	53
F. Nalaring Pikir.....	54
BAB III CARA PANALITEN	
A. Jinising Panaliten.....	56
B. Dhata saha Sumber Dhata.....	56

	C. Caranipun Ngempalaken Dhata.....	57
	D. Pirantining Panaliten.....	59
	E. Caranipun Nganalisis Dhata.....	60
	F. Caranipun Ngesahaken Dhata.....	62
BAB IV	ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN	
	A. Asiling Panaliten.....	64
	B. Pirembagan.....	74
BAB V	PANUTUP	
	A. Dudutan.....	185
	B. Implikasi	186
	C. Pamrayogi.....	187
	KAPUSTAKAN.....	188
	LAMPIRAN.....	190

DHAFTAR TABEL

	Kaca
<i>Tabel 1</i> Tuladha Asiling Panaliten Tembung Panggandheng ingkang Dipunsingidaken ing Ukara Camboran salebetipun <i>Novel</i> Cintrong Paju-Pat Anggitanipun Suparto Brata.....	61
<i>Tabel 2</i> Asiling Panaliten Tembung Panggandheng ingkang Dipunsingidaken ing Ukara Camboran salebetipun <i>Novel</i> Cintrong Paju-Pat Anggitanipun Suparto Brata.....	65
<i>Tabel 3</i> Tembung Panggandheng ingkang Dipunsingidaken ing Ukara Camboran salebetipun <i>Novel</i> Cintrong Paju-Pat Anggitanipun Suparto Brata.....	190

DHAFTAR BAGAN

	Kaca
<i>Bagan 1</i> Tembung pangandheng <i>koordinatif</i> ing ukara camboran saajar.....	32
<i>Bagan 2</i> Tembung pangandheng <i>subordinatif</i> ing ukara camboran sungsun (1).....	41
<i>Bagan 3</i> Tembung pangandheng <i>subordinatif</i> ing ukara camboran sungsun (2).....	41
<i>Bagan 4</i> Tembung pangandheng <i>subordinatif</i> ing ukara camboran sungsun (3).....	42
<i>Bagan 5</i> Tembung panggandheng <i>koordinatif</i> saha <i>subordinatif</i> ing ukara camboran gabung (1).....	52
<i>Bagan 6</i> Tembung pangandheng <i>koordinatif</i> saha <i>subordinatif</i> ing ukara camboran gabung (2).....	52

DHAFTAR LAMPIRAN

	Kaca
<i>Tabel 3.</i> Tembung Panggandheng ingkang Dipunsingidaken ing Ukara Camboran salebetipun <i>Novel</i> Cintrong Paju-Pat Anggitanipun Suparto Brata.....	190

DHAFTAR TETENGER

- (....) : panandha bilih wosing titik-titik asipat boten kedah dipunginakaken
- {....} : saged milih salah satunggal (menawi ngapit langkung saking satunggal perangan basa ingkang dipunsusun kanthi lajur)
- [....] : panandha perangan widya ukara ingkang dipunsingidaken
- [∅] : panandha tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken
- *... : panandha wujud perangan widya ukara ingkang boten *gramatikal*
- ‘....’ : ngemot tegesing perangan basa kanthi leksikal/ *terjemahan*
- ...- : perangan ing sangajenipun tandha (-) minangka ater-ater
- ...- : perangan ing antawisipun tandha (-) minangka seselan
- ... : perangan ing sawingkinipun tandha (-) minangka panambang
- ..-/-.. : perangan ing sangajengipun saha sawingkingipun tandha (-/-) minangka wuwuhan gabung
- >< : panandha kosok balen
- : panandha gandhengipun *fungsi sintaksis* ing satunggal klausa
- +
- = : inggih menika
- ➔ : kedadosan saking/ kedadosan amargi

DHAFTAR CEKAKAN

CPP	=	cintrong paju-pat
G	=	geganep
J	=	jejer
K	=	katrangan
L	=	lesan
Tpts	=	tembung panggandheng tan sinerat (dipunsingidaken)
Tps	=	tembung panggandheng ingkang sinerat
W	=	wasesa

**TEMBUNG PANGGANDHENG INKGANG DIPUNSIKIDAKEN ING
UKARA CAMBORAN SALEBETIPUN *NOVEL* CINTRONG PAJU-PAT
ANGGITANIPUN SUPARTO BRATA**

**Dening Teguh Supriyatin
NIM 09205241063**

SARINING PANALITEN

Panaliten menika ancasipun kangge ngandharaken tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata. Tembung panggandheng ingkang dipuntliti gayutipun kaliyan (1) wujud, (2) jinis, saha (3) sesambetan makna ingkang dipunwujudaken dening tembung panggandheng menika.

Panaliten mujudaken panaliten *deskriptif* inggih menika ngandharaken tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata. Dhata panaliten menika awujud tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran salebetipun *teks* narasi, sumber dhata ngginakaken *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata. Caranipun ngempalaken dhata ing panaliten menika mawi maos teks narasi makaping-kaping saha tlatos, lajeng dhata ingkang kapanggihaken dipunserat ing kertu dhata. Caranipun nganalisis dhata inggih menika mawi *klasifikasi*, *tabulasi* saha *deskripsi*. Pirantosing panaliten inggih menika panaliti ingkang kedah migatosaken cacahing klausa, *fungsi sintaksis* klausa-klausa ing ukara camboran, *konteks* wacana ingkang ngemot sumber dhata, nyuraos sesambetan *makna* antawisipun klausa sepisan lan sanesipun, nguwaosi teori saha cak-cakanipun. Caranipun ngesahaken dhata kanthi *validitas semantik-kontekstual* kaliyan *validitas triangulasi teori* saha *reliabilitas intrarater* kaliyan *reliabilitas stabilitas*.

Asiling panaliten ngemot saperangan dudutan. Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata kapanggihaken wonten ingkang awujud *monomorfemis*, *polimorfemis*, *gabung tembung*, *monomorfemis/ polimorfemis* saha *monomorfemis/ polimorfemis/ gabung tembung*. Menawi dipuntingali saking jinisipun saha sesambetan *maknanipun*, tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran kapilah dados tembung panggandheng *koordinatif* saha tembung panggandheng *subordinatif*. Tembung panggandheng *koordinatif* mujudaken sesambetan *makna* sesambungan (*lan, lan banjur*), luwih (*tur, malahan, tur maneh*), kosok balen (*nanging, suwalike*), urutan (*banjur*), saha pilihan (*utawa, utawa malah*). Wondene, tembung panggandheng *subordinatif* mujudaken sesambetan *makna* sebab (*amarga, merga*), isi (*yen*), cara (*kanthi, sambu, sinambu*), akibat (*mula, akibat*), ancas (*supaya, bene*), kosok balen (*nadyan, sanadyan*), pambandhing (*kaya, kaya-kaya, kayadene*), saha titi mangsa (*sadurunge, bareng, nalika*).

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa Jawi minangka *identitas* dhaerah ingkang dipunginakaken kangge wawan rembag dening masarakat Jawi. Basa Jawi ugi dipunginakaken kangge sarana ngandharaken sedaya gagasan saha raos-pangraos masarakatipun. Salajengipun, sarana kangge ngandharaken gagasan saha raos pangraos menika dening Sumarlam (2003: 1) dipunperang dados kalih inggih menika kanthi dipunlisanaken (basa lisan) saha kanthi sinerat (basa sinerat).

Basa lisan saha basa sinerat kedadosan saking perangan-perangan basa awujud tetembungan, frasa, klausa, ukara saha *paragraf* ngantos mujudaken satunggaling wacana. Ukara-ukara ing satunggaling wacana menika saged kedadosan saking satunggal klausa menapa dene langkung saking satunggal klausa. Ukara ingkang kedadosan saking satunggal klausa dipunwastani ukara lamba, dene ukara ingkang kedadosan saking kalih klausa utawi langkung dipunwastani ukara camboran.

Klausa-klausa ing ukara camboran wonten ingkang saged madeg dados ukara piyambak lan ugi wonten ingkang boten saged madeg dados ukara piyambak. Klausa ingkang boten saged madeg dados ukara piyambak awujud perangan saking klausa sanesipun. Kangge mujudaken tegesing ukara camboran ingkang wetah, klausa-klausa ingkang gegayutan satunggal lan sanesipun dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng utawi *konjungsi*. Tembung panggandheng kangge nggandheng kalih klausa utawi langkung ingkang saged

madeg piyambak kawastanan tembung panggandheng *koordinatif*. Wondene tembung panggandheng kangge nggandheng klausa ingkang saged madeg piyambak (babon klausa) kaliyan klausa saking perangan klausa sanes (klausa pang) dipunwastani tembung panggandheng *subordinatif*.

Panggandhengipun klausa ingkang dipunginakaken ing ukara camboran saged awujud tembung lingga saha tembung andhahan. Wedhawati, dkk (2006: 393-404) milah wujudipun tembung panggandheng dados tiga inggih menika (1) tembung panggandheng *monomorfemis*, (2) tembung panggandheng *polimorfemis* saha (3) tembung panggandheng awujud gabung. Tembung panggandheng *monomorfemis* inggih menika tembung panggandheng ingkang dereng ewah saking asalipun, kados ta *nalika*, *nanging*, utawi *ben*. Tembung panggandheng *polimorfemis* inggih menika tembung panggandheng ingkang sampun ewah saking lingganipun utawi pikantuk wuwuhan tartamtu, kados ta *sauwise*, *rikalane*, utawi *sabanjure*. Wondene tembung panggandheng ingkang awujud gabung inggih menika kalih tembung panggandheng utawi langkung ingkang dipunginakaken kanthi sesarengan, kados ta *lan malah*, *tur maneh*, utawi *lan banjur terus*.

Ananging, tembung panggandheng ingkang dipunginakaken kangge nggandheng klausa-klausa ing ukara camboran kadhang kala boten sinerat utawi dipunsingidaken, kamangka, panganggenipun tembung panggandheng saged nyethakaken tegesipun ukara camboran. Ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken kathah kapanggihaken ing salebetipun *novel*, *kalawarti*, *ariwati*, buku piwulangan, saha buku waosan sanes-sanesipun.

Panaliti manggihaken ukara camboran-ukara camboran ingkang tembung pangandheningipun dipunsingidaken ing *novel* Cintrong Paju-Pat (CPP) anggitanipun Suparto Brata. Ing ngandhap menika tuladha ukara camboran ingkang tembung pangandheningipun dipunsingidaken.

(1) *Abrit seneng, bisa sirsiran maneh karo Trengginas.*

<u>J</u>	<u>W</u>	<u>W</u>	<u>K</u>
(Klausu 1)		K	
		(Klausu 2)	

Katrangan:

J = jejer
 W = wasesa
 L = lisan
 K = katrangan

Menawi dipuntingali saking cacahing klausa, ukara menika kedadosan saking kalih klausa inggih menika klausa (1) *Abrit seneng* saha klausa (2) *bisa sirsiran maneh karo Trengginas*. Klausa (1) *Abrit seneng* minangka klausa ingkang saged madeg piyambak (babon klausa) dene klausa (2) *bisa sirsiran maneh karo Trengginas* minangka perangan saking klausa (1) utawi kawastanan klausa pang. Klausa (2) minangka klausa pang mapan ing *fungsi* katrangan saking klausa (1). Babagan menika kabukten kanthi ngewahi dunungipun klausa (2) salebetipun ukara nginggil kados ing ngandhap menika.

(1.a) *Bisa sirsiran maneh karo Trengginas, Abrit seneng.*

(1.b) *Abrit bisa sirsiran maneh karo Trengginas, seneng.*

Saking kalih ukara nginggil dipunpanggihaken bilih klausa (2) *bisa sirsiran maneh karo Trengginas* saged dipunpindah papanipun. Klausa (2) saged mapan ing sangajengipun ukara miwiti klausa (1) saha saged mapan ing

antawisipun jejer kaliyan wasesa. Ukara (1.a) saha (1.b) tetep ngemu teges ingkang sami kaliyan ukara *Abrit seneng, bisa sirsiran malih karo Trengginas*, sanajan klausa (2) dipunewahi dunungipun.

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *Abrit seneng, bisa sirsiran malih karo Trengginas* saged dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), *Abrit* minangka jejer, *seneng* minangka wasesa, dene ing klausa (2), *bisa sirsiran maneh* minangka wasesa, *karo Trengginas* minangka katrangan penyerta. Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *Abrit seneng, bisa sirsiran malih karo Trengginas* inggih menika J – W + W – K. penyerta. Ukara menika kalebet ukara camboran sungsun amargi kedadosan saking babon klausa saha klausa pang. Salajengipun, panggandhengipun kalih klausa ing ukara camboran sungsun menika boten dipunserat utawi dipunsingidaken. Ing ukara camboran sungsun, tembung panggandheng tansah mapan ing klausa pangipun. Ing ukara nginggil, klausa pang *bisa sirsiran maneh karo Trengginas* minangka *fungsi* katrangan. Awit saking menika, *struktur fungsi sintaksis* ukaranipun dados J – W + [Ø] - W – K. *Struktur fungsi sintaksis* menika menawi dipunandharaken ing ukara nginggil kados ngandhap menika.

(1.c) *Abrit seneng, (konjungsi) bisa sirsiran maneh karo Trengginas.*
 J W [Ø] W K

Menawi dipuntingali saking tegesing klausa-klausanipun, ukara menika dipunperang dados babon klausa saha klausa pang. Babon klausanipun *Abrit seneng*, dene klausa pangipun *bisa sirsiran maneh karo Trengginas*. Babon klausa *Abrit seneng* minangka kahanan utawi prastawa ingkang kedadosan saking klausa pang *bisa sirsiran maneh karo Trengginas*. Wondene, klausa pang *bisa sirsiran*

maneh karo Trengginas minangka sebab saking tembung kriya *seneng* ing babon klausa. Babagan menika, amargi klausa pang minangka wangsulane saking pitakenan *kenging menapa seneng?*. Kanthi dhasar menika, klausa pang saged dipunparingi tembung panggandheng **amarga** kados ukara ngandhap menika.

(1.d) *Abrit seneng [amarga] bisa sirsiran maneh karo Trengginas.*

Panganggenipun tembung panggandheng **amarga** ing klausa pang, minangka tembung panggandheng *subordinatif* ingkang nedahaken *sesambetan teges sebab* saking prastawa ing babon klausa. Wonten ing ukara (1.d) menika, klausa pang minangka katrangan sebab.

Tembung panggandheng ingkang satunggal jenis kaliyan **amarga** inggih menika **merga, gara-gara, mergane, rehne, soale, sebab** (Wedhawati, 2001: 513). Panganggenipun tembung panggandheng ukara menika saged dipungantos kaliyan panggandheng sanesipun dados ukara ngandhap menika.

(1.e) *Abrit seneng* $\left\{ \begin{array}{l} \textit{amarga} \\ \textit{merga} \\ \textit{gara-gara} \\ \textit{mergane} \\ \textit{rehne} \\ \textit{soale} \\ \textit{sebab} \end{array} \right\}$ *bisa sirsiran maneh karo Trengginas.*

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **merga, sebab, gara-gara** kalebet tembung panggandheng *monomorfemis*. Tembung panggandheng **merga, rehne, sebab, gara-gara** awujud tembung lingga saha

dereng pikantuk wuwuhan tartamtu. Salajengipun, tembung panggandheng **amarga**, **mergane**, **soale** kalebet tembung panggandheng *polimorfemis*. Tembung panggandheng menika lingganipun pikantuk wuwuhan panambang *-e* (*-ne*) inggih menika:

amarga → a- + marga

mergane → merga + -e

soale → soal + -e

Tembung panggandheng **amarga** kedadosan saking ater-ater *-a* saha tembung lingga *marga*. Tembung panggandheng **mergane** kedadosan saking tembung lingga *merga* saha panambang *-e*. Pungkasanipun tembung lingga *merga* awujud vokal, saengga sesampunipun pikantuk panambang *-e* malih dados **mergane**. Babagan menika amargi panambang *-e* malih dados *-ne*. Salajengipun, tembung panggandheng **soale** kedadosan saking tembung lingga *soal* saha panambang *-e*. Pungkasanipun tembung lingga *soal* awujud konsonan, saengga sesampunipun pikantuk panambang *-e* boten malih dados **soale**. Babagan menika amargi panambang *-e* boten ewah dados *-ne*.

Saking andharan nginggil dipunpanggihaken bilih tembung panggandheng minangka panggandhengipun klausa-klausa ing ukara camboran. Menawi dipuntingali saking teges ukara camboranipun, tembung panggandheng gadhah paedah kangge ngandharaken sesambetanipun perangan-perangan ukara (klausa-klausa) ingkang dipungandheng. Tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran ndadosaken tegesipun ukara camboran menika boten cetha. Pramila, kedah dipunadani panaliten kangge manggihaken

tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran. Panaliten ingkang badhe dipuntindakaken dening panaliti menika dipunsukani irah-irahan “Tembung Panggandheng ingkang Dipunsingidaken ing Ukara Camboran salebetipun *Novel* Cintrong Paju-Pat Anggitanipun Suparto Brata”.

B. Underaning Perkawis

Saking andharan dhasaring panaliten ing nginggil dipunpangguhaken saperangan perkawis. Perkawis-perkawis ingkang kapanggihaken antawisipun inggih menika:

1. tembung panggandheng utawi *konjungsi* dipunbetahaken kangge nggandheng klausa ing ukara camboran,
2. pangangenipun tembung panggandheng ing ukara camboran wonten ingkang sinerat lan wonten ingkang dipunsingidaken,
3. wujudipun tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran maneka warni,
4. papanipun tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran boten tamtu,
5. jinisipun tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken gumantung kaliyan klausa-klausa ingkang mujudaken ukara camboran,
6. sesambetan *makna* ingkang dipunwujudaken tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken gumantung *konteks* wacana ingkang ngemot ukara camboran saha sesambetan *makna* klausa-klausa ingkang mujudaken ukara camboran.

C. Watesaning Perkawis

Saking underaning perkawis ing nginggil, boten sedaya perkawis dipunrembag ing panaliten menika. Panaliten menika dipunwatesi kangge ngrembag tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran, mliginipun inggih menika.

1. Wujudipun tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata.
2. Jinising tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata.
3. Sesambetan *makna* ingkang dipunwujudaken dening tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata.

D. Wosing Perkawis

Watesaning perkawis ing nginggil dipunrembag adhedhasar wosing perkawis. Pirembagan panaliten menika ngandharaken wangsulan saking pitakenan wosing perkawis ingkang dipunsusun kados ing ngandhap menika.

1. Kados pundi wujudipun tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata?
2. Menapa jinising tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata?

3. Sesambetan *makna* menapa ingkang dipunwujudaken dening tembung panggandheng ingkang dipunsingitaken ing ukara camboran salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata?

E. Ancasing Panaliten

Saking wosing perkawis nginggil dipunpanggihaken ancasing panaliten.

Ancasipun panaliten kados ta ing ngandhap menika:

1. ngandharaken wujudipun tembung panggandheng ingkang dipunsingitaken ing ukara camboran salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata,
2. ngandharaken jinising tembung panggandheng ingkang dipunsingitaken ing ukara camboran salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata,
3. ngandharaken sesambetan *makna* ingkang dipunwujudaken dening tembung panggandheng ingkang dipunsingitaken ing ukara camboran salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata.

F. Paedahing Panaliten

Asilipun panaliten menika kaangkah saged maringi paedah kanthi *teoretis* saha *praktis*. Paedahipun asiling panaliten kados ing ngandhap menika.

1. Paedah *teoretis*

Panaliten menika saged nambah *hasanah* panaliten babagan ngelmu *morfologi* mliginipun ngrembag babagan wujudipun tembung panggandheng, lan ugi

ngelmu *sintaksis* mliginipun babagan jinis saha sesambetan *makna* ingkang dipunwujudaken tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran salebetipun *novel* Jawi.

2. Paedah *praktis*

Panaliten menika saged mbiyantu para pangangge basa Jawi saha masarakat Jawi gladhen nyerat ukara saha ngecakaken tembung panggandheng ingkang trep salebetipun ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken.

G. Pangertosan

1. Tembung panggandheng inggih menika tembung tugas ingkang nggandheng satunggaling perangan *sintaksis* kaliyan perangan *sintaksis* tartamtu kados tembung, frasa, klausa, ukara, menapa dene *paragraf* ing salebetipun wacana.
2. Tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing panaliten menika, awujud boten sineratipun tembung panggandheng ingkang dipunginakaken kangge nggandheng klausa-klausa ing ukara camboran.
3. Ukara camboran inggih menika ukara ingkang kedadosan saking kalih klausa utawi langkung saengga mujudaken ukara enggal kanthi pangertosan ingkang trep lan runtut.

BAB II GEGARAN TEORI

A. Widya Ukara (*Sintaksis*)

Chaer (1994: 206) ngandharaken bilih *sintaksis* (ing basa Jawi sinebut widya ukara) asalipun saking basa Yunani inggih menika tembung *sun* saha *tattein*. *Sun* ateges ‘mapanaken/ ngatur’, dene *tattein* ateges ‘kanthi sesarengan’. Dados, saking *etimologinipun*, *sintaksis* tegesipun ‘mapanaken tembung-tembung kanthi sesarengan dados reroncening tembung utawi ukara’.

Sasangka (2001: 127) ngandharaken bilih ingkang dipunrembag ing widya ukara boten namung ukara nanging ugi frasa saha klausa. Frasa, klausa saha ukara boten saged kapisahaken satunggal lan sanesipun, amargi tigang perangan menika wonten sambet rapetipun. Bab menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Miller (1980: 346) ingkang ngandharaken, *syntax has to do with how words are put together to build phrases, with how phrases are put together to build clauses or bigger phrases, and with how clauses are put together to build sentences*. Tegesipun pamanggihipun Miller menika, bilih ‘*sintaksis* sesambetan kaliyan kados pundi nggabung tetembungan kangge mujudaken frasa, kados pundi nggabung frasa kangge mujudaken klausa, utawi frasa ingkang langkung ageng, saha kados pundi nggabung klausa kangge mujudaken ukara’. Tuladha pirembagan widya ukara, antawisipun kados ing ngandhap menika.

(1) *Darmiyati lagi adus ing kali.*

Tuladha (1) saged dipunandharaken ngginakaken widya ukara. Saking perangan ukaranipun, tuladha ing nginggil kedadosan saking satunggal klausa

inggih menika *Darmiyati lagi adus ing kali*, saengga kawastanan ukara lamba. Ukara ing nginggil ugi kalebet ukara carios amargi kapungkasan kanthi tandha pamaos titik. Saking perangan klausanipun, ukara ing nginggil ngemot jejer (J), inggih menika *Darmiyati*, wasesa (W) inggih menika *lagi adus*, saha katrangan (K) inggih menika *ing kali*. Saben *fungsi* ukara ing klausa menika kedadosan saking tembung saha frasa. *Darmiyati* minangka tembung, dene *lagi adus* saha *ing kali* minangka frasa. *Darmiyati* minangka tembung aran, *lagi adus* minangka frasa kriya, saha *ing kali* minangka frasa ancer-ancer. Saking perangan frasanipun, kalih frasa menika kedadosan saking kalih tembung. Frasa *lagi adus* kedadosan saking tembung tambahan *lagi* saha tembung kriya *adus*. Wondene, frasa *ing kali*, kedadosan saking tembung ancer-ancer *ing* saha tembung tambahan *kali*.

Rerangkening tetembungan kangge mujudaken frasa, klausa saha ukara boten pareng dipunronce sakecanipun piyambak, ananging kedah mujudaken *makna* kanthi *gramatikal*. Perangan ingkang nemtokaken *makna gramatikal* saking frasa, klausa saha ukara inggih menika urutanipun tembung, wujudipun tembung, *intonasi* saha tembung tugas (<http://Kalimat dalam Gamitan Wacana.pdf>sintaksis.pdf-Adobe Reader).

Saking pamanggihipun para ahli menika, saged kaandharaken bilih widya ukara inggih menika perangan ngelmu basa ingkang ngrembag rerangkening tetembungan dados satunggaling frasa, klausa saha ukara manut pranatan tartamtu.

B. Ukara

1. Pangertosan Ukara

Ukara minangka salah satunggaling perangan widya ukara ingkang kedadosan saking perangan klausa. Miturut Sasangka (2001: 140), ukara inggih menika rerangkening tembung ingkang saged ngandharaken satunggaling kekajengan kanthi jangkep satunggal bab. Ing ukara sinerat, Moeliono (2003: 254) ngandharaken bilih ukara kawiwitan kanthi aksara murda lan kapungkasan kanthi tandha titik, koma, titik koma, tandha seru, utawi tandha pitaken. Wondene, ing madyaning ukara sinerat saged ugi dipunsukani tandha pamaos kados ta spasi, koma, titik koma, utawi titik kalih. Andharan ukara nginggil kados rerangkening tembung ing ngandhap menika.

(2) *Kuwi bakal maratuwamu!*

(3) *Mesthi wae Jeng Arum ora ngreti apa karepotanmu saiki, wong wis sawatara wektu kowe ora gayutan karo Bale Prodhuksi Manahira Ads.*

(4) *Nak Luhur ora melu ngomong?* (Brata, 2010: 32)

Tigang ukara ing nginggil ugi netepi pamanggihipun Antonsuhono (1956: 7) ingkang ngandharaken bilih ukara ingkang sae, dipunsungsun kanthi pranatan tartamtu. Salah satunggaling pranatan inggih menika saben ukara kedah wonten jejer saha wasesanipun. Wondene, lisan, geganep saha katrangan boten kedah wonten ing ukara.

Andharan nginggil nedahaken titikanipun satunggaling ukara. Bab menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Nurhayati saha Siti Mulyani (2006: 122) ingkang ngandharaken bilih titikanipun ukara antawisipun inggih menika

(1) perangan basa, (2) rantaman tetembungan, (3) saged madeg piyambak, (4) wonten *intonasi* pungkasan, lan (5) kedadosan saking klausa.

Saking pamanggihipun para ahli menika, ingkang kawastanan ukara ing basa sinerat inggih menika perangan basa awujud rerangkening tembung ingkang saged ngandharaken gagasan jangkep satunggal bab kanthi susunan *gramatikal* ingkang tumata.

2. Fungsi *Sintaksis* ukara

Satunggaling ukara saged dipuntingali saking *fungsi sintaksis* saben tembungipun. Miturut Sasangka (2001: 142), *fungsi sintaksis* ukara saged dipunpilah-pilah dados jejer (J), wasesa (W), lesan (L), geganep (G), saha katrangan (K). Saking gangsal *fungsi sintaksis* menika, *fungsi* jejer lan wasesa kedah wonten ing satunggal ukara. Titikan jejer, wasesa, lesan, geganep saha katrangan kados andharan ing ngandhap menika.

1) Jejer

Miturut Antonsuhono (1956: 9), jejer inggih menika perangan ukara ingkang dipunandharaken, utawi ingkang dipungunem, utawi ingkang dipuncariosaken mobah-mosikipun. Jejer limrahipun dumunung ing ngajeng, ananging kadhang kala wonten ingkang dumunung ing madya utawi pungkasaning ukara (Sasangka (2001: 143). Miturut Wedhawati (2006: 462-464), titikan jejer antawisipun inggih menika.

a) Jejer minangka wangsulana saking pitakenan *apa* utawi *sapa*. Panandha pitakenan *apa* kangge nakenaken jejer awujud *noninsani*, dene *sapa* kangge nakenaken jejer awujud *insani*.

(5) **Doni sinau**

Jejer ing ukara nginggil inggih menika *Doni*. Bab menika amargi *Doni* minangka wangsulan saking pitakenan *sapa kang sinau?*

- b) Tembung *iku* saged dipunserat sesampunipun jejer. Panganggenipun tembung *iku* kangge paring panandha, bilih jejer dede awujud nama tiyang, nama dhiri (kados ta nagari, kota) utawi tembung sesulih. Bab menika amargi jejer sampun mujudaken sipat ingkang tamtu.

(6) **Wardi** lagi ngarang *cerkak*.

(7) **Indonesia** isih dilandha krisis ekonomi.

(8) **Dheweke** ora rumangsa nyimpen barang mau.

(9) **Bocah cilik iku** pancen pinter.

Ukara (6), (7), saha (8), jejeripun asipat tamtu. Ing ukara (6), tembung *Wardi* minangka nama tiyang, ing ukara (7), tembung *Indonesia* minangka nama nagari, saha ing ukara (8), tembung *dheweke* minangka tembung sesulih. Dene, ukara (9) tembung *iku* ing *fungsi* jejer dipunginakaken kangge paring tandha jejer ingkang pesthi. Frasa *bocah cilik iku* tegesipun ‘*bocah cilik ingkang papanipun radi tebih saking pamicara*’.

- c) Jejer saged dipunandharaken kanthi katrangan piwates *sing*. Tembung *sing* dipunginakaken kangge paring katrangan piwates jejer.

(10) **Mobil sing coklat enom iku** didol Bapak.

Jejer ing ukara (10) inggih menika *mobil sing coklat enom iku*. Frasa *sing coklat enom iku* minangka katrangan piwates saking mobil.

- d) Jejer saged dipunisi tembung aran, frasa aran, tembung kriya, frasa kriya, tembung kaanan, saha frasa kaanan.

(11) **Pungkas** lagi dolanan.

- (12) **Bocah cilik loro mau ambyur neng kali.**
 (13) **Olahraga bisa nyehatake awak.**
 (14) **Mancing iku bisa ngilangake stres.**
 (15) **Kasar nudhuhake watake wong sing keras.**
 (16) **Ayu iku durung mesthi kelakuane apik.**

Saking ukara-ukara nginggil dipunpangguhaken perangan *sintaksis* ingkang ngisi fungsi jejer. *Pungkas* minangka jejer ukara (11) awujud tembung aran. *Bocah cilik loro mau* minangka jejer ukara (12) awujud frasa aran. *Olahraga* minangka jejer ukara (13) awujud tembung kriya. *Mancing iku* minangka jejer ukara (14) awujud frasa kriya. *Kasar* minangka jejer ukara (15) awujud tembung kaanan. *Ayu iku* minangka jejer ukara (16) awujud frasa kaanan.

- e) Jejer boten saged dipunandharaken kanthi tembung ancer-ancer *neng* utawi *marang*. Bab menika amargi *neng* kaliyan *marang* nuwuhaken *fungsi* katrangan.

- (17) **Marang mahasiswa sing durung nglunasi dhuwit kuliah diwenahi kesempatan nemoni Kepala Bagian Pendidikan.**
 (18) **Ing Indonesia lagi ningkatake ekspor nonmigas.**

Ukara (17) saha (18) mujudaken ukara tanpa jejer. Bab menika amargi perangan widya ukara ingkang saged dados jejer kaparingan tembung *marang* saha *ing* saengga perangan menika dados katrangan ancas saha katrangan papan. Ukara nginggil gadhah jejer menawi tembung *marang* saha *neng* dipunicalaken kados ukara ngandhap menika.

- (17.a) **Mahasiswa sing durung nglunasi dhuwit kuliah diwenahi kesempatan nemoni Kepala Bagian Pendidikan.**
 (18.a) **Indonesia lagi ningkatake ekspor nonmigas.**

f) Jejer saged dipunandharaken ngangge tembung *menawa*.

(19) *Menawa dheweke ora salah* wis dibuktekake.

Ukara (19) minangka ukara tanggap. *Menawa dheweke ora salah* awujud jejer ing ukara tanggap.

2) Wasesa

Miturut Antonsuhono (1956: 11), wasesa inggih menika sedaya tembung ingkang ngandharaken jejer, ing babagan solah-bawanipun utawi kaanipun. Satunggaling ukara tanpa wasesa boten saged dipunwastani ukara, nanging frasa (Sasangka, 2001: 147). Awit saking menika, wasesa minangka punjering ukara. Miturut Wedhawati (2006: 465-468), titikan wasesa antawisipun inggih menika.

a) Wasesa minangka wangsulan saking pitakenan *ngapa, kepiye, sepira, neng endi saha dadi apa*.

(20) *Budiono nulis laporan*.

(21) *Wong tuwane Supri sehat-sehat*.

(22) *Mahasiswa Fakultas Sastra tingkat siji rong atus seket wong*.

(23) *Sepuluh mahasiswa Sastra UI neng Kecamatan Mororejo*.

(24) *Aryati wartawan majalah Femina*.

Saking ukara-ukara nginggil dipunpanggihaken perangan widya ukara awujud wangsulan saking saperangan pitakenan. *Nulis minangka wasesa ukara*

(20) awujud wangsulan saking pitakenan *Budiono lagi ngapa? Sehat-sehat*

minangka wasesa ukara (21) awujud wangsulan saking pitakenan *kepiye*

kahanan wong tuwane Supri? Rong atus seket wong minangka wasesa ukara

(22) awujud pitakenan saking pitakenan *pira cacah mahasiswa Fakultas*

Sastra tingkat siji? Neng Kecamatan Mororejo minangka wasesa ukara (23)

awujud wangsulan saking pitakenan *neng ndi sepuluh mahasiswa Sastra UI*

*saiki? Wartawan majalah Femina minangka wasesa ukara (24) awujud wangsulun saking pitakenan Ariyati **dadi apa?***

b) Wasesa saged dipunwiwiti kanthi tembung *yaiku*. Tembung *yaiku* dipunginakaken nalika wasesa awujud tembung wilangan utawi frasa wilangan.

*(25) Jumlah pelamar lulusan sarjana neng lingkungan Departemen Keuangan, **yaiku 25 uwong.***

c) Wasesa saged dipundadosaken tembung ingked kanthi kaparingan tembung *ora, dudu* utawi *aja*.

Tembung *ora* kangge damel selakipun wasesa awujud tembung kriya kados ing ukara (26), tembung kaanan kados ing ukara (27), utawi frasa ancer-ancer kados ing ukara (28), ngandhap menika.

*(26) Bandiyah **ora kelingan** pituture swargi ibune.*

*(27) Omahe **ora adoh.***

*(28) Tekane **ora saka kidul.***

Tembung “*dudu*” kangge damel selakipun tembung aran kados ing ukara (29), frasa aran kados ing ukara (30) utawi tembung wilangan kados ing ukara (31), ngandhap menika.

*(29) Dheweke **dudu polisi.***

*(30) Ani **dudu kanca sekolahku.***

*(31) Dhuwitku **limang ngatus.***

Tembung *aja* kangge damel selakipun tembung kriya kados ing ukara (32), frasa kriya kados ing ukara (33), tembung wilangan kados ing ukara (34), tembung kaanan kados ing ukara (35), tembung aran kados ing ukara (36) saha frasa ancer-ancer kados ing ukara (37), ngandhap menika.

*(32) Kowe **aja dolan.***

*(33) Anakmu **aja oleh mangan** panganan sing nganggo lenga.*

- (34) *Saben regune **aja enem**.*
 (35) *Samake buku matematika **aja abang**.*
 (36) *Sing digawa **aja sandal**.*
 (37) *Adhimu **aja neng mburiku**.*

d) Wasesa saged dipunwiwiti kanthi tembung *arep, durung, lagi* utawi *gelem*, kados ukara ngandhap menika.

- (38) *Ibu **arep ngasahi** piring.*
 (39) *Aku **durung maca** koran.*
 (40) *Simbah kakung **lagi pijet**.*
 (41) *Anakmu **gelem diperiksakake** dhokter.*

e) Wasesa saged dipunisi tembung kriya, frasa kriya, tembung aran, frasa aran, tembung kaanan, frasa kaanan, tembung wilangan, frasa wilangan, utawi frasa ancer-ancer. Cak-cakanipun wasesa awujud perangan sintaksis menika saged dipuntingali ing titikan wasesa (c).

3) Lesan

Miturut Wedhawati (2006: 469), lesan inggih menika perangan ingkang diles utawi dipunener dening tumindak ingkang dipunandharaken wasesa. Satunggaling ukara wonten *fungsi* lesanipun menawi wasesa awujud tembung kriya tanduk (Sasangka (2001: 149). Awit saking menika, *fungsi* lesan saged kedadosan saking tembung aran, tembung sesulih utawi tetembungan ingkang dipundamel tembung aran (Antonsuhono, 1956: 17). Salajengipun, Sasangka (2001: 150) ngandharaken titikan lesan antawisipun inggih menika.

a) Lesan dumunung ing pungkasing wasesa ingkang awujud tembung kriya tanduk.

- (42) *Ibu mundhutake **adhik** sepatu.*
 (43) *Mundhutake **adhik** sepatu, Ibu.*

Lesan tetep dumunung ing pungkasing wasesa sanajan ing konstruksi *normal* menapa dene *inversi*.

b) Lesan saged dados jejer menawi ing ukara tanggap.

(44) *Asu ajake ngoyak kancil.*

(45) ***Kancil*** *dioyak asu ajage.*

Ukara (44) minangka ukara tanduk dene ukara (45) minangka ukara tanggap. Sanajan lesan ewah dados jejer, saking tegesnipun lesan tetep dados perangan ingkang dipunener dening menapa ingkang dipunandharaken wasesa.

c) Lesan boten saged kawiwitan tembung ancer-ancer.

(46) *Motinggo Busje nulis novel.*

(47) *Motinggo Busje nulis ing novel.*

Lesan ingkang pinaringan tembung ancer-ancer malih dados katrangan.

d) Ing antawisipun wasesa saha lesan, lesan boten saged sinela fungsi sanes.

(48) *Uwong mau ngeterake anake.*

Ukara menika nedahaken menawi lesan sinerat langsung ing sawingkingipun wasesa.

4) Geganep

Miturut Sasangka (2001: 153), geganep inggih menika perangan ukara kangge njangkepi wasesa. Ukara mawi geganep namung wonten menawi wasesnipun tembung kriya. Miturut Wedhawati (2006: 470-472) titikan geganep antawisipun inggih menika.

a) Geganep dumunung ing sisih tengenipun wasesa. Ananging menawi ing ukara menika, sawingkingipun wasesa wonten lesanipun, geganep dumunung ing sisih tengen *fungsi* lesan kados ukara ngandhap menika.

- (49) *Sugeng golek **gaweyan**.*
 (50) *Titik nukokake dhuku **pacangane**.*

b) Geganep boten saged dados jejer ing ukara tanggap.

- (51) ***Dheweke** kalah main.*
 (52) *Main dikalah **dheweke**.*

c) Geganep saged dipunisi tembung aran kados ing ukara (53), frasa aran kados ing ukara (54), tembung kriya kados ing ukara (55), frasa kriya kados ing ukara (56), tembung kaanan kados ing ukara (57), frasa kaanan kados ing ukara (58), tembung wilangan kados ing ukara (59), frasa wilangan kados ing ukara (60) saha frasa ancer-ancer kados ing ukara (61), ngandhap menika.

- (53) *Danuri saiki wis duwe **omah**.*
 (54) *Buku fisika asamak **kertas manila coklat**.*
 (55) *Sekar Langit ajar **nglukis**.*
 (56) *Rani lan Tono madheg **anggone gandhengan tangan**.*
 (57) *Sikape Budiono malih **umuk**.*
 (58) *Aten-atene Simbah Kakung iku kena diarani **gampang-gampang angel**.*
 (59) *Saiki wedhuse Gimin dadi **enem**.*
 (60) *Wulan April bayare pegawai negeri mundhak **sewidak papat ewu**.*
 (61) *Sugiyanto lan bojone manggon **ing Jatimulya**.*

5) Katrangan

Miturut Antonsuhono (1956: 18), katrangan inggih menika perangan ukara ingkang dados katrangan tembung sanes. Andharan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Wedhawati (2001: 472) bilih katrangan minangka perangan ukara ingkang paring andharan langkung, kados ta ngandharaken babagan papan, titi mangsa, utawi tatacara. Miturut Sasangka (2001: 157), titikan katrangan antawisipun inggih menika.

a) Katrangan mujudaken perangan ingkang boten kedah wonten ing ukara.

- (62) *Karti lagi ngumbahi sandhangane **ing kali**.*
 (63) *Karti lagi ngumbahi sandhangane.*

Ukara (62) nedahaken, sanajan katrangan dipunicalaken wosing ukara tetep sami kaliyan ukara (63).

- b) Katrangan saged ewah dunungipun, saged ing pungkasaning ukara, kawitaning ukara, saha saged dumunung ing antawisipun jejer saha wasesa.

(64) *Sumure Tulus kecemplungan pitik **dhek mau esuk**.*

(65) ***Dhek mau esuk** sumure Tulus kecemplungan pitik.*

(66) *Sumure Tulus **dhek mau esuk** kecemplungan.*

Sanajan dunungipun katrangan ewah, nanging boten damel wosing ukara ewah.

- c) Katrangan saged dipunisi frasa ancer-ancer, tembung katrangan, utawi frasa katrangan.

(67) *Purwanto pamit **marang Pak Seno**.*

(68) ***Saiki** awake lagi krasa lara kabeh.*

(69) *Aku dhewe mung tuku spreng bathik **marga dhuwite mepet**.*

3. Ukara Adhedhasar Cacahing Klausa

Jinising ukara saged kaperang dados maneka warni. Salah satunggalipun inggih menika jinising ukara adhedhasar cacahing klausa. Miturut Sasangka (2001: 136) klausa inggih menika rerangkening tembung ingkang sampun ngandharaken satunggaling gagasan utawi satunggaling bab. Alwi (2003: 39) paring tambahan bilih klausa ngemot jejer saha wasesa kados dene ukara. Andharan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Burchfield (1996: 149) ingkang ngandharaken *The essential nature of a clause is that it should have a subject and a predicate*, tegesipun inggih menika ‘satunggaling klausa kedah gadhah jejer saha wasesa’. Bedanipun ukara kaliyan klausa saged kaandharaken kados ukara ngandhap menika.

(70) *dheweke lagi maca buku*

(71) *Dheweke lagi maca buku.*

Saking tuladha ing nginggil, bedanipun klausa kaliyan ukara ketingal saking wonten botenipun tandha pamaos ing pungkasan reroncening tembung. Tandha pamaos menika minangka panandha *intonasi*. Ukara kapungkasan saking *intonasi* tartamtu, dene klausa boten. Kejawi menika, wonten ing basa sinerat, klausa boten kawiwitan aksara murda wondene, ukara kedah kawiwitan aksara murda.

Salajengipun, miturut Ramlan (2001: 79) perangan klausa menika saged katambahan lesan, geganep menapa dene katrangan lan saged ugi boten. Ateges perangan klausa ingkang wigatos namung jejer lan wasesa. Kadhang kala, klausa ingkang gadhah jejer sami dipungabung kaliyan klausa sanesipun saengga *fungsi* jejer dipunsingidaken. Kahanan menika ndadosaken, perangan klausa ingkang paling wigatos inggih menika wasesa. Awit saking menika, klausa asipat *predikatif* (Chaer, 2009: 150).

Saking pamanggihipun para ahli menika saged dipunandharaken bilih klausa inggih menika rerangkening tembung ingkang sipatipun *predikatif* saha ngandharaken satunggaling gagasan nanging dereng kapungkasan tandha pamaos tartamtu.

Miturut cacahing klausa, ukara saged kapilah dados kalih inggih menika ukara lamba saha ukara camboran. Ukara lamba inggih menika ukara ingkang kedadosan saking satunggal klausa. Wondene ukara camboran inggih menika ukara ingkang kedadosan saking kalih klausa utawi langkung. Ing panaliten menika, jinisipun ukara ingkang badhe dipunrembag inggih menika ukara camboran.

C. Ukara Camboran

1. Pangertosan Ukara Camboran

Miturut Nurhayati saha Siti Mulyani (2006: 123) ukara camboran inggih menika ukara ingkang kedadosan langkung saking satunggal babon klausa utawi sakirang-kirangipun kedadosan saking satunggal babon klausa saha satunggal klausa pang. Babon klausa inggih menika klausa ingkang saged madeg dados ukara piyambak, dene klausa pang inggih menika klausa ingkang boten saged madeg piyambak dados ukara (Herawati, 2000: 13-17).

Manunggalipun klausa-klausa ing satunggaling ukara camboran menika gadhah pangertosan ingkang cundhuk saha runtut (Antonsuhono, 1956: 28), saengga Parera (2009: 49) mastani bilih ukara camboran minangka ukara *poliklausa*. *Poliklausa* ateges klausa ingkang kathah. Kejawi menika, gabungipun klausa-klausa dados satunggal, ugi mujudaken ukara enggal ingkang ngemot kalih pola klausa utawi langkung (Gorys Keraf, 1984: 167).

Saking pamanggihipun para ahli menika, saged dipunandharaken bilih ukara camboran inggih menika ukara ingkang kedadosan saking kalih klausa utawi langkung saengga mujudaken ukara enggal kanthi pangertosan ingkang trep saha runtut.

2. Titikan Ukara Camboran

Sumarlam (2004: 260) ngandharaken bilih ukara camboran kedadosan saking kalih klausa utawi langkung. Saben klausa ing ukara camboran ngemot satunggal wasesa. Bab menika ateges bilih ukara camboran wonten kalih kahanan utawi langkung. Wondene, miturut Sudaryanto (1992: 158-160) titikaning ukara camboran antawisipun inggih menika.

- a. Satunggaling ukara kawastanan ukara camboran menawi ukara menika saged dipunpilah dados kalih klausa utawi langkung tanpa damel ewahipun wosing ukara.

(72) *Ibu ora setuju yen Swandaru sawung karo Yanti.*

(73) *Sugeng lan Tono nyilih dhuwit sewu marang aku.*

Ukara (72) saged dipunpilah dados kalih klausa tanpa damel ewahipun wosing ukara. Klausa saking ukara (73) inggih menika *ibu ora setuju saha Swandaru sawung karo Yanti*. Dene ukara (73) boten saged dipunpilah dados klausa *Sugeng nyilih dhuwit sewu marang aku* saha klausa *Tono nyilih dhuwit sewu marang aku*. Babagan menika amargi perangan klausa-klausanipun damel ewahipun wosing ukara. Awit saking menika ukara (72) kalebet ukara camboran dene ukara (73) boten kalebet.

- b. Gandhengipun klausa satunggal lan klausa sanesipun, wonten ingkang ngangge tembung panggandheng saha wonten ingkang boten. Ukara camboran tanpa tembung panggandheng tegesipun tembung panggandhengipun dipunsingidaken. Kahanan menika dipunwastani *pelesapan*. Sudaryanto (1985: 300) ngandharaken bilih *pelesapan* inggih menika prastawa icalipun utawi boten dipunandharakenipun perangan widya ukara tartamtu. Miturut Chomsky (ing Sugono, 1995: 93) tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran leres menawi tembung menika saged dipunwangsulaken ing ukaranipun.

(74) *Bab dheweke gelem colong jupuk, aku ora ngerti.*

(75) *Bu Marta ora ngerteni kedadayan iku sebab dheweke lagi lunga menyang Jakarta.*

Ukara (74) minangka ukara camboran tanpa tembung panggandheng ingkang sinerat kanthi urutan klausa-klausanipun. Klausa *bab dheweke gelem colong jupuk* dipunpisahaken saking klausa *aku ora ngerti* ngangge tandha pamaos koma (,). Dene ukara (75) minangka ukara camboran mawi tembung panggandheng. Klausa *Bu Marta ora ngerteni kedadean iku* dipunpisahaken saking klausa *dheweke lagi lunga menyang Jakarta* ngangge *tembung panggandheng sebab*.

- c. Perangan klausa-klausa ingkang dipungandheng boten tamtu jangkep.

(76) *Wong sing nyalawadi mau mudhun saka montor banjur mlebu toko emas.*

Ukara (76) mujudaken ukara camboran ingkang perangan klausanipun wonten ingkang boten jangkep utawi dipunsingidaken. Perangan ingkang dipunsingidaken inggih menika *wong sing nyalawadi mau* ing klausa kalih. Menawi klausa-klausa menika dipungandheng dados ukara ingkang jangkep dadosipun inggih menika:

(76.a) *Wong sing nyalawadi mau mudhun saka montor banjur wong sing nyalawadi mau mlebu toko emas.*

- d. Menawi perangan klausa-klausa ingkang dipungandheng wonten ingkang sami, perangan menika saged dipunsingidaken utawi dipungantos ngangge perangan sanes.

(77) *Amin katon loyo awit dheweke kurang turu.*

Ukara (77) minangka ukara camboran ingkang kedadosan saking kalih klausa. Kalih klausa inggih menika klausa (1) *Amin katon loyo* saha klausa (2) *dheweke kurang turu*. Tembung *Amin* ing klausa (1) saha tembung *dheweke* ing

klausa (2) tegesipun sami. Tembung *dheweke* minangka tembung sesulih kangge nggantos tembung *Amin*.

Ukara camboran saged dipunpilah dados kalih, inggih menika ukara camboran saajar saha ukara camboran sungsun. Miturut Nurhayati saha Siti Mulyani (2006: 123) ukara camboran saajar inggih menika ukara ingkang kedadosan saking klausa-klausa ingkang saged madeg piyambak. Wondene, miturut Sasangka (2001: 171) ukara camboran sungsun inggih menika ukara camboran ingkang kedadosan saking kalih klausa utawi langkung ananging antawisipun klausa satunggal lan sanesipun wonten ingkang nguwaosi ugi wonten ingkang dipunkuwaosi. Bedanipun ukara camboran saajar kaliyan ukara camboran sungsun saged dipuntingali saking sesambetan makna antawisipun klausa satunggal lan sanesipun saha jinisipun tembung panggandheng ingkang dipunginakaken kangge nggandheng klausa-klausanipun.

D. Tembung Panggandheng

Ukara camboran boten saged dipunpisahaken kaliyan tembung panggandheng. Babagan menika amargi tembung panggandheng dipunginakaken kangge nggandheng klausa-klausa ing ukara camboran.

1. Pangertosan Tembung Panggandheng

Fatimah (1993: 24) ngandharaken bilih tembung panggandheng kalebet tembung *tugas*. Tembung *tugas* inggih menika tembung utawi kempalan tembung ingkang damel satunggaling tembung gadhah *fungsi sintaksis* ing ukara. Khak (2000: 1) ngandharaken titikanipun tembung *tugas* antawisipun inggih menika (1) sipatipun *tertutup*, saha (2) namung nuwuhaken *makna gramatikal*.

Menawi dipuntingali saking paedahipun, tembung panggandheng dipunginakaken kangge nggandheng kalih perangan widya ukara utawi langkung (Anton M, Moeliono, 2003: 296). Perangan widya ukara ingkang dipungandheng, miturut Tarigan (1987: 101) boten namung tembung kaliyan tembung utawi frasa kaliyan frasa nanging ugi perangan sanes kados tembung kaliyan frasa, utawi frasa kaliyan klausa. Salajengipun, Sumarlam (2003: 32) paring tambahan bilih tembung panggandheng kalebet satunggaling perangan *kohesi gramatikal* salebetipun wacana.

Saking andharan para ahli menika dipunpanggihaken bilih tembung panggandheng inggih menika tembung tugas ingkang dipunginakaken kangge nggandheng kalih perangan widya ukara utawi langkung, kados tembung, frasa, klausa, ukara, menapa dene *paragraf* salebetipun wacana.

Tembung panggandheng ingkang badhe dipuntliti inggih menika tembung panggandheng ingkang dipunginakaken kangge nggandheng satunggal klausa kaliyan klausa sanesipun ing ukara camboran.

2. Wujuding Tembung Panggandheng ing Ukara Camboran

Miturut Sasangka (2001: 34), ngelmu ingkang ngrembag bab tembung saha ewahing tembung dados tembung sanes dipunwastani widya tembung utawi *morfologi*. Dene, Ramlan (2001: 44) ngandharaken bilih tembung minangka perangan ingkang kedadosan saking wandha utawi tembung kedadosan saking *morfem*.

Morfem inggih menika perangan basa paling alit ingkang kedadosan saking reroncening *fonem* saha mujudaken satunggaling *struktur* saha *makna*

gramatik tartamtu (Mulyana, 2007: 11). Salajengipun, piyambakipun milah *morfem* dados kalih inggih menika *morfem* bebas saha *morfem* iket. *Morfem* bebas inggih menika *morfem* ingkang saged madeg piyambak. *Morfem* iket inggih menika *morfem* ingkang boten saged madeg piyambak.

Menawi dipuntingali saking *morfem*ipun, miturut Wedhawati (2006: 385-403) wujudipun tembung panggandheng saged kaperang dados tiga inggih menika tembung panggandheng *monomorfemis*, tembung panggandheng *polimorfemis* saha tembung panggandheng wujud gabung.

a. Tembung panggandheng *Monomorfemis*

Tembung panggandheng *monomorfemis* inggih menika tembung panggandheng awujud tembung lingga utawi dereng pinaringan wuwuhan/*morfem* sanes. Inkang kalebet tembung panggandheng *koordinatif monomorfemis*, inggih menika **lan, utawa, apa, nanging, karo, banjur, nuli, tumuli, langsung, terus, tur, dene, sarta, uga, mung, duka, embuh, angger, awit, ben, lebar, nalika, kanthi, kaya, merga, saben** lan sapiturutipun. Kejawi menika, tembung panggandheng *monomorfemis* ugi saged dipunringkes kados ta:

nanging → *ning*

banjur → *njur*

b. Tembung panggandheng *Polimorfemis*

Tembung panggandheng *polimorfemis* inggih menika tembung panggandheng awujud tembung andhahan inggih menika tembung ingkang sampun ewah saking lingganipun utawi sampun pinaringan wuwuhan tartamtu. Tembung panggandheng awujud tembung andhahan antawisipun inggih menika

tembung ingkang kaparingan ater-ater a-, ater-ater sa- (se-), ater-ater ka- (ke-), seselan -in-, panambang -e (-ne), panambang -an, panambang -a (-na), gabungipun wuwuhan kaods ta ater-ater sa-/ saha panambang -e, lan ugi saged awujud tembung dwilingga. Tuladha tembung panggandheng *polimorfemis* antawisipun inggih menika.

1) Tuladha tembung panggandheng mawi ater-ater a-

a- + marga → *amarga*

a- + mrih → *amrih*

2) Tuladha tembung panggandheng mawi ater-ater sa- (se-)

sa-/ se- + upama → *saupama (seupama)*

sa- + uger → *sauger*

3) Tuladha tembung panggandheng mawi ater-ater ka- (ke-)

ka- (ke-) + lawan → *kalawan (kelawan)*

ka- (ke-) + timbang → *katimbang (ketimbang)*

4) Tuladha tembung panggandheng mawi seselan -in-

sambi + -in- → *sinambi*

5) Tuladha tembung panggandheng mawi panambang -e (-ne)

rikala + -e → *rikalane*

umpama + -e → *umpamane*

6) Tuladha tembung panggandheng mawi panambang -an

malah + -an → *malahan*

7) Tuladha tembung panggandheng mawi panambang -a (-na)

mungguh + -a → *mungguhna*

ben + -a → *bena*

8) Tuladha tembung panggandheng mawi gabung ater-ater *sa-* saha panambang-*e*

sa-/ -e + uwis → *sauwise*

se-/ -e + malik → *sawalike*

9) Tuladha tembung panggandheng awujud tembung dwilingga

gek + U → *gek-gek*

kaya + U → *kaya-kaya*

c. Tembung panggandheng wujud gabung.

Tembung panggandheng menika awujud gandhengipun kalih utawi tigang tembung panggandheng. Tuladhanipun tembung panggandheng wujud gabung antawisipun:

lan tundhone *apa maneh banjur* *kadi dene*

tur malah *lan banjur malah* *ewadene*


3. Jinisipun Tembung Panggandheng ing Ukara Camboran

Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken ing ukara camboran gumantung dhateng tegesipun klausa-klausa ingkang dipungandheng saha paedahing tembung panggandheng. Miturut Sasangka (2001: 121), tembung panggandheng ing ukara camboran dipunpilah dados kalih inggih menika tembung panggandheng *koordinatif* saha tembung panggandheng *subordinatif*.

a. Tembung Panggandheng Koordinatif

Miturut Sasangka (2001: 121) tembung panggandheng ing ukara camboran saajar kawastanan tembung panggandheng *koordinatif*. Babagan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Sudaryanto (1992: 115) bilih tembung

panggandheng *koordinatif* inggih menika tembung panggandheng ingkang dipunginakaken kangge nggandheng kalih klausa utawi langkung ingkang sami wigatosipun utawi sajajar. Salajengipun, Sudaryanto (1992: 161) ngandharaken gambaran papan tembung panggandheng *koordinatif* ing ukara camboran sajajar kados bagan ing ngandhap menika.



Bagan 1. Tembung panggandheng *koordinatif* ing ukara camboran sajajar

Kalih klausa nginggil saged madheg dados ukara piyambak inggih menika (1) *Dodi kepengin tuku pit saha* (2) *Dodi ora duwe dhuwit*. Kekalih klausa menika gadhah teges ingkang boten gumantung saking klausa sanes saha sami wigatosipun. Dene, tembung panggandheng **nanging** boten saged dipunpindhah papanipun utawi dunungipun tetep ajeg ing antawisipun klausa (1) kaliyan klausa (2).

Wedhawati (2006: 530-540) ngandharaken bilih tembung panggandheng *koordinatif* saged dipunpilah adhedhasar sesambetan *makna* antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun. Tembung panggandheng-tembung panggandheng menika antawisipun kados ing ngandhap menika.

1) Tembung panggandheng *koordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* sesambungan

Tembung panggandheng *koordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* sesambungan dipunginakaken kangge nggandheng prastawa, kahanan,

utawi tindak-tanduk ingkang sesambungan satunggal lan sanesipun. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken inggih menika **lan, sarta, uga, dene, apa dene, lan banjur, lan sabanjure, lan terus, terus, lan sabanjure, lan malah, lan wusanane, lan akhire, lan tundhone, lan wekasane, lan tundhone, lan wekasane, lan akibate, lan wusanane, lan banjur malah, lan terus malah, lan malah banjur, lan malah terus**. Panganggenipun tembung panggandheng-tembung panggandheng ing nginggil saged gegantosan kados ukara camboran ing ngandhap (Wedhawati , 2006: 533-535).

(78) *Widuri ngelekake mripate* $\left\{ \begin{array}{l} \textit{lan} \\ \textit{sarta} \\ \textit{uga} \end{array} \right\}$ *ngobahake lambe.*

Tembung panggandheng **lan, sarta, uga**, nginggil mujudaken sesambetan *makna* wetah saking andharan prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ing klausa kalih sinambungan kaliyan andharan klausa sepisan.

(79) *Pak Jamingan ngidak-idak dhelene* **dene** *Mbok Jamingan ngguwangi kulite.*

(80) *Tamu lawak bisa kanggo nambani lara keputihan* **apa dene** *ngilangi gandha kringet.*

Tembung panggandheng **dene, apa dene**, nginggil mujudaken sambungipun prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ing klausa kalih kaliyan andharan klausa sepisan. Ananging, andharan klausa kalih minangka prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ingkang beda kaliyan menapa ingkang dipunandharaken ing klausa sepisan.

(81) *Kanthi kawanene Ambararum maju* $\left\{ \begin{array}{l} \textit{lan banjur} \\ \textit{lan terus} \\ \textit{lan sabanjure} \\ \textit{lan sateruse} \end{array} \right\}$ *ngadhepi Pragula.*

Tembung panggandheng **lan banjur, lan sabanjure, lan terus, terus, lan sabanjure** nginggil mujudaken sesambetan *makna* sambungipun prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk kanthi urutan ing ukara. Klausa kalih ngandharaken prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ingkang kedadosan sesampunipun andharan klausa sepisan.

(82) *Jaka Mada bisa ngandhani antemane Surajaya lan malah bisa ngasorake Surajaya.*

Tembung panggandheng **lan malah** nginggil mujudaken sesambetan *makna* sambungipun prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk saking andharan klausa-klausa ingkang dipungandheng. Klausa kalih ngandharaken prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ingkang langkung pinunjul saking andharan klausa sepisan.

(83) *Lintang ngruket Gina kanthi kenceng* $\left. \begin{array}{l} \textit{lan wusanane} \\ \textit{lan akhire} \\ \textit{lan tundhone} \end{array} \right\}$ *ngakoni kaluputane.*

Tembung panggandheng **lan wusanane, lan akhire, lan tundhone** nginggil mujudaken sesambetan *makna* sambungipun prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk saking andharan klausa-klausa ingkang dipungandheng. Dene, klausa kalih ngandharaken pungkaspun satunggaling prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ingkang kedadosan.

(84) *Tetandhurane Pak Rejo kaserang ama* $\left\{ \begin{array}{l} \textit{lan wekasane} \\ \textit{lan wusanane} \\ \textit{lan akibate} \end{array} \right\}$ *padha mati.*

Tembung panggandheng **lan wekasane, lan wusanane, lan akibate** nginggil mujudaken sesambetan *makna* sambungipun prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk saking andharan klausa-klausa ingkang dipungandheng. Dene,

klausa kalih ngandharaken akibat saking prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ing klausa sepisan.

(85) *Sulastri kebacut sedheng karo ndhuwure* $\left\{ \begin{array}{l} \textit{lan banjur malah} \\ \textit{lan terus malah} \end{array} \right\}$ *lelorone*
kuwi diwetokake saka kantore.

Tembung panggandheng **lan banjur malah, lan terus malah** nginggil mujudaken sesambetan *makna* sambungipun prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ingkang runtut saking andharan klausa-klausa ingkang dipungandheng. Dene, klausa kalih ngandharaken prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ingkang langkung pinunjul saking andharan klausa sepisan.

(86) *Lindri mara menyang omahe Traman* $\left\{ \begin{array}{l} \textit{lan malah banjur} \\ \textit{lan malah terus} \end{array} \right\}$ *bablas*
menyang pawon.

Tembung panggandheng **lan malah banjur, lan malah terus** nginggil mujudaken sesambetan *makna* sambungipun prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk saking andharan klausa-klausa ingkang dipungandheng. Dene, klausa kalih ngandharaken prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ingkang langkung pinunjul saking andharan klausa sepisan. Andharan prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ing klausa kalih kedadosan sesampunipun andharan klausa sepisan.

2) Tembung panggandheng *koordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* luwih

Tembung panggandheng *koordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* luwih inggih menika tembung panggandheng kangge nggandheng klausa-klausa ingkang ngandharaken prastawa, kahanan utawi tindak tanduk, dene andharan klausa kalih langkung pinunjul tinimbang andharan klausa sepisan.

Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken inggih menika **malah, tur, tur meneh, apa maneh, malah banjur, malah terus, apa maneh banjur, apa maneh terus**. Panganggenipun tembung panggandheng-tembung panggandheng menika saged gegantosan kados ukara camboran ing ngandhap (Wedhawati, 2006: 531-532).

- (87) *Uwis setaun Pranandari ora njaluk kiriman dhuwit, **malah** dheweke uwis bisa ngirimi adhi-adhine dhuwit.*
- (88) *Saiki Borobudur katon becik { **tur**
tur maneh } tambah rame.*
- (89) *Pak Jimin ora wani ngelongi panenan, **apa maneh** ngedol barang kang dudu darbeke.*

Tembung panggandheng **malah, tur, tur meneh, apa maneh** nginggil mujudaken sesambetan *makna* wetah saking andharan prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ing klausa kalih langkung pinunjul tinimbang andharan klausa sepisan. Tembung panggandheng menika boten jejer kaliyan tembung panggandheng sanesipun (Wedhawati, 2001: 491).

- (90) *Witarsih ora gelem ngalah { **malah banjur**
malah terus } njambak rambute Sulastri.*

Tembung panggandheng **malah banjur, malah terus**, nginggil mujudaken sesambetan *makna* luwih inggih menika prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ing klausa kalih langkung pinunjul tinimbang andharan klausa sepisan. Dene, kalih klausa menika ngandharaken prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ingkang runtut.

3) Tembung panggandheng *koordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna pertentangan*

Tembung panggandheng *koordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna pertentangan* inggih menika nggandheng prastawa, kahanan, utawi tindak-

tanduk ing klausa kalih minangka lawanipun prastawa ing klausa sepisan..
 Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken inggih menika **nanging, ning, nyatane, mung, ewasemono, dene**. Panganggenipun tembung panggandheng-tembung panggandheng menika saged gegantosan kados ukara camboran ing ngandhap (Wedhawati 2006: 536-539).

(91) *Wite tela pohung tandurane Sadewa gedhe-gedhe,* $\left. \begin{array}{l} \text{**nanging**} \\ \text{**ning**} \end{array} \right\} \textit{telane mung}$
sakdriji-driji.

(92) *Minten wis janji ngenteni aku ana cedhak gardhu,* **nyatane** *irunge ora katon.*

(93) *Kaimun dikabarake uwis mati,* **jebul** *medhayoh menyang nggonku.*

Tembung panggandheng **nanging, ning, nyatane, jebul** nginggil mujudaken sesambetan *makna* kanthi wetah saking klausa-klausa ingkang ngandharaken prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ingkang sami lelawanan. Dene, klausa kalih ngandharaken lelawananipun prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk saking andharan klausa sepisan.

(94) *Sadewa kapeksa ora nerusake kuliahe,* **dene** *Pranandari, adhine nerusake kuliah ana Gajah Mada.*

Tembung panggandheng **dene** nginggil mujudaken *makna pertentangan* saking prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ingkang sami lelawanan saking klausa-klausanipun. Klausa kalih ngandharaken lelawananipun prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk saking andharan klausa sepisan. Dene, klausa kalih ngemot andharan pangirangan saking klausa sepisan.

(95) *Lintang negori wit klapa kang kaserang ama,* **nanging uga** *nandur klapa hibrida.*

Tembung panggandheng **nanging uga** nginggil mujudaken *makna pertentangan* saking prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk saking klausa-

klausanipun. Klausa kalih ngandharaken lelawananipun prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk saking andharan klausa sepisan. Dene, klausa kalih ngemot tambahipun prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk saking klausa sepisan.

(96) *Pak Endra grapyak banget, **suwalike** Bu Endra amem banget.*

Tembung panggandheng **suwalike** nginggil mujudaken *makna pertentangan* saking prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk saking klausa-klausanipun. Klausa kalih ngandharaken lelawananipun prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk saking andharan klausa sepisan. Dene, kekalih klausa menika mujudaken *makna* tetandhingan kaliyan klausa sepisan.

4) Tembung panggandheng *koordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* **urut-urutan**

Tembung panggandheng *koordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* **urut-urutan** inggih menika tembung panggandheng ingkang nggandheng klausa-klausa kanthi ngandharaken kadosan prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ingkang tansah **urut-urutan** ing ukara. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken inggih menika **banjur, tumuli, nuli, langsung, banjur malah, terus malah**. Panganggenipun tembung panggandheng-tembung panggandheng menika saged gegantosan kados ukara camboran ing ngandhap (Wedhawati, 2006: 530-531).

(97) *Sadewa ngadeg* $\left. \begin{array}{l} \textit{banjur} \\ \textit{tumuli} \\ \textit{nuli} \\ \textit{terus} \\ \textit{langsung} \end{array} \right\}$ *nyetandharaken sepedhane.*

Tembung panggandheng **banjur, tumuli, nuli, terus, langsung** nginggil mujudaken *gandhengipun* klausa-klausa ingkang ngandharaken sesambetan

makna wetah saking urutaning prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk. Dene, andharan klausa kalih minangka prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk sesampunipun klausa sepisan.

(98) *Jathilan ora mung mangan kembang, **banjur malah** mangan beling lan menyan.*

(99) *Welute dipadhangi nganggo oncor, **terus malah** dibabat nganggo arit gedhe.*

Tembung panggandheng **banjur malah, terus malah** nginggil mujudaken gandhengipun klausa-klausa ingkang ngandharaken urutaning prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk. Dene, andharan klausa kalih minangka urutipun prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ingkang kedadosanipun langkung pinunjul saking menapa ingkang dipunandharaken ing klausa sepisan.

5) Tembung panggandheng koordinatif ingkang mujudaken sesambetan makna pilihan

Tembung panggandheng *koordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* pilihan mujudaken andharan prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ingkang bakal dados panujuning manah. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken inggih menika **utawa, apa**. Panganggenipun tembung panggandheng-tembung panggandheng menika saged gegantosan kados ukara camboran ing ngandhap (Wedhawati, 2006: 540).

(100) *Daha bakal mandhireng yuda* { **apa** } *arep nyraya prajurit Jenggala.*
 { **utawa** }

Tembung panggandheng **apa, utawa** nginggil mujudaken sesambetan *makna* pilihan wetah saking andharan prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk klausa-klausanipun. Klausa kalih ngandharaken pilihan sanes saking prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk andharan klausa sepisan.

(101) *Pak Marta kudune nunggoni panggarape* $\left\{ \begin{array}{l} \textit{utawa malah} \\ \textit{apa malah} \end{array} \right\}$ *ora ngetok babar pisan.*

Tembung panggandheng **utawa malah, apa maneh** nginggil mujudaken pilihan prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk klausa-klausanipun. Klausa kalih ngemot pilihan *makna* ingkang *pertentangan* saking prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ing klausa sepisan. Kejawi menika, tembung panggandheng **utawa malah** ugi saged dipunginakaken kangge mujudaken pilihan ingkang langkung pinunjul ing klausa kalih saking prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ing klausa sepisan, kados ukara ing ngandhap menika.

(102) *Lintang bisa nyilihi dhuwit utawa malah menehi dhuwit.*

Panganggenipun tembung panggandheng *koordinatif* ing inggil saged sesarengan salebetipun satunggal ukara camboran. Tuladhanipun inggih menika kados ukara camboran ing ngandhap (Wedhawati, 2006: 541).

(103) *Wong loro iku mesem, nuli manthuk, lan jumangkah mlebu ngomah.*


Ukara camboran (105) kedadosan saking tigang klausa ingkang dipungandheng mawi kalih tembung panggandheng. Tembung panggandheng **nuli** mujudaken sesambetan *makna* urutan, dene tembung panggandheng **lan** mujudaken sesambetan *makna* sesambungan.

b. Tembung Panggandheng Subordinatif


Miturut Sasangka (2001: 121) tembung panggandheng kangge nggandheng klausa-klausa ing ukara camboran sungsun kawastanan tembung panggandheng *subordinatif*. Babagan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Sudaryanto (1992: 117) bilih tembung panggandheng *subordinatif* inggih menika

tembung panggandheng ingkang dipunginakaken kangge nggandheng klausa ingkang tataran kawigatosan wosipun boten sami. Klausa ingkang dipungandheng inggih menika babon klausa kaliyan klausa pang. Klausa ingkang pinaringan tembung panggandheng *subordinatif* kawastanan klausa pang, dene ingkang tanpa tembung panggandheng *subordinatif* kawastanan babon klausa.


Salajengipun, Widhawati (2006: 542-543) ngandharaken gambaran papan tembung panggandheng *subordinatif* ing ukara camboran sungsun kados diagram ngandhap menika.



Bagan 2. Tembung pangandheng *subordinatif* ing ukara camboran sungsun (1)



Bagan 3. Tembung pangandheng *subordinatif* ing ukara camboran sungsun (2)



Bagan 4. Tembung pangandheng *subordinatif* ing ukara camboran sungsun (3)

Saking tigang bagan nginggil dipunpanggihaken bilih babon klausa nguwaosi klausa pang, dene klausa pang minangka perangan ingkang dipunkuwaosi dening babon klausa. Dene, menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, klausa pang tansah ngemot tembung pangandheng. Babagan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Gary (1987: 80) ingkang ngandharaken *the subordinating conjunction connects the dependent idea to the main idea*, tegesipun inggih menika ‘tembung pangandheng *subordinatif* nggabung gagasan ing klausa pang salebetipun gagasan ing babon klausa’.

Salajengipun, Wedhawati (2006: 549-560) milah tembung pangandheng *subordinatif* adhedhasar sesambetan teges antawisipun klausa satunggal lan klausa sanesipun, inggih menika.

1) Tembung pangandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan makna akibat

Tembung pangandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* akibat dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa

pang. Dene klausa pang ngandharaken akibat saking prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ing babon klausa. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken inggih menika **akibate, mula, saengga, nganti**. Panganggenipun tembung panggandheng-tembung panggandheng menika saged gegantos kados ukara camboran ing ngandhap (Wedhawati, 2006: 549).

(104) *Udane deres banget* $\left. \begin{array}{l} \textit{akibate} \\ \textit{mula} \\ \textit{saengga} \\ \textit{nganti} \end{array} \right\}$ *tandurane padha rusak.*

2) Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna cara*

Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna cara* dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang. Dene, klausa pang ngandharaken tata caranipun prastawa, kahanan, utawi tindak tanduk saged kedadosan ing babon klausa. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken inggih menika **kambi, karo, klawan, klayan, sambi, sinambi, kanthi**. Panganggenipun tembung panggandheng menika kados ukara camboran ngandhap menika (Wedhawati, 2006: 550).

(105) $\left. \begin{array}{l} \textit{Sambi} \\ \textit{Sinambi} \\ \textit{Kambi} \\ \textit{Karo} \\ \textit{Kanthi} \end{array} \right\}$ *ngiderake dagangane, Pak Ali golek sisik melik.*

(106) $\left. \begin{array}{l} \textit{Krana} \\ \textit{Karo} \end{array} \right\}$ *Patikawa mendhakake sirahe, sirahe Patikawa isih wutuh.*

3) Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* pangajeng-ajeng

Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* pangajeng-ajeng dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang. Dene, klausa pang ngandharaken kekajengan saking prastawa, kahanan utawi tindak tanduk ingkang dipunandharaken ing babon klausa. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken inggih menika **muga-muga**. Panganggenipun tembung panggandheng menika kados ing ukara ngandhap menika (Wedhawati, 2006: 550).

(107) *Aku tansah ndedonga **muga-muga** Pangeran ngijabahi kekarepanmu sakloron.*

4) Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* isi

Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* isi dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang. Dene, klausa pang ngandharaken isi saking prastawa, kahanan utawi tindak tanduk ingkang dipunandharaken ing babon klausa. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken inggih menika **menawa, yen**. Panganggenipun tembung panggandheng-tembung panggandheng menika saged gegantosan kados ukara camboran ing ngandhap (Wedhawati, 2006: 551).

(108) *Maryamah ngramal { **menawa** } Wilis gelem dinikahake.*
 { **yen** }

5) Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* pepindhan

Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* pepindhan dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan

klausa pang. Dene, klausa pang ngandharaken tetiron saking prastawa, kahanan utawi tindak tanduk ingkang dipunandharaken ing babon klausa. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken inggih menika **mungguh, umpama (mungguhna, mungguha, sumungguhna), saumpama (saupama, sakupama, upama, umpama)**. Panganggenipun tembung panggandheng-tembung panggandheng menika saged gegantosan kados ukara camboran ing ngandhap (Wedhawati, 2006: 510).

(109) $\left\{ \begin{array}{l} \textit{Saumpama} \\ \textit{Saupama} \\ \textit{Upama} \\ \textit{Umpamane} \\ \textit{Mungguh} \\ \textit{Mungguha} \\ \textit{Samungguhna} \end{array} \right\}$ *bapakne ora setuju, Pranandari mangkat dhewe.*

6) Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna tetandhingan*

Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna tetandhingan* dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang. Dene, klausa pang ngandharaken babagan ingkang dipunbandhingaken kaliyan prastawa, kahanan utawi tindak tanduk ingkang dipunandharaken ing babon klausa. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken inggih menika **katimbang/ ketimbang, timbang/ tinimbang**. Panganggenipun tembung panggandheng menika kados ukara ngandhap menika (Wedhawati, 2006: 552).

(110) *Kowe luwih nulungi Surti **katimbang** nulungi Gimin.*

(111) *Sriningsih luwih krasan ana ngomah **tinimbang** sanja tanpa tanja ana tanggane.*

7) Tembung panggandheng subordinatif ingkang mujudaken sesambetan makna pambandhing

Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* pambandhing inggih menika tembung panggandheng kangge nggandheng satunggaling klausa minangka pambandhing saking klausa sanesnipun. Kejawi menika, tembung panggandheng menika ugi wonten ingkang dipunginakaken kangge nedahaken *makna* prastawa utawi kahanan ingkang radi sami (kemiripan). Tuladha panganggenipun tembung panggandheng kanthi *makna* menika kados ukara camboran ing ngandhap (Wedhawati, 2006: 553).

(112) *Awake dhewe bisa ketemu meneh ana kene* $\left. \begin{array}{l} \textit{prasasat} \\ \textit{kaya-kaya} \\ \textit{kayane} \\ \textit{sasat} \\ \textit{kayadene} \\ \textit{kaya} \end{array} \right\}$
wis mati bali urip.

8) Tembung panggandheng subordinatif ingkang mujudaken sesambetan makna perkecualian

Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna perkecualian* dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang. Dene, klausa pang ngandharaken bab ingkang boten dipunrembag/ dipunetang senadyan kalebet perangan saking prastawa, kahanan utawi tindak tanduk ingkang dipunandharaken ing babon klausa. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken inggih menika **kajaba/ kejaba/ gejala, kejabane, saliyane**. Panganggenipun tembung panggandheng-tembung panggandheng menika saged gegantosan kados ukara camboran ing ngandhap (Wedhawati, 2006: 553).

(113) *Wetenge ora keleton apa apa* $\left\{ \begin{array}{l} \textit{kejabane} \\ \textit{kejaba} \\ \textit{saliyane} \end{array} \right\}$ *keleton teh pait.*

9) Tembung panggandheng subordinatif ingkang mujudaken sesambetan makna pertentangan

Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna pertentangan* dipunginakaken kangge nggandheng klausa utami kaliyan klausa pang. Dene, andharan klausa pang bab *pertentangan*ipun saking prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ingkang dipunandharaken ing klausa utami. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken inggih menika **ambak (ambakna), arepa, bena, mbok, senjata (sanajan, senadyan, najan, nadyan), senadyanta (sanadyanta, senadyanta, najanta), raketang**. Panganggenipun tembung panggandheng-tembung panggandheng menika kados ukara ing ngandhap (Wedhawati, 2006: 554).

(114) *Bena kowe rada tuwa, aku kadhung tresna.*

(115) *Mbok dhuwitmu kabeh ditumplek ana meja kene, aku tetep ora gelem nuruti kekarpaning atimu.*

(116) *Raketang nginepe Sumarjo mung sawengi, budhene uwis lega.*

(117) *Panjenengan aja lali marang aku sanadyan aku wis omah-omah.*

10) Tembung panggandheng subordinatif ingkang mujudaken sesambetan makna sebab

Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna sebab* dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang. Dene, klausa pang ngandharaken sebab saking prastawa, kahanan, utawi tindak-tanduk ingkang dipunandharaken ing babon klausa. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken inggih menika **amarga/ marga, sebab, mergane, soale, rehne, gara-gara, dupeh, awit**. Panganggenipun tembung

panggandheng-tembung panggandheng menika saged gegantosan kados ukara ing ngandhap (Wedhawati, 2006: 554).

(118) $\left. \begin{array}{l} \textit{Amarga} \\ \textit{Merga} \\ \textit{Gara-gara} \\ \textit{Merga} \\ \textit{Rehne} \\ \textit{Soale} \\ \textit{Sebab} \end{array} \right\} \textit{krungu guneme Prapta Barbir, anake Kamisa banjur nesu.}$

11) Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* syarat

Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* syarat dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang. Dene, klausa pang ngandharaken syarat saking prastawa, kahanan, utawi tindak tanduk ingkang dipunsebutaken ing babon klausa. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken inggih menika **angger/ anggere, waton/ watone, janji, yen, menawa, lamun, pokoke, uger/ sauger**. Panganggenipun tembung panggandheng-tembung panggandheng menika saged gegantosan kados ukara ing ngandhap (Wedhawati, 2006: 556).

(119) $\textit{Aku mung manut wae} \left\{ \begin{array}{l} \textit{pokoke} \\ \textit{angger} \\ \textit{anggere} \\ \textit{waton} \\ \textit{watone} \\ \textit{uger} \\ \textit{sauger} \\ \textit{janji} \end{array} \right\} \textit{dheweke gelem.}$

12) Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* ancas

Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* ancas dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa

pang. Dene, klausa pang ngandharaken ancas saking prastawa, kahanan utawi tindak tanduk ingkang dipunsebutaken ing babon klausa. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken inggih menika **supaya, supayane, murih, amrih, ben, bene, kareben/ karebene, dhimen**. Panganggenipun tembung panggandheng-tembung panggandheng menika saged gegantosan kados ukara camboran ing ngandhap (Wedhawati, 2006: 556).

(120) *Mbak Sali matun* $\left\{ \begin{array}{l} \textit{amrih} \\ \textit{murih} \\ \textit{supaya} \\ \textit{supayane} \\ \textit{kareben} \\ \textit{bene} \end{array} \right\}$ *parine thukul lemu-lemu.*

13) Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna titi mangsa*

Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna titi mangsa* dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang. Dene, klausa pang ngandharaken wekdal saking prastawa, kahanan, utawi tindak tanduk ingkang dipunandharaken ing babon klausa. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken inggih menika **bakda, lebar, bar, sabubare (sakbare), sawise (sawuse, sawise), mbasan, nalika (nalikane), rikala (rikalane), sajroning (jrone), dhek, saben (saben-saben), wektu, selawase, selagine, samangsa, angger (angger-angger), sasuwene, sauntara, nganti**. Panganggenipun tembung panggandheng-tembung panggandheng menika saged sami gegantosan kados ukara camboran ing ngandhap (Wedhawati, 2006: 556-560).

- (121) $\left\{ \begin{array}{l} \textit{Bakda} \\ \textit{Bareng} \\ \textit{Salebarare} \\ \textit{Lebar} \\ \textit{Sawise} \\ \textit{Mbasan} \end{array} \right\} \textit{mbak Munthil kandha kaya mengkono, kahanan bali nyenyet maneh.}$

Tembung panggandheng **bakda, bareng, salebare, lebar, sawise (sawuse, sawise), mbasan**, nginggil dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang. Dene klausa pang ngandharaken wekdal ingkang njalari pawitaning prastawa, kahanan, utawi tindak tanduk ingkang dipunandharaken ing babon klausa.

- (122) $\textit{Sadewa rada kaget} \left\{ \begin{array}{l} \textit{nalika} \\ \textit{rikala} \\ \textit{dhek} \\ \textit{wektu} \\ \textit{nalikane} \\ \textit{rikalane} \end{array} \right\} \textit{dheweke mlebu ruang sekolah.}$

- (123) $\left\{ \begin{array}{l} \textit{Sabèn} \\ \textit{Angger} \\ \textit{Sabèn-sabèn} \end{array} \right\} \textit{Ibune mlebu kamare, Tinuk ethok-ethok sinau.}$

- (124) $\left\{ \begin{array}{l} \textit{Jroning} \\ \textit{Selagine} \\ \textit{Samangsa} \end{array} \right\} \textit{dadi tentara, aku nduweni pengalaman perang.}$

Tembung panggandheng **nalika, rikala, sajroning (jrone), dhek, wektu, rikalane, nalikane, saben (saben-saben), wektu, selawase, selagine, samangsa, angger (angger-angger)**, nginggil dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang. Dene, klausa pang ngandharaken wekdal ingkang sesarengan saking prastawa, kahanan, utawi tindak tanduk ingkang dipunandharaken babon klausa.

- (125) $\textit{Nganti wektune kari limang menit, murid kelas VI isih wutuh.}$

Tembung panggandheng **nganti** nginggil dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang. Dene, klausa pang ngandharaken wekdal saking pungkasing prastawa, kahanan, utawi tindak tanduk ingkang kedadosan ing babon klausa.

(126) *Sadurunge* aku mati, aku arep guneman karo kowe.

Tembung panggandheng **sadurunge** nginggil dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang. Dene, klausa pang ngandharaken wekdal saking prastawa, kahanan, utawi tindak tanduk ingkang kedadosan sesampunipun ing babon klausa.

Panganggenipun tembung panggandheng *subordinatif* ing inggil ugi saged sesarengan (langkung saking satunggal) salebetipun satunggal ukara camboran. Tuladhanipun inggih menika kados ukara camboran ing ngandhap (Wedhawati, 2006: 560).

(127) *Yen* mlebu kutha Yogya, aku iki bingung **awit** ora bisa mbedakake endi kutha lan endhi desane.


Ukara camboran (129) kedadosan saking tigang klausa ingkang dipungandheng mawi kalih tembung panggandheng. Tembung panggandheng **yen** mujudaken sesambetan *makna* syarat, dene tembung panggandheng **awit** mujudaken sesambetan *makna* sebab.

Kejawi andharan ing inggil, panganggenipun tembung panggandheng *koordinatif* saha *subordinatif* saged ugi ing satunggal ukara camboran. Tuladha panganggenipun tembung panggandheng-tembung panggandheng menika ing

satunggal ukara camboran antawisipun inggih menika kados ing ngandhap menika (Wedhawati, 2006: 569).

(128) *Dhadhung Panutan masrahake pati uripe lan dheweke gelem nglakoni apa wae waton Djaka Mada ora mateni dheweke.*


Ukara (128) menawi dipunlebetaken ing salebetipun bagan, kados ing ngandhap menika.



Bagan 5. Tembung panggandheng *koordinatif* saha *subordinatif* ing ukara camboran gabung (1)

(129) *Manawa Kalijaga ngepek aku, aku bisa ngenthengake wong tuwa lan aku bisa mikirake adhi-adhiku.*

Ukara (129) menawi dipunlebetaken ing salebetipun bagan, kados ing ngandhap menika.



Bagan 6. Tembung panggandheng *koordinatif* saha *subordinatif* ing ukara camboran gabung (2)

Ananging, kadhang kala panganggenipun tembung panggandheng-tembung panggandheng nginggil boten sinerat utawi dipunsingidaken ing ukara camboran.

E. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten sepisan ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika dipuntindakaken dening Netty Nurdiyani kanthi irah-irahan *Jumlah Klausa dan Tempat Konjungsi pada Konstruksi Parataksis Novel Pintu Karya Vira Basuki*. Panaliten Netty Nurdiyani menika langkung nengenaken babagan cacah saha papan tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran, mliginipun ukara camboran sajajar. Sumber data ingkang dipunginakaken ing panalitenipun inggih menika *novel Pintu* anggitanipun Vira Basuki kanthi sinerat basa Indonesia.

Panaliten ingkang jumbuh salajengipun inggih menika panaliten ingkang dipuntindakaken dening Dirgo Sabarinto kanthi irah-irahan *Pelesapan Konjungsi dalam Kalimat Majemuk Bahasa Jawa*. Panaliten Dirgo menika nengenaken babagan tembung panggandheng ingkang asring dipunsingidaken ing ukara camboran. Sumber data ingkang dipunginakaken ing panalitenipun inggih menika kalawati *Djaka Lodhang, Penyebar Semangat*, saha *Jaya Baya*.

Perkawis dhasar ingkang dipuntliti Netty saha Dirgo sami kaliyan panaliten menika inggih menika tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran. Ananging, perkawis ingkang dipunrembag beda. Panaliten menika badhe ngrembag wujud, jinis saha sesambetan makna ingkang

dipunwujudaken tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran sajajar, ukara camboran sungsun menapa dene ukara camboran gabung. Kejawi babagan wosing panaliten, bab ingkang beda malih inggih menika sumber datanipun. Panaliten menika ngginakaken *novel* basa Jawi inggih menika *novel Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.

F. Nalaring Pikir

Widya ukara inggih menika perangan ngelmu basa ingkang ngrembag rerangkening tetembungan dados satunggaling frasa, klausa saha ukara manut pranatan tartamtu. Saking andharan menika kapanggihaken bilih perangan widya ukara paling ageng awujud ukara. Menawi dipuntingali saking cacahing klausa, ukara kaperang dados kalih inggih menika ukara lamba (ukara ingkang kedadosan saking satunggal klausa) saha ukara camboran (ukara ingkang kedadosan saking kalih klausa utawi langkung).

Klausa-klausa ingkang sami gegayutan dipungandheng ngangge tembung panggandheng dados satunggal ukara camboran. Tembung panggandheng kangge nggandheng kalih klausa utawi langkung ingkang saged madeg piyambak kawastanan tembung panggandheng *koordinatif*. Tembung panggandheng *koordinatif* saged mujudaken sesambetan *makna* sesambungan, luwih, *pertentangan*, urutan, saha pilihan. Wondene tembung panggandheng kangge nggandheng klausa ingkang saged madeg piyambak (babon klausa) kaliyan klausa saking perangan klausa sanes (klausa pang) dipunwastani tembung panggandheng *subordinatif*. Tembung panggandheng *subordinatif* saged mujudaken sesambetan *makna* akibat, cara, pangajeng-ajeng, isi, pepindhan, tetandhingan, pambandhing,

kejawi, sebab, syarat, *pertentangan*, ancas, saha titi mangsa, Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng kapilah dados tiga inggih menika (1) tembung panggandheng *monomorfemis* kados ta *nalika*, *nanging*, utawi *ben*, (2) tembung panggandheng *polimorfemis* kados ta *sauwise*, *rikalane*, utawi *sabanjure*, saha (3) tembung panggandheng awujud gabung kados ta *lan malah*, *tur maneh*, utawi *lan banjur terus*.

Ananging, tembung panggandheng ingkang dipunginakaken kangge nggandheng klausa-klausa ing ukara camboran, kathah kapanggihaken boten sinerat utawi dipunsingidaken salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat. *Novel* menika kaanggit dening Suparto Brata. Wonten ing *teks narasi novel* menika, cacahipun tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken boten tamtu. Bab menika amargi ukara camboran kedadosan saking mapinten-pinten klausa. Tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran menika minangka dhasaring panaliten.

Wondene, *teori-teori* ing nginggil dipunginakaken kangge ngrembag panaliten menika. Ancasing panaliten menika kangge ngandharaken wujud, jinis saha sesambetan *makna* tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata.

BAB III CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. Miturut Sumarlam (2004: 61), *deskriptif* tegesipun ngandharaken utawi nggambaraken unsur-unsur basa kanthi rinci, saha anggenipun nлити ngginakaken *fakta-fakta* ngelmu basa. Unsur-unsur basa dipunperang kanthi dhasar ancasing panaliten ingkang badhe dipungayuh. Ancasing panaliten inggih menika ngandharaken wujud, jinis saha sesambetan *makna* ingkang dipunwujudaken dening tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata.

B. Dhata saha Sumber Dhata

Panaliten menika ngrembag tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran, gayutipun babagan wujud, jinis, saha sesambetan *makna* ingkang dipunwujudaken tembung panggandheng menika. Dhata ing panaliten menika awujud tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran salebetipun *teks narasi*. Bab menika dipunpilih ing panaliten menika kanthi dhasar mawarni-warni. Sepisan, ukara camboran salebetipun *teks narasi* mujudaken titikan panganggenipun *struktur* ukara saha pilihan tembung ingkang langkung ajeg. Kaping kalih, panganggenipun *unsur-unsur* basa sanes langkung sakedhik tinimbang ukara camboran salebetipun *teks dialog*. Kaping tiga, dhata ukara camboran salebetipun

teks narasi langkung baku tinimbang dhata ukara camboran salebetipun *teks dialog* (Alwi salebeting Sumarlam, 2004: 63).

Panaliten menika ngginakaken *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata kangge sumber dhatanipun. *Novel* Cintrong Paju-Pat dipunterbitaken dening Penerbit Narasi taun 2010. *Novel* menika sinerat ing 311 kaca, ananging cariosipun sinerat ing kaca 27-277. Basa ingkang dipunginakaken inggih menika basa Jawi.

C. Caranipun Ngempalaken Dhata

Caranipun ngempalaken dhata ing panaliten menika kanthi *teknik* maos saha *teknik* nyerat. *Teknik* maos katindhakaken mawi maos makaping-kaping ukara-ukara ing *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata kanthi permati. Pamaosan menika kangge manggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken. Bab menika ketingal saking cacahing klausa saha *struktur fungsi sintaksis* ukaranipun. Ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken dipunsukani tandha.

Salajengipun, panaliti madosi tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken kanthi nyuraos sesambetan *makna* antawisipun klausa-klausa ing ukara camboran saha migatosaken *konteksipun*. Dhata awujud tembung panggandheng menika katemtokaken jumbuh kaliyan *teori*. Salajengipun, tembung panggandheng menika dipunanalisis miturut *kategori* ingkang sampun dipuntemtokaken wonten ing panaliten. *Kategori* menika jumbuh kaliyan ancasing panaliten inggih menika dipunpilah-pilah miturut wujud, jinis, saha

sesambetan *makna* ingkang dipunwujudaken dening tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran.

Sesampunipun sedaya dhata dipunpanggihaken, dhata dipunserat ing kertu dhata jangkep kaliyan nama sumber dhatanipun. Dhata ingkang kapanggihaken dipunserat ing kertu dhata, kados ing ngandhap menika.

CPP 78/ P1/ K11	<i>Mula Luhur ya gage nututi lakune, ngetutake menyang endi parane. Nemu gagasan. Enake iki ya direkayasa. Ketemu utawa kepranggulan karo Kenya kuwi uga diskenario sing ngeramake. Ketemu sajak ora sengaja, ora kenjana. Wiii, Hebat! Luhur ngrasa, dheweke kuwi satemene kudu dadi tukang gawe crita, tukang gawe skenario film.</i>
Papan Tembung panggandheng	<u>Luhur ngrasa, [Ø] dheweke kuwi satemene kudu dadi</u> J W Tp. J W <u>tukang gawe crita, tukang gawe skenario film.</u>
Tembung panggandheng [Ø]	G yen, menawa
Wujudipun Tembung panggandheng	Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng menawa saha yen kalebet tembung panggandheng <i>monomorfemis</i> .
Jinisipun Tembung panggandheng	Tembung panggandheng menawa saha yen minangka tembung panggandheng <i>subordinatif</i> inggih menika nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang.
Sesambetan <i>makna</i> tembung panggandheng	Tembung yen, menawa mujudaken sesambetan <i>makna</i> isi inggih menika ngandharaken wosing raos-pangraosipun Luhur.

Katrangan:

- CPP 30 : nedahaken dhata saking *novel* Cintrong Paju-Pat kaca 30,
P2 : nedahaken nomor paragraf ing *novel* inggih menika 2,
K2 : nedahaken nomor ukara ing paragraf inggih menika 2,
[Ø] : tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara Camboran

D. Pirantining Panaliten

Ing panaliten menika, panaliti minangka pirantos ing panaliten. Inggih menika manggihaken menapa ingkang kedah dipuntindakaken panaliti inggih menika manggihaken menapa ingkang

dados ancasing panaliten. Panaliten menika gadhah ancas kangge mangertosi wujud, jinis saha sesambetan *makna* ingkang dipunwujudaken tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran. Kangge manggihaken tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran, panaliti kedah migatosaken cacahing klausa, *fungsi sintaksis* klausa-klausanipun, nyuraos sesambetan *makna* antawisipun klausa satunggal lan sanesipun saha migatosaken *konteks* wacana ingkang ngemot ukara camboran menika.

Sesampunipun menika, panaliti kedah mbuktekaken dhata ingkang dipunpanggihaken jumbuh kaliyan *fakta-fakta* ngelmu basa. Salajengipun, dhata dipunanalisis wujud, jinis saha sesambetan makna tembung panggandheng ingkang sampun dipunpanggihaken menika. Awit saking menika panaliti kedah nguwaosi saha ngecakaken *teori-teori* ingkang jumbuh kaliyan dhata ingkang dipunpanggihaken. Kejawi menika, panaliti ugi kedah makarya damel laporan asiling panaliten.

E. Caranipun Nganalisis Dhata

Miturut Muhamad (2010: 223) analisis dhata inggih menika nata asiling analisis panaliten kados ta pranatan, *pola-pola* utawi andharan ingkang jumbuh kaliyan ancasing panaliten. Analisis dhata ing panaliten menika, sampun dipunwiwiti nalika ngempalaken dhata kanthi manggihaken wujud, jinis saha sesambetan *makna* ingkang dipunwujudaken dening tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat

anggitanipun Suparto Brata. Wondene, lelampahan caranipun nganalisis dhata antawisipun inggih menika.

Sepisan, dhata dipunpilih awujud tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran saha dipunserat ing kertu dhata. Ukara camboran dipuntemtokaken namung ingkang jangkep tegesipun, *minimal* ngemot jejer saha wasesa. Dhata ingkang sampun dipunpilih, lajeng dipun*identifikasi* kanthi ngginakaken *teori*. Sesampunipun dipun*identifikasi*, dhata dipunanalisis miturut *kategori* ingkang sampun dipuntemtokaken ing panaliten menika.

Caranipun nganalisis dhata inggih menika kanthi ngginakaken saperangan *teknik* inggih menika *teknik lesap*, *teknik ganti*, *teknik balik*, *teknik sisip*, *teknik perluas* (Herawati, 2000:10). *Teknik lesap* dipuntindakaken kanthi nyingidaken perangan tartamtu, ancasipun kangge mangertosi wigatosipun perangan menika. *Teknik ganti* dipuntindakaken kanthi nggantos perangan tartamtu ingkang taksih satunggal pangertosan. *Teknik balik* dipuntindakaken kanthi ngewahi dunungipun perangan tartamtu, ancasipun kangge mangertosi menapa dunungipun perangan menika saged ewah menapa boten ing satunggaling *konstruksi* widya ukara. *Teknik sisip* dipuntindakaken kanthi nyeselaken perangan ingkang mujudaken satunggaling perangan widya ukara sami kaliyan kalih perangan ingkang dipunseselaken, ancasipun kangge mangertosi celakipun kalih perangan ingkang dipunpisahaken dening perangan seselan. *Teknik perluas* dipuntindakaken kanthi ngandharaken wosing wasesa (Kesuma, 2007: 57-63).

Kaping kalih, dhata ingkang sampun dipunanalisis dipunserat ing *tabel* pangrembag dhata. Kaping tiga, minangka pungkasaning lampah inggih menika dhata dipunrembag kanthi *deskriptif* miturut *kategorinipun*.

Dhata asiling panaliten gayutipun babagan wujud, jinis saha sesambetan *makna* ingkang dipunwujudaken tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran kaandharaken mawi *tabel*. Wujuding *tabel* antawisipun kados ing ngandhap menika.

Tabel 1. tuladha asiling panaliten *Tembung Panggandheng ingkang Dipunsingidaken ing Ukara Camboran Salebetipun Novel Cintrong Paju-Pat Anggitan Suparto Brata*.

No. (1)	Wujud (2)	Jinis (3)	Makna (4)	Indikator (5)
1.	<i>mono-morfemis</i>	<i>koordinat</i>	sesambungan	<p>Tangan tengen <u>nyekeli lengenge Trengginas</u> J W L [Ø] <u>tangan kiwa njorogake Lirih</u> Tpts J W L <u>supaya pethal lan ngadoh.</u> CPP 207/ P7/ K2 K</p> <p>⇒ [Ø] = dene</p> <p>⇒ wujudipun tembung dene = <i>monomorfemis</i> → setunggal <i>morfem</i> bebas = tembung lingga <i>dene</i>.</p> <p>⇒ jinisipun tembung dene = <i>koordinatif</i> → boten saged dipunpindhah papanipun ing ukara.</p> <p>⇒ sesambetan makna tembung dene = sesambungan → tangan tengen saha tengen kiwa minangka perangan badanipun Maniking.</p>

F. Caranipun Ngesahaken Dhata

Caranipun ngesahaken dhata ing panaliten menika kanthi sarana *validias* saha *reliabilitas*. *Validitas* panaliten menika ngginakaken analisis *semantis-kontekstual* saha *triangulasi teori*. Analisis *semantis-kontekstual* dipuntindakaken kanthi merangaken, paring pangertosan, saha nganalisis dhata kanthi tetimbangan *konteks* ukara ingkang *struktural* (Mulyana, 2005: 139). Tuladhanipun, inggih menika:

Caruban adoh gunung, cedhak alas jati. Dolan-dolan ing alas jati, Lirih wis kerep. Yen munggah-mudhun gunung durung. La saiki Cipanas, tanah pegunungan. (CPP 75/P1/K1)

Ukara camboran *Caruban adoh gunung, cedhak alas jati*, tembung panggandhengipun dipunsingidaken. Tembung panggandheng ingkang trep saged dipunpadosi saking tegesipun wasesa ing kalih klausanipun inggih menika *adoh* >< *cedhak*. Kalih wasesa menika mujudaken sesambetan *makna* kosok balen, saengga tembung panggandheng **nanging** minangka tembung panggandheng ingkang trep kados ukara ing ngandhap menika.

Caruban adoh gunung, [nanging] cedhak alas jati.

Pangangenipun tembung panggandheng **nanging** ing ukara nginggil dipunsengkuyung *konteks* wacanipun ingkang ngandharaken bilih Lirih sampun asring dolan ing alas jati, ananging menawi mindhak mandhap gunung dereng. Wondene, sakmenika piyambakipun ing tanah pegunungan. *Konteks* menika nedahaken kahanan ingkang beda saking Caruban kaliyan Cipanas.

Analisis *triangulasi teori* inggih menika caranipun ngesahaken dhata kanthi ngginakaken perangan tartamtu minangka tetandhingan kaliyan dhata. Ing

panaliten menika, panaliti ngginakaken *triangulasi teori* inggih menika gegaran teori minangka pambandhing. Tuladhanipun, inggih menika kados ing ngandhap.

Caruban adoh gunung, cedhak alas jati.

Ukara camboran menika tembung panggandhengipun dipunsingidaken. Tembung panggandheng minangka tembung *tugas* ingkang saged dipunpanggihaken kanthi nyuraos tegesipun klausa-klausa ing ukara camboran. Tembung panggandheng namung saged mujudaken *makna* ing salebeting ukara. Ukara camboran menika kedadosan saking kalih klausa inggih menika klausa (1) *Caruban adoh gunung*, saha klausa (2) *cedhak alas jati*. Kekalih klausa menika mujudaken *makna* ingkang kosok balen saengga tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **nanging**. Analisis nginggil kalebet pirembagan widya ukara inggih menika ngrembag perangan widya ukara awujud tembung *tugas* ing salebetipun ukara. Awit saking menika, dhata panaliten jumbuh kaliyan teori widya ukara.

Reliabilitas panaliten menika ngginakaken *reliabilitas intrarater* saha *reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas intrarater* inggih menika *validitas* ingkang dipunpanggihaken mawi *konsultasi* asiling panaliten dhateng para ahli ingkang mumpuni pirembagan panaliten menika kados ta dosen pembimbing utawi tiyang ingkang mumpuni ing ngelmu basa. Ing panaliten menika, dosen pembimbing minangka *konsultan validitas* dhata. *Reliabilitas stabilitas* inggih menika *validitas* dhata ingkang dipuntindakaken kanthi maos makaping-kaping dhata ingkang sami kangge ngupaya manggihaken tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran kanthi *panafsiran* ingkang ajeg.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

A. Asiling Panaliten

Asiling panaliten menika awujud andharan babagan wujud, jinis, saha sesambetan *makna* ingkang dipunwujudaken tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata kanthi *deskriptif*. Ukara camboran ingkang dipunpilih inggih menika ukara salebetipun *teks narasi* ingkang ngemot jejer saha wasesa. Bab menika, kangge manggihaken jangkepipun wosing ukara.

Cacahipun ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken ing panaliten menika wonten 179 ukara. Saking satunggal ukara camboran menika, boten sedaya tembung panggandheng dipunsingidaken, ananging wonten saperangan ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun boten dipunsingidaken saha dipunsingidaken. Awit saking menika, ing satunggal ukara camboran, cacahing tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken boten tamtu.

Boten sedaya dhata panaliten dipunrembag. Asiling panaliten ing ngandhap menika minangka sesulih ingkang makili dhata-dhata ingkang sampun kapanggihaken. Wondene, dhata sanesipun saged dipuntingali ing *tabel* lampiran. Gambaran asiling panaliten saged dipuntingali ing *Tabel 2 Tembung Panggandheng ingkang Dipunsingidaken ing Ukara Camboran Salebetipun Novel Cintrong Paju-Pat Anggitan Suparto Brata* ing ngandhap menika.

Tabel 2 Tembung Panggandheng ingkang Dipunsingidaken ing Ukara Camboran salebetipun *Novel Cintrong Paju-Pat Anggitanipun Suparto Brata*

No.	Wujud	Jenis	Makna	Indikator
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	<i>mono-morfemis</i>	<i>koordinatif</i>	sesambungan	<p><u>Embusan hawa ambegane sripanggung kuwi</u> J <u>nyebuli gulune, [Ø] sentak-sentik</u> W L Tpts J <u>dhadha wadon sing manglung</u> J <u>genah banget katon ing ngarepe.</u> CPP 79/ P6/ K2 W K</p> <p>⇒ [Ø] = lan ⇒ wujudipun tembung lan = <i>monomorfemis</i> → setunggal <i>morfem</i> bebas = tembung lingga <i>lan</i> ⇒ jinisipun tembung lan = <i>koordinatif</i> → boten saged dipunpindhah papanipun ing ukara ⇒ sesambetan <i>makna</i> tembung lan = sesambungan → embusan hawa ambegan ingkang nyebul + sentak-sentik dhadha ingkang katon minangka lelampahanipun tiyang ambegan</p>
			<i>pertentangan</i>	<p><u>Durung tutug Maniking ngandhan-ngandhani,</u> K J W [Ø] <u>Lirih wis wiwit ngetiki</u> Tpts J W <u>surat sing dikarepake.</u> CPP 161/ P6/ K2 L</p> <p>⇒ [Ø] = nanging ⇒ wujudipun tembung nanging = <i>monomorfemis</i> → setunggal <i>morfem</i> bebas = tembung lingga <i>nanging</i> ⇒ jinisipun tembung nanging = <i>koordinatif</i> → boten saged dipunpindhah papanipun ing ukara ⇒ sesambetan <i>makna</i> tembung nanging = <i>pertentangan</i> → durung tutug ngandhan-ngandhani >> wis wiwit ngetiki</p>

Tabel Salajengipun

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
			urut-urutan	<p><u>Lirih mandheg</u>, [Ø] <u>tumoleh</u>. J W Tpts W CPP 82/ P2/ K1</p> <p>⇒ [Ø] = banjur ⇒ wujudipun tembung banjur = <i>monomorfemis</i> → setunggal <i>morfem</i> bebas = tembung lingga <i>banjur</i> ⇒ jinisipun tembung banjur = <i>koordinatif</i> → boten saged dipunpindhah papanipun ing ukara ⇒ sesambetan <i>makna</i> tembung banjur = urutan → <i>tumoleh</i> kedadosan sesampunipun <i>mandheg</i></p>
			pilihan	<p><u>Ruwangan kosong</u>, <u>karyawan wayahe</u> J W J <u>lagi padha ngaso</u>, [Ø] <u>mangan awan</u>. W Tpts W CPP 194/ P2/ K1</p> <p>⇒ [Ø] = utawa ⇒ wujudipun tembung utawa = <i>monomorfemis</i> → setunggal <i>morfem</i> bebas = tembung lingga <i>utawa</i> ⇒ jinisipun tembung utawa = <i>koordinatif</i> → boten saged dipunpindhah papanipun ing ukara ⇒ sesambetan <i>makna</i> tembung utawa = pilihan → antawisipun <i>ngaso</i> menapa <i>mangan awan</i></p>
		<i>subordi natif</i>	isi	<p><u>Luhur ngrasa</u>, [Ø] <u>dheweke kuwi</u> J W Tpts J <u>satemene kudu dadi tukang gawe crita</u>, W G <u>tukang gawe skenario film!</u> W L G CPP 78/ P1/ K11</p> <p>⇒ [Ø] = yen ⇒ wujudipun tembung ⇒ yen = <i>monomorfemis</i> → setunggal <i>morfem</i> bebas = tembung lingga <i>yen</i> ⇒ jinisipun tembung yen = <i>subordinatif</i> → nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang</p>

Tabel Salajengipun

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
				<p>⇒ sesambetan <i>makna</i> tembung yen = isi → menapa ingkang dados raos-pangraosipun Luhur?</p>
			cara	<p><u>Lirih kudu mudhun</u>, [Ø] <u>njojrog mengisor</u>. J W Tpts W G CPP 76/ P2/ K2</p> <p>⇒ [Ø] = kanthi ⇒ wujudipun tembung kanthi = <i>monomorfemis</i> → setunggal <i>morfem</i> bebas = tembung lingga <i>kanthi</i> ⇒ jinisipun tembung kanthi = <i>subordinatif</i> → nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang. ⇒ sesambetan <i>makna</i> tembung kanthi = cara → kados pundi anggenipun Lirih mandhap?</p>
2.	<i>poli-morfemis</i>	<i>subordinatif</i>	titi mangsa	<p>[Ø] <u>kijang Innova mlaku</u>, <u>Lirih bali</u> Tpts J W J <u>numpak jejer sopir</u>. CPP 56/ P10/ K1 W G</p> <p>⇒ [Ø] = sadurunge ⇒ wujudipun tembung sadurunge = <i>polimorfemis</i> → tigang <i>morfem</i> = sa- + durung + -e ⇒ jinisipun tembung sadurunge = <i>subordinatif</i> → nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang ⇒ sesambetan <i>makna</i> tembung sadurunge = titi mangsa → kapan Lirih bali numpak jejer sopir?</p>
3.	<i>gabung tembung</i>	<i>koordinatif</i>	sesambungan	<p><u>Lirih dirangkul</u>, <u>dikekep</u>, [Ø] <u>diambung</u> J W L Tpts W <u>sengok!</u> CPP 189/ P5/ K1 G</p> <p>⇒ [Ø] = lan banjur ⇒ wujudipun tembung lan banjur = <i>gabung tembung</i> → kalih <i>morfem</i> = lan + banjur ⇒ jinisipun tembung lan banjur = <i>koordinatif</i> → boten saged dipunpindhah papanipun ing ukara</p>

Tabel Salajengipun

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
				<p>⇒ sesambetan <i>makna</i> tembung lan banjur = sesambungan → dirangkul + dikekep + diambung = dipunlampahi Lirih kanthi urutan-urutan.</p>
			pertentangan	<p><u>Dipergoki, Luhur ora lungguh ngadhapi</u> W J W G <u>meja tulise, [Ø] ora dhong maca utawa</u> G Tpts W G <u>nulis kaya salumrahe wong nyambutgawe</u> Tps J W <u>ing kantor.</u> CPP 147/ P2/ K1 K</p> <p>[Ø] = nanging uga ⇒ wujudipun tembung nanging uga = <i>gabung tembung</i> → kalih <i>morfem</i> = nanging + uga ⇒ jinisipun tembung nanging uga = <i>koordinatif</i> → boten saged dipunpindhah papanipun ing ukara. ⇒ sesambetan <i>makna</i> tembung nanging uga = <i>pertentangan</i> → ora lungguh ngadhapi meja tulise + ora dhong maca utawa nulis >< kaya salumrahe wong nyambutgawe ing kantor</p>
			pilihan	<p><u>Pangarsa seksi kuwi jelas ngewangi</u> J W <u>Abrit, [Ø] sekongkelan karo sripanggung</u> L Tpts W K <u>ayu kuwi!</u> CPP 157/ P1/ K5 K</p> <p>⇒ [Ø] = utawa malah ⇒ wujudipun tembung utawa malah = <i>gabung tembung</i> → kalih <i>morfem</i> = utawa + malah ⇒ jinisipun tembung utawa malah = <i>koordinatif</i> → boten saged dipunpindhah papanipun ing ukara. ⇒ sesambetan <i>makna</i> tembung utawa malah = pilihan → <i>sekongkelan</i> langkung pinunjul saking <i>ngewangi</i>.</p>

Tabel Salajengipun

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
4.	mono- mor- femis/ poli- mor- femis	koor- dinatif	perten- tangan	<p><u>Ibu Kinyis wis mlangkah rikat marani ruwang</u> J W G <u>sekretariat Manahira Ads. [Ø]Abrit lendrag-lendreg</u> G Tpts J W <u>semu wegah. CPP 212/ P2/ K1</u> K</p> <p>⇒ [Ø] = nanging/ suwalike ⇒ wujudipun tembung nanging = monomorfemis → satunggal morfem = tembung lingga <i>nanging</i> suwalike = polimorfemis → tigang morfem se- + walik + -e ⇒ jinisipun tembung nanging/ suwalike = koordinatif → boten saged dipunpindhah papanipun ing ukara. ⇒ sesambetan makna tembung nanging/ suwalike = pertentangan → mlangkah rikat >< mlangkah lendrag-lendreg</p>
		subor- dinatif	sebab	<p>[Ø] <u>ora kuwat ngempet lara samudana,</u> Tpts W L <u>Luhur anggone pringisan karo mesem-</u> J W K <u>mesem ngguyu. CPP 80/ P8/ K4</u> K</p> <p>⇒ [Ø] = merga/ amarga ⇒ wujudipun tembung merga = monomorfemis → setunggal morfem bebas = tembung lingga <i>merga</i> amarga = polimorfemis → kalih morfem → a- + marga ⇒ jinisipun tembung merga/ amarga = subordinatif → nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang. ⇒ sesambetan makna tembung merga/ amarga = sebab → kening menapa Luhur pringisan kaliyan mesam-mesem gumujeng?</p>
			akibat	<p><u>Lirih, isih kudu ngati-ati ngubengake bayarane</u> J W G <u>kanggo nyukupi kebutuhane, [Ø]</u> Tps W L Tpts <u>ora enggal-enggal kelu</u> W <u>karo pakulinane Maniking. CPP 177/ P2/ K5</u> K</p>

Tabel Salajengipun

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
				<p>⇒ [Ø] = mula/ akibate</p> <p>⇒ wujudipun tembung mula = <i>monomorfemis</i> → setunggal <i>morfem</i> bebas = tembung lingga <i>mula</i> akibate = <i>polimorfemis</i> → kalih <i>morfem</i> → akibat + -e</p> <p>⇒ jinisipun tembung mula/ akibate = <i>subordinatif</i> → nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang.</p> <p>⇒ sesambetan <i>makna</i> tembung mula/ akibate = akibat → Menapa akibat ingkang dipuntampi Lirih ingkang kedah ngatos-atos ngubengaken bayaranipun?</p>
			ancas	<p><u>Lirih kudu tumingkah sing pas, [Ø] bisa mbujuki</u> J W Tpts W <u>Luhur, sanajan tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan.</u> L Tps J W G CPP 94/ P4/ K7</p> <p>⇒ [Ø] = supaya/ bene</p> <p>⇒ wujudipun tembung supaya = <i>monomorfemis</i> → setunggal <i>morfem</i> = tembung lingga <i>supaya</i> bene = <i>polimorfemis</i> → kalih <i>morfem</i> → ben + -e</p> <p>⇒ jinisipun tembung supaya/ bene = <i>subordinatif</i> → nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang.</p> <p>⇒ sesambetan <i>makna</i> tembung supaya/ bene = ancas → menapa ancasiipun Lirih tumindak ingkang pas?</p>
			cara	<p><u>Abrit durung oncat, isih sandhing- sandhingan</u> J W W <u>pipi, [Ø] bisik-bisik.</u> CPP 40/ P9/ K2 G Tpts W</p> <p>⇒ [Ø] = kambi/ sinambi</p> <p>⇒ wujudipun tembung kambi = <i>monomorfemis</i> → satunggal <i>morfem</i> = tembung lingga <i>kambi</i> sinambi = <i>polimorfemis</i> → kalih <i>morfem</i> = sambu + -in-</p> <p>⇒ jinisipun tembung kambi/ sinambi = <i>subordinatif</i> → nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang.</p> <p>⇒ sesambetan <i>makna</i> tembung kambi/ sinambi = cara → Kados pundi tumindakipun Abrit nalika taksih sesandingan?</p>

Tabel Salajengipun

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
			<p><i>pertentangan</i></p>	<p>[Ø] <u>Durung tekan ngenggon, lagi weruh</u> Tpts W G W <u>Pak Teja, Abrit wis kamba.</u> CPP 165/ P1/ K1 G J W</p> <p>⇒ [Ø] = mangka/ ambakna ⇒ wujudipun tembung mangka = <i>monomorfemis</i> → setunggal <i>morfem</i> bebas = tembung lingga <i>mangka</i> ambakna = <i>polimorfemis</i> → kalih <i>morfem</i> → ambak + -a ⇒ jinisipun tembung mangka/ ambakna = <i>subordinatif</i> → nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang. ⇒ sesambetan <i>makna</i> tembung ⇒ mangka/ ambakna = <i>pertentangan</i> → durung tekan >< wis kamba</p>
			<p>titi mangsa</p>	<p>[Ø] <u>metu saka ruwang rapat, Abrit kesusu</u> Tpts W K J K <u>bareng-bareng dhesekan marani lift.</u> W L CPP 30/ P1/ K2</p> <p>⇒ [Ø] = bareng/ sawise ⇒ wujudipun tembung bareng = <i>monomorfemis</i> → setunggal <i>morfem</i> bebas = tembung lingga <i>bareng</i> sawise = <i>polimorfemis</i> → tigang <i>morfem</i> → sa + wis + -e ⇒ jinisipun tembung bareng/ sawise = <i>subordinatif</i> → nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang. ⇒ sesambetan <i>makna</i> tembung bareng/ sawise = titi mangsa → kapan Abrit kesusu bareng-bareng dhesekan marani lift?</p>
5.	<p><i>monomorfemis/ polimorfemis/ gabung tembung</i></p>	<p><i>koordinatif</i></p>	<p>luwih</p>	<p><u>Omaha apa tokone ya cilik, [Ø] kepepet</u> J W Tpts W <u>karo omah-omah liyane sing padha</u> K <u>dienggo bukak dagangan.</u> K CPP 168/ P5/ K4</p> <p>⇒ [Ø] = tur/ malahan/ apa maneh</p>

Tabel Salajengipun

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
				<p>⇒ wujudipun tembung tur = <i>monomorfemis</i> → satunggal <i>morfem</i> bebas= tembung lingga <i>tur</i> malahan = <i>polimorfemis</i> → kalih <i>morfem</i> = malah + -an apa maneh = <i>gabung tembung</i> → kalih <i>morfem</i> = apa + maneh ⇒ jinisipun tembung tur/ malahan/ apa maneh = <i>koordinatif</i> → boten saged dipunpindhah papanipun ing ukara. ⇒ sesambetan <i>makna</i> tembung tur/ malahan/ apa maneh = luwih → kepepet langkung pinunjul saking cilik.</p>
		<i>subordi- natif</i>	pamban- dhing	<p><u>Luhur milih minggat, [Ø] ora gelem</u> J W G Tpts W <u>weruh maneh sorote srengenge sing</u> W G <u>nyekseni bentroke karo Abrit mau.</u> G CPP 119/ P1/ K8</p> <p>⇒ [Ø] = kaya/ kaya-kaya/ kayadene ⇒ wujudipun tembung kaya = <i>monomorfemis</i> → satunggal <i>morfem</i> = tembung lingga <i>kaya</i> kaya-kaya = <i>polimorfemis</i> → kalih <i>morfem</i> = dwilingga → kaya + U kayadene = <i>gabung tembung</i> → kalih tembung = <i>kaya</i> + <i>dene</i> ⇒ jinisipun tembung kaya/ kaya-kaya/ kayadene = <i>subordinatif</i> → nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang. ⇒ sesambetan <i>makna</i> tembung kaya/ kaya-kaya/ kayadene = pambanding → kados pundi Luhur anggenipun milih minggat?</p>

Tabel 2 nedahaken kapanggihipun tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata. Asiling panaliten mliginipun babagan wujud, jinis saha sesambetan *makna* ingkang dipunwujudaken tembung panggandheng.

Tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran dipunpanggihaken maujud *monomorfemis*, *polimorfemis*, gabung tembung, *monomorfemis/ polimorfemis*, saha *monomorfemis/ polimorfemis/ gabung tembung*.

Sepisan, tembung panggandheng *monomorfemis* inggih menika tembung panggandheng ingkang kedadosan saking setunggal *morfem* bebas. Tembung panggandheng menika kapanggihaken ing jinising tembung panggandheng *koordinatif* saha *subordinatif*. Ing jinising tembung panggandheng *koordinatif*, tembung panggandheng kangge mujudaken sesambetan *makna* sesambungan (*lan*), *pertentangan* (*nanging*), urutan (*banjur*), saha pilihan (*utawa*). Wondene, ing jinising tembung panggandheng *subordinatif*, tembung panggandheng kangge mujudaken sesambetan *makna* isi (*yen*), saha cara (*kanthi*).

Kaping kalih, tembung panggandheng *polimorfemis* inggih menika tembung panggandheng ingkang kedadosan saking kalih *morfem* utawi langkung. Ing panaliten menika, tembung panggandheng *polimorfemis* namung dipunpanggihaken ing jinising tembung panggandheng *subordinatif* kangge mujudaken sesambetan *makna* titi mangsa (*sadurunge*). Tembung panggandheng menika awujud tembung lingga ingkang kaparingan ater-ater sa-/ saha panambang -e.

Kaping tiga, tembung panggandheng awujud gabung tembung inggih menika tembung panggandheng ingkang kedadosan saking kalih tembung utawi langkung. Ing panaliten menika, tembung panggandheng awujud gabung tembung namung ing jinising tembung panggandheng *koordinatif* kangge mujudaken

sesambetan *makna* sesambungan (*lan banjur*), *pertentangan* (*nanging uga*), saha pilihan (*utawa malah*).

Kaping sekawan, tembung panggandheng awujud *monomorfemis/ polimorfemis*. Bab menika amargi tembung panggandheng ingkang dipunpangguhaken ing ukara camboran saged gegantosan, dene tembung panggandheng menika saged awujud *monomorfemis* saha *polimorfemis*. Tembung panggandheng menika, dipunpangguhaken ing jinising tembung panggandheng *koordinatif* kangge mujudaken sesambetan *makna pertentangan* (*nanging/ sawalike*). Wondene, ing jinising tembung panggandheng *subordinatif* kangge mujudaken sesambetan *makna* sebab (*merga/ amarga*), akibat (*mula/ akibate*), ancas (*supaya/ bene*), cara (*kambi/ sinambi*), *pertentangan* (*mangka/ ambakna*), saha titi mangsa (*bareng/ sawise*).

Kaping gangsal, tembung panggandheng awujud *monomorfemis, polimorfemis* saha gabung tembung. Bab menika amargi tembung panggandheng ingkang dipunpangguhaken ing ukara camboran saged gegantosan, dene tembung panggandheng menika saged awujud *monomorfemis, polimorfemis* saha gabung tembung. Tembung panggandheng menika kapangguhaken ing jinising tembung panggandheng *koordinatif* kangge mujudaken sesambetan *makna* luwih (*tur/ malahan/ apa maneh*), saha ing jinising tembung panggandheng *subordinatif* kangge mujudaken sesambetan *makna* pambandhing (*kaya/ kaya-kaya/ kayadene*).

B. Pirembagan

Panaliten menika ngrembag tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran salebetipun *novel* CPP anggitanipun Suparto

Brata, mliginipun babagan wujud, jinis, saha sesambetan *makna* ingkang dipunwujudaken tembung panggandheng menika. Tigang pirembaran menika sami gegayutan satunggal lan sanesipun. Awit saking menika, pirembaran saben asiling panaliten kaandharaken kanthi runtut ing satunggal pirembaran.

Sesampunipun panaliti manggihaken tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran, tembung panggandheng menika dipunpantha-pantha saha dipunanalisis bab wujud, jinis saha sesambetan *makna* ingkang dipunwujudaken tembung panggandheng menika. Bab menika dipuntindakaken supados andharan pirembaran *efektif* saha *efisien*. Pirembaran wujud, jinis saha sesambetan *makna* ingkang dipunwujudaken tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata kados ing ngandhap menika.

1. Tembung Panggandheng *Monomorfemis*

Tembung panggandheng *monomorfemis* inggih menika tembung panggandheng ingkang namung kedadosan saking satunggal *morfem* utawi satunggaling tembung lingga ingkang dereng pikantuk wuwuhan menapa-menapa. Wonten ing *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata, dipunpanggihaken tembung panggandheng *monomorfemis* ing 2 jinis tembung panggandheng inggih menika tembung panggandheng *koordinatif* saha *subordinatif*.

a. Tembung panggandheng awujud *monomorfemis* ing jinising tembung panggandheng *koordinatif*

Tembung panggandheng *koordinatif* inggih menika tembung panggandheng ingkang dipunginakaken kangge nggandheng kalih klausa utawi

langkung ingkang sami wigatosipun. Tembung panggandheng *monomorfemis* kanthi jinis *koordinatif* dipunpanggihaken wonten ingkang mujudaken sesambetan *makna* sesambungan, *pertentangan*, urutan, saha pilihan.

1) Tembung panggandheng koordinatif ingkang mujudaken sesambetan makna sesambungan

Ing panaliten menika, kapanggihaken tembung panggandheng *koordinatif* awujud *monomorfemis* ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran, mujudaken sesambetan *makna* sesambungan. Panggandhengipun klausa-klausa ing satunggal ukara camboran ngginakaken tandha pamaos koma (.). Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan *makna* sesambungan kapanggihaken ing dhata ngandhap menika.

- (1) *Luhur seneng banget raine wong wadon rok abang kuwi meh nyenggol lambene. Embusan hawa ambegane sripanggung kuwi nyebuli gulune, sentak-sentik dhadha wadon sing manglung genah banget katon ing ngarepe. Dudu panorama alam, ning ya luwih ngresepake pandulu lan ati! CPP 79/ P6/ K2*

Saking paragraf nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken inggih menika *embusan hawa ambegane sripanggung kuwi nyebuli gulune, sentak-sentik dhadha wadon sing manglung genah banget katon ing ngarepe*. Ukara menika, kedadosan saking kalih klausa. Klausa (1) *embusan hawa ambegane sripanggung kuwi nyebuli gulune* saha klausa (2) *sentak-sentik dhadha wadon sing manglung genah banget katon ing ngarepe*.

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *embusan hawa ambegane sripanggung kuwi nyebuli gulune, sentak-sentik dhadha wadon*

sing manglung genah banget katon ing ngarepe saged dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), *embusan hawa ambegane sripanggung kuwi minangka jejer, nyebuli minangka wasesa, gulune minangka lisan, dene ing klausa (2), sentak-sentik dhadha wadon sing manglung minangka jejer, genah banget katon minangka wasesa, ing ngarepe minangka katrangan.* Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *embusan hawa ambegane sripanggung kuwi nyebuli gulune, sentak-sentik dhadha wadon sing manglung genah banget katon ing ngarepe* inggih menika J – W – L + J – W – K.

Menawi dipuntingali saking maknaipun, klausa *embusan hawa ambegane sripanggung kuwi nyebuli gulune*, saha klausa *sentak-sentik dhadha wadon sing manglung genah banget katon ing ngarepe* saged dados kalih ukara ingkang madeg piyambak. Kekalih ukara menika kados ing ngandhap menika.

(1.a) *Embusan hawa ambegane sripanggung kuwi nyebuli gulune.*

(1.b) *Sentak-sentik dhadha wadon sing manglung genah banget katon ing ngarepe.*

Klausa utawi ukara (1.a) nginggil boten awujud perangan saking klausa utawi ukara (1.b). Sawangsulipun, ukara (1.b) dede perangan saking ukara (1.a). Awit saking menika, saged dipun*tafsiraken* bilih kalih klausa utawi ukara ing nginggil menika sajajar.

Menawi dipuntingali saking tegesipun, klausa (1) saha klausa (2) sami-sami wigatosipun saha ngemot *makna* ingkang sesambungan. Kalih perangan ingkang sesambungan inggih menika *embusan hawa ambegan* saha *sentak sentik dhadha*. Kalih perangan menika minangka tindak tandukipun tiyang ambegan. Salajengipun, kalih perangan menika sami-sami nindakaken tumindak tartamtu

dhateng satunggal *korban* inggih menika Luhur. Klausa sepisan ngandharaken tumindakipun embusan hawa ambegan inggih menika *nyebuli* gulunipun Luhur dipungabungaken kaliyan tumindakipun sentak sentikipun dhadha wadon ingkang manglung inggih menika *ketingal sanget* ing sangajengipun Luhur. Adhedhasar sajarahipun kalih klausa menika saha tegesipun ingkang nggabungaken prastawa ingkang sesambungan, kalih klausa menika trep dipungandheng ngangge tembung panggandheng **lan**.

Pangangenipun tembung panggandheng **lan** saged dipungantos ngangge tembung panggandheng **sarta, uga** (Wedhawati, 2006: 402). Tembung panggandheng ingkang satunggal wujud menika mapan ing antawisipun klausa (1) kaliyan klausa (2) kados ukara ngandhap menika.

(1.d) *Embusan hawa ambegane sripanggung kuwi nyebuli gulune* $\left\{ \begin{array}{l} \text{lan} \\ \text{sarta} \\ \text{uga} \end{array} \right\}$

sentak-sentik dhadha wadon sing manglung genah banget katon ing ngarepe.

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **lan, sarta, uga**, kalebet tembung panggandheng *monomorfemis*. Tembung panggandheng-tembung panggandheng menika kedadosan saking satunggal *morfem* bebas awujud tembung lingga ingkang dereng pikantuk wuwuhan menapa-menapa.

Menawi dipuntingali saking paedahipun, tembung panggandheng **lan** kalebet tembung panggandheng *koordinatif*. Bab menika kabukten saking ukara ngandhap menika.

(1.e)* [**Lan**] *kayune wis direnceki, wite wis ditegor, nanging ana sisa banggelan*

bongkotan wit sak oyote kang ora dicongkel,

Sesambetan *makna* ingkang saajar antawisipun klausa *embusan hawa ambegane sripanggung kuwi nyebuli gulune*, kaliyan klausa *sentak-sentik dhadha wadon sing manglung genah banget katon ing ngarepe* dipunsengkuyung dening titikan *sintaksis* saha *semantis*. Titikan *sintaksis* bilih wosing klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng boten saged dipunpindhah papanipun, dene titikan *semantis* bilih klausa-klausa ingkang dipungandheng dening tembung panggandheng **lan** boten nedahaken sungsunipun wosing ukara. Bab menika ketinggal ing ukara (1.e) bilih klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng **lan**, *struktur* ukaranipun boten trep saha *makna* ukaranipun boten *logis*.

Panganggenipun tembung panggandheng **lan** supados mujudaken ukara *embusan hawa ambegane sripanggung kuwi nyebuli gulune, sentak-sentik dhadha wadon sing manglung genah banget katon ing ngarepe* ingkang *kronologis* saha *gramatikal* mapanipun ing antawisipun klausa (1) saha klausa (2). Awit saking menika, *struktur fungsi sintaksis* ukaranipun kados ngandhap menika.

(1.e) Embusan hawa ambegane sripanggung kuwi nyebuli gulune, [\emptyset]
 J W L **Tpts**
sentak-sentik dhadha wadon sing manglung genah banget katon ing ngarepe.
 J W K

Tembung panggandheng **lan** trep kangge ngisi panandha [\emptyset] ing ukara (1.e). Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(1.d) *Embusan hawa ambegane sripanggung kuwi nyebuli gulune*, { **lan**
 **tur*
 **banjur*
 **utawa* }
sentak-sentik dhadha wadon sing manglung genah banget katon ing ngarepe.

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika tembung panggandheng **lan**. Bab menika amargi tembung panggandheng **lan** mujudaken *sesambetan makna sesambungan* inggih menika gabungipun kalih kahanipun tiyang estri ambegan ing sangajengipun Luhur. Ewadene, *tur* (mujudaken *sesambetan makna* luwih), *banjur* (mujudaken *sesambetan makna* urutan), saha *utawa* (mujudaken *sesambetan makna* pilihan) boten trep. Bab menika amargi, panganggenipun tembung panggandheng *tur*, *banjur*, saha *utawa* ing ukara *embusan hawa ambegane sripanggung kuwi nyebuli gulune, sentak-sentik dhadha wadon sing manglung genah banget katon ing ngarepe* mujudaken tegesing ukara ingkang boten *logis*.

Tembung panggandheng awujud *monomorfemis* ing jinising tembung panggandheng *koordinatif* ingkang mujudaken *sesambetan makna* sesambungan ugi kapanggihaken ing dhata ngandhap menika. Panggandhengipun klausa-klausa ing satunggal ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken ngginakaken tandha pamaos koma (,).

(2) *Maniking mlayu marani sing lagi teka, ndhesel ing antarane Lirih karo Trengginas. Tangan tengen nyekeli lengenne Trengginas, tangan kiwa njorogake Lirih supaya pethal lan ngadoh. “Sik! Sik! Iki duwekku! Iki hakku! Kowe ki gendheng kesurupan pojoke kampung, apa? Aja kokrebut. CPP 207/ P7/ K2*

Saking paragraf nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken inggih menika *tangan tengen nyekeli lengenne Trengginas, tangan kiwa njorogake Lirih supaya pethal lan ngadoh*. Ukara camboran menika, kedadosan saking kalih klausa inggih menika

klausa (1) *tangan tengen nyekeli lengenne Trengginas*, klausa (2) *tangan kiwa njorogake Lirih supaya pethal lan ngadoh*.

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *tangan tengen nyekeli lengenne Trengginas*, *tangan kiwa njorogake Lirih supaya pethal lan ngadoh* saged dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), *tangan tengen* minangka jejer, *nyekeli* minangka wasesa, *lengenne Trengginas* minangka lesan, ing klausa (2), *tangan kiwa* minangka jejer, *njorogake* minangka wasesa, *Lirih* minangka lesan, *supaya pethal lan ngadoh* minangka katrangan. Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *tangan tengen nyekeli lengenne Trengginas*, *tangan kiwa njorogake Lirih supaya pethal lan ngadoh* inggih menika $J - W - L + J - W - L - K$.

Menawi dipuntingali saking tegesipun, klausa *tangan tengen nyekeli lengenne Trengginas* saha klausa *tangan kiwa njorogake Lirih supaya pethal lan ngadoh* saged madeg piyambak dados kalih ukara. Kalih klausa menika kados ing ngandhap menika.

(2.a) *Tangan tengen nyekeli lengenne Trengginas*.

(2.b) *Tangan kiwa njorogake Lirih supaya pethal lan ngadoh*.

Klausa utawi ukara (2.a) nginggil boten awujud perangan saking klausa utawi ukara (2.b). Sawangsulipun, ukara (2.b) dede perangan saking ukara (2.a). Awit saking menika, saged dipun*tafsiraken* bilih kalih klausa utawi ukara ing nginggil menika sajjajar.

Menawi dipuntingali saking tegesipun, klausa (1) saha klausa (2) sami-sami wigatosipun saha ngemot *makna* ingkang sesambungan. Kalih perangan

ingkang sesambungan inggih menika *tangan tengen saha tangan kiwa*. Kalih perangan menika minangka perangan badanipun Maniking ingkang beda, inggih menika tangan ing sisih tengen saha sisih kiwa. Salajengipun, kalih perangan menika sami-sami nindakaken tumindak tartamtu kanthi satunggal ancas inggih menika *supados Lirih pethal lan ngadoh saking Trengginas*. Klausa sepisan ngandharaken tumindakipun *tangan tengen* inggih menika *nyepengi* lengenipun Trengginas. Klausa kalih ngandharaken tumindakipun *tangan kiwa* inggih menika *njorogaken* Lirih. Adhedhasar sajabaripun kalih klausa menika saha tegesipun ingkang nggabungaken prastawa ingkang sesambungan saking kalih perangan ingkang beda, kalih klausa menika *trep dipungandheng ngangge tembung panggandheng **dene*** kados ukara ing ngandhap menika.

(2.c) *Tangan tengen nyekeli lengenne Trengginas [**dene**] tangan kiwa njorogake Lirih supaya pethal lan ngadoh.*

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **dene**, kalebet tembung panggandheng *monomorfemis*. Tembung panggandheng menika kedadosan saking satunggal *morfem* bebas awujud tembung lingga **dene** ingkang dereng pikantuk wuwuhan menapa-menapa.

Menawi dipuntingali saking paedahipun, tembung panggandheng **dene** kalebet tembung panggandheng *koordinatif*. Bab menika kabukten saking ukara ngandhap menika.

(2.d) **[**Dene**] tangan kiwa njorogake Lirih supaya pethal lan ngadoh, tangan tengen nyekeli lengenne Trengginas.*

Sesambetan *makna* ingkang sajarah antawisipun klausa *tangan tengen nyekeli lengenne Trengginas* saha klausa *tangan kiwa njorogake Lirih supaya pethal lan ngadoh* dipunsengkuyung dening titikan *sintaksis* saha *semantis*. Titikan *sintaksis* bilih wosing klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng, boten saged dipunpindhah papanipun, dene titikan *semantis* bilih klausa-klausa ingkang dipungandheng dening tembung panggandheng boten nedahaken sungsunipun wosing ukara. Bab menika katingal ing ukara (2.d) bilih klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng **dene**, *struktur* ukaranipun boten trep saha tegesipun ukara boten *logis*.

Pangangenipun tembung panggandheng **dene** supados mujudaken ukara *tangan tengen nyekeli lengenne Trengginas, tangan kiwa njorogake Lirih supaya pethal lan ngadoh* ingkang *kronologis* saha *gramatikal* mapanipun ing antawisipun klausa (1) saha klausa (2). Awit saking menika, *struktur fungsi sintaksis* ukaranipun kados ngandhap menika.

(2.e) $\frac{\text{J} \quad \text{W} \quad \text{L} \quad \text{Tpts} \quad \text{J} \quad \text{W} \quad \text{L}}{\text{K}}$ Tangan tengen nyekeli lengenge Trengginas, [Ø] tangan kiwa njorogake Lirih supaya pethal lan ngadoh.

Tembung panggandheng **dene** trep kangge ngisi panandha [Ø] ing ukara (2.e). Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(1.d) *Tangan tengen nyekeli lengenne Trengginas* $\left\{ \begin{array}{l} \text{dene} \\ *tur \\ *banjur \\ *utawa \end{array} \right\}$ *tangan kiwa njorogake Lirih supaya pethal lan ngadoh.*

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika tembung panggandheng **dene**. Bab menika amargi tembung panggandheng **dene** mujudaken *sesambetan makna sesambungan* inggih menika gabungipun kalih tumindak saking badanipun Maniking supados Lirih tebih saking Trengginas. Ewadene *tur* (mujudaken sesambetan *makna* luwih), *banjur* (mujudaken sesambetan *makna* urutan), saha *utawa* (mujudaken sesambetan *makna* pilihan) boten trep. Bab menika amargi, panganggenipun tembung panggandheng *tur*, *banjur*, saha *utawa* ing ukara *tangan tengen nyekeli lengenne Trengginas, tangan kiwa njorogake Lirih supaya pethal lan ngadoh* mujudaken tegesing ukara ingkang boten *logis*.

2) Tembung panggandheng *koordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna pertentangan*

Ing panaliten menika, kapanggihaken tembung panggandheng *koordinatif* awujud *monomorfemis* ingkang dipunsingidaken, mujudaken sesambetan *makna pertentangan* ing ukara camboran. Panggandhengipun klausa-klausa ing satunggal ukara camboran ngginakaken tandha pamaos koma (,). Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan *makna pertentangan* kapanggihaken ing dhata ngandhap menika.

- (3) *Lirih terus wae nyekel komputer. Durung tutug Maniking ngandhan-ngandhani, Lirih wis wiwit ngetiki surat sing dikarepake. Dhisike nak-nuk alon, bareng wis weruh mapan, kecepatane ngetik saya cepet saya cepet. CPP 161/ P6/ K2*

Saking paragraf ing nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken inggih menika *durung tutug Maniking ngandhan-ngandhani, Lirih wis wiwit ngetiki surat sing dikarepake*.

Ukara menika, kedadosan saking kalih klausa inggih menika klausa (1) *durung tutug Maniking ngandhan-ngandhani* saha klausa (2) *Lirih wis wiwit ngetiki surat sing dikarepake*.

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *durung tutug Maniking ngandhan-ngandhani, Lirih wis wiwit ngetiki surat sing dikarepake* saged dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), *durung tutug* minangka katrangan, *Maniking* minangka jejer, *ngandhan-ngandhani* minangka wasesa, dene ing klausa (2), *Lirih* minangka jejer, *wis wiwit ngetiki* minangka wasesa, *surat sing dikarepake* minangka lesan. Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *durung tutug Maniking ngandhan-ngandhani, Lirih wis wiwit ngetiki surat sing dikarepake* inggih menika $K - J - W + J - W - L$.

Menawi dipuntingali saking sesambetan tegesipun, klausa *durung tutug Maniking ngandhan-ngandhani*, saha klausa *Lirih wis wiwit ngetiki surat sing dikarepake* saged dados kalih ukara ingkang madeg piyambak. Ukara menika kados ing ngandhap menika.

(3.a) *Durung tutug Maniking ngandhan-ngandhani.*

(3.b) *Lirih wis wiwit ngetiki surat sing dikarepake.*

Klausa utawi ukara (3.a) nginggil boten awujud perangan saking klausa utawi ukara (3.b). Sawangsulipun, ukara (3.b) dede perangan saking ukara (3.a). Awit saking menika, saged dipun*tafsir*aken bilih kalih klausa utawi ukara ing nginggil menika sajajar.

Menawi dipuntingali saking tegesipun, kalih klausa ing ukara *durung tutug Maniking ngandhan-ngandhani, Lirih wis wiwit ngetiki surat sing dikarepake*, menika ngemot wosing ukara ingkang wigatos. Tegesipun klausa (2) lelawananipun kaliyan tegesipun klausa (1). Bab menika ketingal saking *fungsi wasesanipun* inggih menika *durung tutug ngandhan-ngandhani* >< *wis wiwit ngetiki*. Adhedhasar sajaripun kalih klausa menika saha tegesipun ingkang nggabungaken prastawa ing klausa kalih lawananipun saking klausa sepisan, kalih klausa menika trep dipungandheng ngangge tembung panggandheng **nanging**.

Panganggenipun tembung panggandheng **nanging** saged dipungantos ngangge tembung panggandheng **ning, jebul** (Wedhawati, 2006: 536). Tembung panggandheng ingkang satunggal wujud menika mapan ing antawisipun klausa (1) kaliyan klausa (2) kados ukara ngandhap menika.

(3.c) *Durung tutug Maniking ngandhan-ngandhani,* $\left\{ \begin{array}{l} \mathbf{nanging} \\ \mathbf{ning} \\ \mathbf{jebul} \end{array} \right\}$ *Lirih wis wiwit*
ngetiki surat sing dikarepake

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **nanging, ning, jebul** kalebet tembung panggandheng *monomorfemis*. Tembung panggandheng **nanging** saha **jebul** kedadosan saking satunggal *morfem* bebas awujud tembung lingga ingkang dereng pikantuk wuwuhan menapa-menapa. Wondene, tembung panggandheng **ning** minangka tembung panggandheng **nanging** ingkang dipuncakakaken.

Menawi dipuntingali saking paedahipun, tembung panggandheng **nanging** kalebet tembung panggandheng *koordinatif*. Bab menika kabukten saking ukara ngandhap menika.

(3.d) *[**Nanging**] *Lirih wis wiwit ngetiki surat sing dikarepake, durung tutug Maniking ngandhan-ngandhani.*

Sesambetan makna ingkang sajarah antawisipun klausa *durung tutug Maniking ngandhan-ngandhani*, kaliyan klausa *Lirih wis wiwit ngetiki surat sing dikarepake* dipunsengkuyung dening titikan *sintaksis* saha *semantis*. Titikan *sintaksis* bilih wosing klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng boten saged dipunpindhah papanipun, dene titikan *semantis* bilih klausa-klausa ingkang dipungandheng dening tembung panggandheng boten nedahaken sungsunipun wos ukara. Bab menika ketinggal ing ukara (3.d) bilih klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng **nanging**, *struktur* ukaranipun boten trep saha tegesing ukara boten *logis*.

Panganggenipun tembung panggandheng **nanging** supados mujudaken ukara *durung tutug Maniking ngandhan-ngandhani, Lirih wis wiwit ngetiki surat sing dikarepake* ingkang *kronologis* saha *gramatikal* mapanipun ing antawisipun klausa (1) saha klausa (2). Awit saking menika, *struktur fungsi sintaksis* ukaranipun kados ngandhap menika.

(3.e) Durung tutug Maniking ngandhan-ngandhani, [Ø] Lirih wis wiwit ngetiki
 K J W **Tpts** J W
surat sing dikarepake.
 L

Tembung panggandheng **nanging** trep kangge ngisi panandha [Ø] ing ukara (2.e). Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(3.f) *durung tutug Maniking ngandhan-ngandhani,* $\left. \begin{array}{l} \textbf{nanging} \\ *utawa \\ *lan sabanjure \\ *malah \end{array} \right\}$ *Lirih*

wis wiwit ngetiki surat sing dikarepake.

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **nanging**. Bab menika amargi tembung panggandheng **nanging** mujudaken sesambetan *makna pertentangan* inggih menika *durung tutug ngandhan-ngandhani* >< *wis wiwit ngetiki*. Ewadene *utawa* (mujudaken sesambetan *makna* pilihan), *lan sabanjure* (mujudaken sesambetan *makna* sesambungan ingkang urutan), saha *malah* (mujudaken sesambetan *makna* luwih) boten trep. Bab menika amargi, panganggenipun tembung panggandheng *durung tutug Maniking ngandhan-ngandhani, Lirih wis wiwit ngetiki surat sing dikarepake* mujudaken tegesing ukara ingkang boten *logis*.

Tembung panggandheng awujud *monomorfemis* ing jinising tembung panggandheng *koordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna pertentangan* ugi kapanggihaken ing dhata ngandhap menika. Panggandhengipun klausa-klausa ing satunggal ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken ngginakaken tandha pamaos koma (,).

- (4) *Uga kabeh critane Maniking mbedhedheg atine nalika sawijine bengi bisa ketemu Abrit Mayamaya ing Café Sunar Rembulan ing Kemang. Mbedhedheg, ing kantor tingkatane Abrit karo Maniking kuwi kacek adoh banget. Abrit ratu iklan Sabun Luxor sing dibayar mayuta-yuta, Maniking mung karyawati klerehane Bu Langit, seksi marketing. Nanging ing Café Sunar Rembulan, drajate padha. CPP 178/ P1/ K5*

Saking paragraf ing nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken inggih menika *Abrit ratu iklan Sabun Luxor sing dibayar mayuta-yuta, Maniking mung karyawati klerehane Bu Langit, seksi marketing*. Ukara menika, kedadosan saking kalih klausa inggih menika klausa (1)

Abrit ratu iklan Sabun Luxor sing dibayar mayuta-yuta saha klausa (2) Maniking mung karyawati klerehane Bu Langit, seksi marketing.

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *Abrit ratu iklan Sabun Luxor sing dibayar mayuta-yuta, Maniking mung karyawati klerehane Bu Langit, seksi marketing* saged dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), *Abrit minangka jejer, ratu iklan sing dibayar mayuta-yuta minangka wasesa, Sabun Luxor minangka geganep, dene ing klausa (2), Maniking minangka jejer, mung karyawati minangka wasesa, klerehane Bu Langit, seksi marketing minangka geganep.* Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *Abrit ratu iklan Sabun Luxor sing dibayar mayuta-yuta, Maniking mung karyawati klerehane Bu Langit, seksi marketing* inggih menika $J - W - G + J - W - G$.

Menawi dipuntingali saking sesambetan tegesipun, klausa *Abrit ratu iklan Sabun Luxor sing dibayar mayuta-yuta saha klausa Maniking mung karyawati klerehane Bu Langit, seksi marketing* saged dados kalih ukara ingkang madeg piyambak. Ukara menika kados ing ngandhap menika.

(4.a) Abrit ratu iklan Sabun Luxor sing dibayar mayuta-yuta.

(4.b) Maniking mung karyawati klerehane Bu Langit, seksi marketing.

Klausa utawi ukara (4.a) nginggil boten awujud perangan saking klausa utawi ukara (4.b). Sawangsulipun, ukara (4.b) dede perangan saking ukara (4.a). Awit saking menika, saged dipun*tafsiraken* bilih kalih klausa utawi ukara ing nginggil menika saajar.

Menawi dipuntingali saking tegesipun, kalih klausa ing ukara *Abrit ratu iklan Sabun Luxor sing dibayar mayuta-yuta, Maniking mung karyawati klerehane Bu*

Langit, seksi marketing, menika ngemot wosing ukara ingkang wigatos. Tegesipun klausa (2) lelawananipun kaliyan tegesipun klausa (1). Bab menika katingal saking *fungsi wasesanipun* inggih menika *ratu iklan sing dibayar mayuta-yuta >< mung karyawati*. Kalih perangan menika tegesipun beda statusipun (kacek). Adhedhasar sajarahipun kalih klausa menika saha tegesipun ingkang nggabungaken prastawa ing kalih klausa menika sami lelawanan, kalih klausa menika trep dipungandheng ngangge tembung panggandheng **dene**.

Pangangenipun tembung panggandheng **dene** saged dipungantos ngangge tembung panggandheng **nanging, ning** (Wedhawati, 2006: 536). Tembung panggandheng ingkang satunggal wujud menika mapan ing antawisipun klausa (1) kaliyan klausa (2) kados ukara ngandhap menika.

(4.c) *Abrit ratu iklan Sabun Luxor sing dibayar mayuta-yuta,* $\left. \begin{array}{l} \mathbf{dene} \\ \mathbf{nanging} \\ \mathbf{ning} \end{array} \right\}$
Maniking mung karyawati klerehane Bu Langit, seksi marketing.

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **dene, nanging, ning** kalebet tembung panggandheng *monomorfemis*. Tembung panggandheng **dene** saha **nanging** kedadosan saking satunggal *morfem* bebas awujud tembung lingga ingkang dereng pikantuk wuwuhan menapa-menapa. Wondene, tembung panggandheng **ning** minangka tembung panggandheng **nanging** ingkang dipuncakakaken.

Menawi dipuntingali saking paedahipun, tembung panggandheng **dene** kalebet tembung panggandheng *koordinatif*. Bab menika kabukten saking ukara ngandhap menika.

Maniking mung karyawati klerehane Bu Langit, seksi marketing.

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **dene**. Bab menika amargi tembung panggandheng **dene** mujudaken sesambetan *makna pertentangan* inggih menika *ratu iklan* >< *mung karyawati*. Ewadene *utawa* (mujudaken sesambetan *makna pilihan*), *lan* (mujudaken sesambetan *makna sesambungan*), *saha tur* (mujudaken sesambetan *makna luwih*) boten trep. Bab menika amargi, pangangenipun tembung panggandheng *durung tutug Maniking ngandhan-ngandhani, Lirih wis wiwit ngetiki surat sing dikarepake* mujudaken tegesing ukara ingkang boten *logis*.

3) **Tembung panggandheng koordinatif ingkang mujudaken sesambetan makna urutan**

Ing panaliten menika, kapanggihaken tembung panggandheng *koordinatif* awujud *monomorfemis* ingkang dipunsingidaken, mujudaken sesambetan *makna* urutan ing ukara camboran. Panggandhengipun klausa-klausa ing satunggal ukara camboran ngginakaken tandha pamaos koma (,). Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan *makna* urutan kapanggihaken ing dhata ngandhap menika.

(5) *Ora papa sawung karo nomnoman bregas kang kaya mengkono! Lirih cepet mikire, cepet gawe keputusan. Ora rugi, sawung karo wong kuwi! **Lirih mandheg, tumoleh**. Wong lanang mau wis tangi gemregah, ora pringisan kelaran babar pisan. Mandeng Lirih karo mesem ngajak ngguyu. CPP 82/ P2/ K1*

Saking paragraf nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken inggih menika *Lirih mandheg, tumoleh*. Ukara menika, kedadosan saking kalih klausa inggih menika klausa (1) *Lirih mandheg* saha klausa (2) *tumoleh*.

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *Lirih mandheg, tumoleh* saged dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), *Lirih* minangka jejer, *mandheg* minangka wasesa, ing klausa (2), jejeripun sami kaliyan klausa (1) inggih menika *Lirih* ananging panyeratanipun dipunsingidaken, *tumoleh* minangka wasesa. Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *Lirih mandheg, tumoleh* inggih menika J – W + W.

Menawi dipuntingali saking sesambetan tegesipun, klausa *Lirih mandheg* saha klausa *tumoleh* saged dados kalih ukara ingkang madeg piyambak. Klausa *tumoleh* gadhah jejer inggih menika *Lirih*. Ukara menika kados ing ngandhap menika.

(5.a) *Lirih mandheg.*

(5.b) *Lirih tumoleh.*

Klausa utawi ukara (5.a) nginggil boten awujud perangan saking klausa utawi ukara (5.b). Sawangsulipun, ukara (5.b) dede perangan saking ukara (5.a). Awit saking menika, saged dipun*tafsir*aken bilih kalih klausa utawi ukara ing nginggil menika sajajar.

Menawi dipuntingali saking tegesipun, kalih klausa ing ukara *Lirih mandheg, tumoleh*, menika ngemot wosing ukara ingkang wigatos. Tegesipun klausa (2) urutan kaliyan tegesipun klausa (1). Wasesa *mandheg* kaliyan wasesa *tumoleh* ing kalih klausa menika ngandharaken tindak tandukipun *Lirih* ingkang urutan inggih menika *tumoleh* tegesipun ‘mlengo dhateng wingkingipun’ sesampunipun piyambakipun *mandheg* tegesipun ‘leren mari mlaku’. Adhedhasar sajajaripun kalih klausa menika saha tegesipun ingkang

nggabungaken prastawa ingkang urutan saking kalih klausa menika, kalih klausa menika trep dipungandheng ngangge tembung panggandheng **banjur**.

Panganggenipun tembung panggandheng **banjur** saged dipungantos ngangge tembung panggandheng **nuli, terus, tumuli, langsung** (Wedhawati, 2006: 402). Tembung panggandheng ingkang satunggal wujud menika mapan ing antawisipun klausa (1) kaliyan klausa (2) kados ukara ngandhap menika.

(5.c) Lirih mandheg { **banjur**
nuli
terus
tumuli
langsung } tumoleh.

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **banjur, nuli, terus, tumuli, langsung** kalebet tembung panggandheng *monomorfemis*. Tembung panggandheng menika kedadosan saking satunggal *morfem* bebas awujud tembung lingga saha dereng pikantuk wuwuhan menapa-menapa.

Menawi dipuntingali saking paedahipun, tembung panggandheng **banjur** kalebet tembung panggandheng *koordinatif*. Bab menika kabukten saking ukara ngandhap menika.

(5.d)* [**Banjur**] tumoleh, Lirih mandheg.

Sesambetan *makna* ingkang sajajar antawisipun klausa *Lirih manddheg*, kaliyan klausa *tumoleh* dipunsengkuyung dening titikan *sintaksis* saha *semantis*. Titikan *sintaksis* bilih wosing klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng boten saged dipunpindhah papanipun, dene titikan *semantis* bilih klausa-klausa ingkang dipungandheng dening tembung panggandheng boten nedahaken sungsunipun wos ukara. Bab menika ketingal ing ukara (5.d) bilih klausa ingkang

dipunwiwiti tembung panggandheng **banjur**, *struktur* ukaranipun boten trep saha *makna* ukaranipun boten *logis*.

Panganggenipun tembung panggandheng **banjur** supados mujudaken ukara *Lirih mandheg*, *tumoleh* ingkang *kronologis* saha *gramatikal* mapanipun ing antawisipun klausa (1) saha klausa (2). Awit saking menika, *struktur fungsi sintaksis* ukaranipun kados ngandhap menika.

(5.e) Lirih mandheg, [Ø] tumoleh.
 J W **Tpts** W

Tembung panggandheng **banjur** trep kangge ngisi panandha [Ø] ing ukara (5.e). Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(5.f) *Lirih mandheg*, $\left. \begin{array}{l} \mathbf{banjur} \\ *lan \\ *utawa \\ *malah \end{array} \right\} tumoleh.$

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **banjur**. Tembung panggandheng **banjur** mujudaken sesambetan makna urutan inggih menika *Lirih tumoleh* sesampunipun piyambakipun *mandheg* anggenipun mlampah. Ewadene *lan* (mujudaken sesambetan *makna* sesambungan ingkang wetah), *utawa* (mujudaken sesambetan *makna* pilihan), saha *malah* (mujudaken sesambetan *makna* luwih) boten trep. Bab menika amargi panganggenipun tembung panggandheng *lan*, *utawa* saha *malah* ing ukara *Lirih mandheg*, *tumoleh* mujudaken makna ingkang boten *logis*.

4) **Tembung panggandheng koordinatif ingkang mujudaken sesambetan makna pilihan**

Ing panaliten menika, kapanggihaken tembung panggandheng *koordinatif* awujud *monomorfemis* ingkang dipunsingidaken, mujudaken sesambetan *makna pilihan* ing ukara camboran. Panggandhengipun klausa-klausa ing satunggal ukara camboran ngginakaken tandha pamaos koma (.). Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan *makna pilihan* kapanggihaken ing dhata ngandhap menika.

- (6) “*Kula nyuwun medal kemawon, Bu. Kula mboten saged nglampahi syarat mutlak pikekahipun Ibu, “ujare Lirih nalika ngadhep atasane. Wandane suntrut, sedhah, kembang-kembang eluh, ndhingkluk. Dheweke pancen dicandhet dhewe, ora oleh metu. **Ruwangan kosong, karyawan wayahe lagi padha ngaso, mangan awan.** CPP 194/ P2/ K1*

Saking paragraf nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken inggih menika *ruwangan kosong, karyawan wayahe lagi padha ngaso, mangan awan*. Ukara menika, kedadosan saking tigang klausa inggih menika klausa (1) *ruwangan kosong*, klausa (2) *karyawan wayahe lagi padha ngaso* saha klausa (3) *mangan awan*.

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *ruwangan kosong, karyawan wayahe lagi padha ngaso, mangan awan* dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), *ruwangan* minangka jejer, *kosong* minangka wasesa, ing klausa (2), *karyawan* minangka jejer, *lagi padha ngaso* minangka wasesa, saha ing klausa (3), jejeripun sami kaliyan klausa (2) inggih menika *karyawan, mangan awan* minangka wasesa.. Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *ruwangan kosong, karyawan wayahe lagi padha ngaso, mangan awan* inggih menika J – W + J – W + W.

Menawi dipuntingali saking tegesing ukara, klausa *ruwangan kosong* minangka babon klausa saking klausa *karyawan wayahe mangan awan* saha klausa *mangan awan*. Bab menika ketinggal saking tembung panggandheng *wayahe* minangka katrangan wekdal. Wondene klausa *karyawan lagi padha ngaso* saha klausa *karyawan mangan awan* saged dados kalih ukara ingkang madeg piyambak, inggih menika.

(6.a) *Karyawan lagi padha ngaso.*

(6.b) *Karyawan mangan awan.*

Klausa utawi ukara (6.a) nginggil boten awujud perangan saking klausa utawi ukara (6.b). Sawangsulipun, ukara (6.b) dede perangan saking ukara (6.a). Awit saking menika, saged dipun~~tafsir~~aken bilih kalih klausa utawi ukara ing nginggil menika sajajar.

Menawi dipuntingali saking tegesipun, kalih klausa ing ukara *Lirih mandheg, tumoleh*, menika ngemot wosing ukara ingkang wigatos. Tegesipun klausa (2) minangka pilihan saking tegesipun klausa (1). Klausa *karyawan wayahe mangan awan* saha klausa *mangan awan* ing ukara *ruwangan kosong, karyawan wayahe mangan awan, mangan awan* ngandharaken kalih kahanan ingkang sami wigatosipun. Saking kalih klausa menika, dipunpanggihaken bilih tegesipun wasesa *lagi padha ngaso* kaliyan *mangan awan* ngemot sesambetan makna pilihan. Pilihan ing mriki, inggih menika pilihan kangge karyawan badhe sumene menapa badhe dhahar siyang. Tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **utawa**.

Panganggenipun tembung panggandheng **utawa** saged dipungantos ngangge tembung panggandheng **apa** (Wedhawati, 2006: 402). Tembung panggandheng ingkang satunggal wujud menika mapan ing antawisipun klausa (2) kaliyan klausa (3) kados ukara ngandhap menika.

(6.c) *Ruwangan kosong, karyawan wayahe lagi padha ngaso, { utawa } mangan apa } awan.*

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **utawa** saha **apa**, kalebet tembung panggandheng *monomorfemis*. Tembung panggandheng menika kedadosan saking satunggal *morfem* bebas awujud tembung lingga saha dereng pikantuk wuwuhan menapa-menapa.

Menawi dipuntingali saking paedahipun, tembung panggandheng **utawa** kalebet tembung panggandheng *koordinatif*. Bab menika kabukten saking ukara ing ngandhap menika.

(6.d) **Ruwangan kosong, (utawa) mangan awan, karyawan wayahe lagi padha ngaso.*

Sesambetan makna ingkang saajar antawisipun klausa *karyawan lagi padha ngaso*, kaliyan klausa *mangan awan* dipunsengkuyung dening titikan *sintaksis* saha *semantis*. Titikan *sintaksis* bilih wosing klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng boten saged dipunpindhah papanipun, dene titikan *semantis* bilih klausa-klausa ingkang dipungandheng dening tembung panggandheng boten nedahaken sungsunipun wos ukara. Bab menika ketalang ing ukara (6.d) bilih klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng **utawa**, struktur ukaranipun boten trep saha makna ukaranipun boten *logis*.

Panganggenipun tembung panggandheng **utawa** supados mujudaken ukara *ruwangan kosong, karyawan wayahe lagi padha ngaso, mangan awan* ingkang *kronologis* saha *gramatikal* mapanipun ing antawisipun klausa (2) saha klausa (3). Awit saking menika, *struktur fungsi sintaksis* ukaranipun kados ngandhap menika.

(6.e) Ruwangan kosong, karyawan wayahe lagi padha ngaso [Ø] mangan awan.
 J W J Tps W **Tpts** W

Tembung panggandheng **utawa** trep kangge ngisi panandha [Ø] ing ukara (6.e). Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(6.f) *Ruwangan kosong, karyawan wayahe lagi padha ngaso,* $\left. \begin{array}{l} \textit{utawa} \\ \textit{*lan} \\ \textit{*tur} \\ \textit{*banjur} \end{array} \right\}$
mangan awan.

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **utawa**. Tembung panggandheng **utawa** mujudaken sesambetan *makna* pilihan. Pilihan ingkang dipunandharaken ing kekalih klausa inggih menika pilihanipun karyawan badhe sumene menapa badhe dhahar siyang. Ewadene *lan* (mujudaken sesambetan *makna* sesambungan ingkang wetah), *tur* (mujudaken sesambetan *makna* luwih), saha *banjur* (mujudaken sesambetan *makna* urutan) boten trep. Bab menika amargi panganggenipun tembung panggandheng *lan*, *tur*, saha *banjur* mujudaken wosing ukara ingkang boten *logis*.

b. Tembung panggandheng awujud *monomorfemis* ing jinising tembung panggandheng *subordinatif*

Tembung panggandheng *subordinatif* inggih menika tembung panggandheng ingkang dipunginakaken kangge nggandheng klausa ingkang tataran kawigatosan wosipun boten sami. Klausa ingkang dipungandheng inggih menika babon klausa kaliyan klausa pang. Tembung panggandheng *monomorfemis* kanthi jinis *subordinatif* wonten sesambetan makna isi, saha cara.

1) Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan makna isi

Ing panaliten menika, kapanggihaken tembung panggandheng *subordinatif* awujud *monomorfemis* ingkang dipunsingidaken, mujudaken sesambetan *makna* isi ing ukara camboran. Panggandhengipun klausa-klausa ing satunggal ukara camboran ngginakaken tandha pamaos koma (.). Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan *makna* isi kapanggihaken ing dhata ngandhap menika.

(7) *Mula Luhur ya gage nututi lakune, ngetutake menyang endi parane. Nemu gagasan. Enake iki ya direkayasa. Ketemu utawa kepranggulan karo Kenya kuwi uga diskenario sing ngeramake. Ketemu sajak ora sengaja, ora kenyana. Wiiih, hebat! Luhur ngrasa, dheweke kuwi satemene kudu dadi tukang gawe crita, tukang gawe skenario film!* CPP 78/ P1/ K11

Saking paragraf nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken inggih menika *Luhur ngrasa, dheweke kuwi satemene kudu dadi tukang gawe crita, tukang gawe skenario film.* Ukara camboran menika, kedadosan saking tigang klausa inggih menika klausa

(1), *Luhur ngrasa*, klausa (2) *dheweke kuwi satemene kudu dadi tukang gawe crita*, klausa (3) *tukang gawe skenario film*.

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *Luhur ngrasa*, *dheweke kuwi satemene kudu dadi tukang gawe crita*, *tukang gawe skenario film*, saged dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), *Luhur minangka jejer*, *ngrasa minangka wasesa*, ing klausa (2) *dheweke kuwi minangka jejer satemene kudu dadi minangka wasesa*, *tukang gawe crita minangka geganep*, ing klausa (3), *tukang gawe minangka wasesa*, *skenario minangka lesan*, *film minangka geganep*. Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *Luhur ngrasa*, *dheweke kuwi satemene kudu dadi tukang gawe crita*, *tukang gawe skenario film*, inggih menika $J - W + J - W - G + W - L - G$.

Ukara *Luhur ngrasa*, *dheweke kuwi satemene kudu dadi tukang gawe crita*, *tukang gawe skenario film*, tumata kanthi *kronologis* saha *gramatikal*. Ukara menika dados boten *gramatikal* menawi klausanipun dipunpindhah, kados ukara ngandhap menika.

(7.a) *Dheweke kuwi satemene kudu dadi tukang gawe crita*, *tukang gawe skenario film*, *Luhur ngrasa*.

Menawi dipuntingali saking *struktur fungsi* ukaranipun, ukara *Luhur ngrasa*, *dheweke kuwi satemene kudu dadi tukang gawe crita*, *tukang gawe skenario film* inggih menika $J - W + [\emptyset] - J - W - G + W - L - G$. *Struktur fungsi sintaksis* menika menawi dipunandharaken ing ukara nginggil kados ngandhap menika.

(7.b) Luhur ngrasa, [\emptyset] dheweke kuwi satemene kudu dadi tukang gawe crita,
 J W Tpts J W G

tukang gawe skenario film.
W L G

Menawi dipuntingali saking tegesing ukara, klausa *Luhur ngrasa*, minangka kahanan utawi prastawa ingkang kedadosan saking klausa *dheweke kuwi satemene kudu dadi tukang gawe crita*, saha klausa *tukang gawe skenario film*. Wondene, klausa *dheweke kuwi satemene kudu dadi tukang gawe crita*, saha klausa *tukang gawe skenario film* minangka wangsulan saking pitakenan *menapa ingkang dados raos-pangraosipun Luhur?* Awit saking menika, klausa *dheweke kuwi satemene kudu dadi tukang gawe crita*, saha klausa *tukang gawe skenario film* saged dipunsukani tembung panggandheng **yen**.

Panganggenipun tembung panggandheng **yen** saged dipungantos ngangge tembung panggandheng **menawa** (Wedhawati, 2006: 403). Tembung panggandheng ingkang satunggal wujud menika mapan ing antawisipun klausa (1) kaliyan klausa (2) kados ukara ngandhap menika.

(7.c) *Luhur ngrasa*, $\left\{ \begin{array}{l} \mathbf{yen.} \\ \mathbf{menawa} \end{array} \right\}$ *dheweke kuwi satemene kudu dadi tukang gawe crita, tukang gawe skenario film.*

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **yen**, **menawa** kalebet tembung panggandheng *monomorfemis*. Tembung panggandheng **yen**, **menawa** kedadosan saking satunggal *morfem* awujud tembung lingga ingkang dereng pikantuk wuwuhan menapa-menapa.

Menawi dipuntingali saking paedahipun, tembung panggandheng **yen** kalebet tembung panggandheng *subordinatif*. Bab menika kabukten kanthi ukara ngandhap menika.

(7.d) *Luhur ngrasa*.

(7.e) [**Yen**] *dheweke kuwi satemene kudu dadi tukang gawe crita, tukang gawe skenario film.*

(7.f) [**Yen**] *dheweke kuwi satemene kudu dadi tukang gawe crita, tukang gawe skenario film, dirasa dening Luhur.*

Klausa *Luhur ngrasa* minangka babon klausa (7.d). Babon klausa inggih menika klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara. Wondene, panganggenipun tembung panggandheng **yen** ing klausa *dheweke kuwi satemene kudu dadi tukang gawe crita, tukang gawe skenario film*, mratandhani bilih klausa menika klausa pang (7.e). Klausa pang inggih menika klausa ingkang boten saged madeg piyambak dados ukara ananging awujud perangan saking klausa sanes. Klausa *yen dheweke kuwi satemene kudu dadi tukang gawe crita, tukang gawe skenario film* minangka fungsi lesan saking klausa *Luhur ngrasa*. Bab menika kabukten ing ukara (7.f) bilih klausa mawi tembung panggandheng *yen* saged dados jejer ing ukara tanggap. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang dipunwastani tembung panggandheng *subordinatif*.

Tembung panggandheng **yen** trep kangge ngisi ukara *Luhur ngrasa, dheweke kuwi satemene kudu dadi tukang gawe crita, tukang gawe skenario film*. Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(7.g) *Luhur ngrasa* $\left\{ \begin{array}{l} \mathbf{yen} \\ *amarga \\ *supaya \\ *kejaba \end{array} \right\}$ *dheweke kuwi satemene kudu dadi tukang gawe crita, tukang gawe skenario film.*

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **yen**. Tembung panggandheng **yen** mujudaken sesambetan *makna* isi inggih menika wosing menapa ingkang dipunraosaken Luhur. Ewadene *amarga* (mujudaken sesambetan *makna* sebab), *supaya* (mujudaken sesambetan *makna* ancas), saha lan *kejaba* (mujudaken sesambetan *makna pertentangan*) boten trep. Bab menika amargi panganggenipun tembung panggandheng *amarga*, *supaya*, saha *kejaba* ing ukara *Luhur ngrasa, dheweke kuwi satemene kudu dadi tukang gawe crita, tukang gawe skenario film* mujudaken wosing ukara ingkang boten *logis*.

2) Tembung panggandheng subordinatif ingkang mujudaken sesambetan makna cara

Ing panaliten menika, kapanggihaken tembung panggandheng *subordinatif* awujud *monomorfemis* ingkang dipunsingidaken, mujudaken sesambetan *makna* cara ing ukara camboran. Panggandhengipun klausa-klausa ing satunggal ukara camboran ngginakaken tandha pamaos koma (,). Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan *makna* cara kapanggihaken ing dhata ngandhap menika.

(8) *Dalane setapak njulek, kiwa pereng, tengen pereng. Lirih kudu mudhun, njojrog mengisor. Ing pantoge dalan ngisor katon banyu kimplah-kimplah, banyu kang asale saka grojogan ndhuwur gunung. Wah, mesthi peni banget lelumban dolan-dolan ing kono. CPP 76/P2/ K2*

Saking paragraf nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken inggih menika *Lirih kudu mudhun,*

njojrog mengisor. Ukara camboran menika, kedadosan saking kalih klausa inggih menika klausa (1), *Lirih kudu mudhun* saha klausa (2) *njojrog mangisor*.

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *Lirih kudu mudhun, njojrog mengisor*, saged dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), *Lirih* minangka jejer, *kudu mudhun* minangka wasesa, dene ing klausa (2), jejeripun sami kaliyan ing klausa (1) inggih menika *Lirih, njojrog* minangka wasesa, *mengisor* minangka geganep. Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *Lirih kudu mudhun, njojrog mengisor*, inggih menika J – W + W – G.

Ukara *Lirih kudu mudhun, njojrog mengisor* tumata kanthi *kronologis* saha *gramatikal*. Ukara menika dados boten *gramatikal* menawi klausanipun dipunpindhah, kados ukara ing ngandhap menika.

(8.a) *Njojrog mengisor, Lirih kudu mudhun*.

Menawi dipuntingali saking *struktur fungsi* ukaranipun, ukara *Lirih kudu mudhun, njojrog mengisor* inggih menika J – W + [Ø] – W – G. *Struktur fungsi sintaksis* menika menawi dipunandharaken ing ukara nginggil kados ngandhap menika.

(8.b) Lirih kudu mudhun, [Ø] njojrog mengisor.
 J W **Tpts** W G

Menawi dipuntingali saking tegesing ukara, klausa *Lirih kudu mudhun*, minangka kahanan utawi prastawa ingkang dipuntindakaken kanthi *njojrog mengisor*. Wondene, klausa *njojrog mengisor* minangka wangsulane saking pitakenan *kados pundi anggenipun Lirih mandhap?* Wangsulane saking pitakenan menika ngandharaken katrangan cara. Awit saking menika, klausa *njojrog mengisor* saged dipunsukani tembung pangandheng **kanthi**.

Panganggenipun tembung panggandheng **kanthi** saged dipungantos ngangge tembung panggandheng **sarana, krana** (Wedhawati, 2006: 396). Tembung panggandheng ingkang satunggal wujud menika mapan ing antawisipun klausa (1) kaliyan klausa (2) kados ukara ngandhap menika.

(8.c) *Lirih kudu mudhun*, $\left\{ \begin{array}{l} \mathbf{kanthi} \\ \mathbf{sarana} \\ \mathbf{krana} \end{array} \right\}$ *njojrog mengisor*.

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **kanthi, sarana, krana** kalebet tembung panggandheng *monomorfemis*. Tembung panggandheng **kanthi, sarana, krana** kedadosan saking satunggal *morfem* bebas awujud tembung lingga ingkang dereng pikantuk wuwuhan menapa-menapa.

Menawi dipuntingali saking paedahipun, tembung panggandheng **kanthi** kalebet tembung panggandheng *subordinatif*. Bab menika kabukten saking ukara ing ngandhap menika.

(8.d) *Lirih kudu mudhun*.

(8.e) [**Kanthi**] *njojrog mengisor*.

(8.f) *Lirih*, [**kanthi**] *njojrog mengisor, kudu mudhun*.

(8.g) [**Kanthi**] *njojrog mengisor, Lirih kudu mudhun*.

Klausa *Lirih kudu mudhun* minangka babon klausa. Babon klausa inggih menika klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara (8.d). Wondene, panganggenipun tembung panggandheng **kanthi** ing klausa *njojrog mengisor*, mratandhani bilih klausa menika klausa pang. Klausa pang inggih menika klausa ingkang boten saged madeg dados ukara (8.e). Klausa *kanthi njojrog mengisor* minangka katrangan saking klausa *Lirih kudu mudhun*. Bab menika kabukten saking ukara (8.f) saha (8.g) bilih klausa mawi tembung panggandheng **kanthi**

papanipun saged dipunpindhah-pindhah. Kekalih ukara menika tetep ngemot makna ingkang sami kaliyan ukara *Lirih kudu mudhun kanthi jojrog mengisor*. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang kawastanan tembung panggandheng *subordinatif*.

Tembung panggandheng **kanthi** trep kangge ngisi ukara *Lirih kudu mudhun, jojrog mengisor*. Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(8.h) *Lirih kudu mudhun,* $\left\{ \begin{array}{l} \mathbf{kanthi} \\ *supaya \\ *prasasat \\ *amarga \end{array} \right\}$ *jojrog mengisor.*

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **kanthi**. Tembung panggandheng **kanthi** mujudaken sesambetan *makna* cara inggih menika caranipun Lirih mandhap kanthi njojrog. Ewadene *supaya* (mujudaken sesambetan *makna* ancas), *prasasat* (mujudaken sesambetan *makna* pepindhan), saha lan *amarga* (mujudaken sesambetan *makna* sebab) boten trep. Bab menika amargi pangangenipun tembung panggandheng *supaya, prasasat* saha *amarga* ing ukara *Lirih kudu mudhun, jojrog mengisor* mujudaken wosing ukara ingkang boten *logis*.

2. Tembung Panggandheng *Polimorfemis*

Tembung panggandheng *polimorfemis* inggih menika tembung panggandheng ingkang kedadosan saking kalih *morfem* utawi langkung. Wonten ing novel Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata, dipunpanggihaken tembung panggandheng *polimorfemis* namung ing jinis tembung panggandheng

subordinatif. Tembung panggandheng ingkang dipunpanggihaken inggih menika tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan *makna* titi mangsa, kados ing dhata ngandhap menika.

- (9) ***Kijang Innova mlaku, Lirih bali numpak jejer sopir.***
 “*Kuwi sabuk pengamane dienggo!*” pakone Piko marang Lirih.
 CPP 56/ P10/ K1

Saking paragraf nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken inggih menika *kijang Innova mlaku, Lirih bali numpak jejer sopir*. Ukara camboran menika, kedadosan saking kalih klausa inggih menika klausa (1), *kijang Innova mlaku* saha klausa (2) *Lirih bali numpak jejer sopir*.

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *kijang Innova mlaku, Lirih bali numpak jejer sopir*, saged dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), *kijang Innova* minangka jejer, *mlaku* minangka wasesa, dene ing klausa (2), *Lirih* minangka jejer, *bali numpak* minangka wasesa, *jejer sopir* minangka geganep. Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *kijang Innova mlaku, Lirih bali numpak jejer sopir*, inggih menika J – W + J – W – G.

Ukara *kijang Innova mlaku, Lirih bali numpak jejer sopir*, tumata kanthi boten *kronologis* saha *gramatikal*. Ukara menika dados *gramatikal* menawi klausanipun dipunpindhah, kados ukara ngandhap menika.

(9.a) *Lirih bali numpak jejer sopir, kijang Innova mlaku.*

Menawi dipuntingali saking tegesing ukara, klausa *Lirih bali numpak jejer sopir*, minangka kahanan utawi prastawa nalika klausa *kijang Innova mlaku*

Tembung panggandheng **sadurunge** kedadosan saking tigang *morfem* awujud ater ater *sa-*, tembung lingga *durung*, saha panambang *-e*. Tembung lingga *durung* pungkasan tembungipun awujud *vokal* saengga panambang *-e* tetep ajeg utawi boten ewah.

Menawi dipuntingali saking jinisipun, tembung panggandheng nalika kalebet tembung panggandheng *subordinatif*. Bab menika kabukten saking ukara ngandhap menika.

(9.d) [**Sadurunge**] *kijang Innova mlaku*.

(9.e) *Lirih bali numpak jejer sopir*.

(9.f) *Lirih, [sadurunge] kijang Innova mlaku, bali numpak jejer sopir* .

(9.g) *Lirih bali numpak jejer sopir [sadurunge] kijang Innova mlaku*.

Pangangenipun tembung panggandheng **sadurunge** ing klausa *kijang Innova mlaku*, mratandhani bilih klausa menika klausa pang. Klausa pang inggih menika klausa ingkang boten saged madeg piyambak dados ukara (9.d). Klausa **sadurunge** *kijang Innova mlaku* minangka katrangan saking klausa *Lirih bali numpak jejer sopir*. Bab menika kabukten saking ukara (9.f) saha (9.g) bilih klausa mawi tembung panggandheng nalika papanipun saged dipunpindhah-pindhah. Kekalih ukara menika tetep ngemot makna ingkang sami kaliyan ukara *sadurunge kijang Innova mlaku, Lirih bali numpak jejer sopir*. Wondene, klausa *Lirih bali numpak jejer sopir* minangka babon klausa. Babon klausa inggih menika klausa ingkang saged madeg dados ukara piyambak (9.e). Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang dipunwastani tembung panggandheng *subordinatif*.

Tembung panggandheng **sadurunge** trep kangge ngisi ukara *kijang Innova mlaku, Lirih bali numpak jejer sopir*. Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika

(9.h) $\left\{ \begin{array}{l} \textbf{Sadurunge} \\ *Kanthi \\ *Sauwise \\ *Amarga \end{array} \right\}$ *kijang Innova mlaku, Lirih bali numpak jejer sopir*.

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **sadurunge**. Tembung panggandheng **sadurunge** mujudaken sesambetan *makna* titi mangsa ingkang nedahaken bilih kahanan ing klausa mawi tembung panggandheng menika, kedadosanipun sesampunipun babon klausa kedadosan. Ukara *sadurunge kijang Innova mlaku, Lirih bali numpak jejer sopir* ngandharaken bilih *kijang Innova mlampah sesampunipun Lirih numpak jejer sopir*. Ewadene *kanthi* (mujudaken sesambetan *makna* cara), *sauwise* (mujudaken sesambetan *makna* titi mangsa, ingkang mujudaken pawitaning prastawa), saha lan *amarga* (mujudaken sesambetan *makna* sebab) boten trep. Bab menika amargi panganggenipun tembung panggandheng *kanthi*, *sauwise*, saha *amarga* ing ukara *kijang Innova mlaku, Lirih bali numpak jejer sopir* mujudaken wosing ukara ingkang boten *logis*.

3. Tembung Panggandheng Gabung Tembung

Tembung panggandheng awujud gabung tembung inggih menika tembung panggandheng ingkang kedadosan saking kalih tembung utawi langkung. Wonten novel Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata,

dipunpanggihaken tembung panggandheng awujud gabung tembung ing 2 jinis tembung panggandheng inggih menika tembung panggandheng *koordinatif* saha tembung panggandheng *subordinatif*.

a. Tembung panggandheng awujud gabung tembung ing jinising tembung panggandheng *koordinatif*

Tembung panggandheng awujud gabung tembung kapanggihaken ing jinising tembung panggandheng *koordinatif*. Tembung panggandheng ingkang kapanggihaken ing jinis menika, mujudaken sesambetan *makna* sesambungan, *pertentangan*, saha pilihan.

1) Tembung panggandheng *koordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* sesambungan

Ing panaliten menika, kapanggihaken tembung panggandheng *koordinatif* awujud gabung tembung ingkang dipunsingidaken, mujudaken sesambetan *makna* sesambungan ing ukara camboran. Panggandhengipun klausa-klausa ing satunggal ukara camboran ngginakaken tandha pamaos koma (.). Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan *makna* sesambungan kapanggihaken ing dhata ngandhap menika.

(10) *Adhep-adhepan cedhak banget karo Lirih, Luhur ora bisa ngempet kurdane penggalih. Lirih dirangkul, dikekep, diambung sengok!*”Episode loro teken kontrak!” CPP 189/ P5/ K1

Saking paragraf nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken inggih menika *Lirih dirangkul, dikekep, diambung sengok*. Ukara menika, kedadosan saking tigang klausa. Klausa (1) *Lirih dirangkul*, klausa (2) *dikekep* saha klausa (3) *diambung*.

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *Lirih dirangkul, dikekep, diambung sengok* saged dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), *Lirih* minangka jejer, *dirangkul* minangka wasesa, ing klausa (2), jejeripun sami kaliyan klausa (1) inggih menika *Lirih* ananging panyeratanipun dipunsingidaken, *dikekep* minangka wasesa, dene ing klausa (3) jejeripun sami kaliyan klausa (1) inggih menika *Lirih* ananging panyeratanipun dipunsingidaken, *diambung sengok* minangka wasesa. Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *Lirih dirangkul, dikekep, diambung sengok* inggih menika J – W + W + W.

Menawi dipuntingali saking tegesipun, klausa *Lirih dirangkul*, klausa *dikekep*, saha klausa *diambung sengok* saged dados kalih ukara ingkang madeg piyambak. Tigang ukara menika kados ing ngandhap menika.

(10.a) *Lirih dirangkul.*

(10.b) *Lirih dikekep.*

(10.c) *Lirih diambung sengok!*

Klausa utawi ukara (10.a) nginggil boten awujud perangan saking klausa utawi ukara (10.b) saha (10.c). Sawangsulipun, ukara (10.b) dede perangan saking ukara (10.a) saha (10.c). Semanten ugi, ukara (10.c) dede perangan saking ukara (10.a) saha (10.b). Awit saking menika, saged dipun~~afsir~~aken bilih tigang klausa utawi ukara ing nginggil menika sajajar.

Menawi dipuntingali saking tegesipun, tigang klausa ing ukara *Lirih dirangkul, dikekep, diambung sengok*, menika ngemot wosing ukara ingkang wigatos. Tegesipun klausa (3), klausa (2) saha klausa (1) sami sesambungan saha

urut-urutan. Tigang kahanan ingkang sesambungan inggih menika *dirangkul*, *dikekep* saha *diambung* prastawa ingkang dipuntindakaken Luhur dhateng Lirih kanthi urutan nalika kekalihipun adhep-adhepan. Wondene, prastawa Lirih *diambung* kedadosan sesampunipun Lirih *dikekep*, prastawa Lirih *dikekep* kedadosan sesampunipun Lirih *dirangkul*. Adhedhasar sajarahipun tigang klausa menika saha tegesipun ingkang nggabungaken prastawa ingkang sesambungan ingkang urutan, tigang klausa menika trep dipungandheng ngangge tembung panggandheng **lan banjur**.

Panganggenipun tembung panggandheng **lan banjur** saged dipungantos ngangge tembung panggandheng **lan sabanjure**, **lan terus**, **lan sateruse** (Wedhawati, 2006: 402). Menawi cacahipun klausa ingkang dipungandheng langkung saking kalih, tembung panggandheng ingkang satunggal wujud menika mapan ing antawisipun kalih klausa ing pungkasing ukara, kados ukara ing ngandhap menika.

(10.d) *Lirih dirangkul, dikekep,* $\left\{ \begin{array}{l} \textit{lan banjur} \\ \textit{lan sabanjure} \\ \textit{lan terus} \\ \textit{lan sateruse} \end{array} \right\}$ *diambung sengok!*

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **lan banjur**, **lan sabanjure**, **lan terus**, **lan sateruse** kalebet tembung panggandheng awujud gabung tembung. Tembung panggandheng-tembung panggandheng menika kedadosan saking kalih tembung kados ing ngandhap menika.

lan banjur	➔	lan + banjur
lan sabanjure	➔	lan + (sa- + banjur + -e)
lan terus	➔	lan + terus

lan sateruse → lan + (sa- + terus + -e)

Tembung **lan banjur** saha **lan terus** kedadosan saking kalih tembung awujud tembung lingga. Tembung **lan banjur** kedadosan saking tembung *lan* saha *banjur*. Tembung **lan terus** kedadosan saking tembung lingga *lan* saha *terus*. Wondene, tembung **lan sabanjure** kedadosan saking tembung lingga *lan* saha tembung andhahan *sabanjure*. Tembung *sabanjure* kedadosan saking tigang *morfem* inggih menika ater-ater sa-, tembung lingga *banjur* saha panambang –e. Pungkasan tembung lingga *banjur* awujud konsonan saengga panambang –e tetep ajeg. Semanten ugi tembung **lan sateruse**, kedadosan saking tembung lingga *lan* saha tembung andhahan *sateruse*. Tembung *sateruse* kedadosan saking tigang *morfem* inggih menika ater-ater sa-, tembung lingga *terus* saha panambang –e. Pungkasan tembung lingga *terus* awujud konsonan saengga panambang –e tetep ajeg.

Menawi dipuntingali saking paedahipun, tembung panggandheng **lan banjur** kalebet tembung panggandheng *koordinatif*. Bab menika kabukten saking ukara ngandhap menika.

(10.e) ***[Lan banjur]** diambung sengok, Lirih dirangkul, dikekep.

(10.f) *Lirih dirangkul, **[lan banjur]** diambung sengok, dikekep.

Sesambetan *makna* ingkang sajajar antawisipun klausa *Lirih dirangkul*, klausa *dikekep*, saha klausa *diambung sengok* dipunsengkuyung dening titikan *sintaksis* saha *semantis*. Titikan *sintaksis* bilih wosing klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng boten saged dipunpindhah papanipun, dene titikan *semantis* bilih klausa-klausa ingkang dipungandheng dening tembung

panggandheng boten nedahaken sungsunipun wos ukara. Bab menika ketingal ing ukara (10.e) saha (10.f) bilih klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng **lan banjur**, *struktur* ukaranipun boten trep saha makna ukaranipun boten *logis*. Awit saking menika tembung panggandheng dene kalebet jinis tembung panggandheng *koordinatif*.

Panganggenipun tembung panggandheng **lan banjur** ing antawisipun klausa (2) saha klausa (3). Awit saking menika, *struktur fungsi sintaksis* ukaranipun kados ngandhap menika.

(10.g) Lirih dirangkul, dikekep, [Ø] diambung sengok!
 J W W **Tpts** W

Tembung panggandheng **lan banjur** trep kangge ngisi panandha [Ø] ing ukara (10.g). Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(10.h) *Lirih dirangkul, dikekep* { **lan banjur**
 **utawa malah*
 **banjur*
 **lan malah* } *diambung sengok!*

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika tembung panggandheng **lan banjur**. Bab menika amargi tembung panggandheng **lan banjur** mujudaken sesambetan *makna* sesambungan. Ewadene *utawa malah* (mujudaken sesambetan *makna* pilihan kanthi luwih), *banjur* (mujudaken sesambetan *makna* urutan), saha *nanging uga* (mujudaken sesambetan *makna pertentangan* panambahan) boten trep. Bab menika amargi panganggenipun tembung panggandheng *utawa malah, banjur,*

saha *nanging uga* ing ukara *Lirih dirangkul, dikekep, diambung sengok*, mujudaken wosing ukara ingkang boten *logis*.

Tembung panggandheng awujud gabung tembung ing jinising tembung panggandheng *koordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* sesambungan ugi kapanggihaken ing dhata ngandhap menika. Panggandhengipun klausa-klausa ing satunggal ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken ngginakaken tandha pamaos koma (,).

(11) *Luhur ngadeg, terus ninggalake papan, arep mlaku-mlaku dhisik golek panorama kang nyegerake pandulu sakupenge tanah pagunungan Cipanas. Wis mubeng-mubeng, wis munggah punthuk mudhun ceruk, wis nontoni wong ing gunung sing mergawe apa kuwajibane urip sedina-dina, Luhur weruh klerape wong wadon nganggo rok abang sing beda karo padunung ing sakupenge.* CPP 77/ P2/ K1

Saking paragraf nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken ing ukara camboran inggih menika *wis mubeng-mubeng, wis munggah punthuk mudhun ceruk, wis nontoni wong ing gunung sing mergawe apa kuwajibane urip sedina-dina, Luhur weruh klerape wong wadon nganggo rok abang sing beda karo padunung ing sakupenge*. Ukara menika, kedadosan saking gangsal klausa inggih menika klausa (1) *wis mubeng-mubeng*, klausa (2) *wis munggah punthuk mudhun ceruk*, klausa (3) *wis nontoni wong ing gunung sing mergawe apa kuwajibane urip sedina-dina*, klausa (4) *Luhur weruh klerape wong wadon nganggo rok abang sing beda karo padunung ing sakupenge*.

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *wis mubeng-mubeng, wis munggah punthuk mudhun ceruk, wis nontoni wong ing*

gunung sing mergawe apa kuwajibane urip sedina-dina, Luhur weruh klerape wong wadon nganggo rok abang sing beda karo padunung ing sakupenge, saged dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), wis mubeng-mubeng minangka wasesa, ing klausa (2) wis munggah punthuk mudhun ceruk minangka wasesa, ing klausa (3) wis nontoni minangka wasesa, wong sing mergawe apa kuwajibane urip sedina-dina minangka lesan, ing gunung minangka katrangan, ing klausa (4) Luhur minangka jejer, weruh minangka wasesa, klerape wong wadon nganggo rok abang sing beda karo padunung ing sakupenge minangka geganep. Wondene, jejer ing klausa (1), (2) saha (3) sami kaliyan jejer klausa (4) inggih menika Luhur ananging panyeratanipun dipunsingidaken. Dados, struktur fungsi sintaksis kalih klausa ing ukara wis mubeng-mubeng, wis munggah punthuk mudhun ceruk, wis nontoni wong ing gunung sing mergawe apa kuwajibane urip sedina-dina, Luhur weruh klerape wong wadon nganggo rok abang sing beda karo padunung ing sakupenge, inggih menika W + W + W – G – K + J – W – G.

Menawi dipuntingali saking tegesipun, klausa *wis mubeng-mubeng*, klausa *wis munggah punthuk mudhun ceruk*, klausa *wis nontoni wong ing gunung sing mergawe apa kuwajibane urip sedina-dina*, saha klausa *Luhur weruh klerape wong wadon nganggo rok abang sing beda karo padunung ing sakupenge* saged dados sekawan ukara ingkang madeg piyambak. Sekawan ukara menika kados ing ngandhap menika.

(11.a) *Luhur wis mubeng-mubeng.*

(11.b) *Luhur wis munggah punthuk mudhun ceruk.*

(11.c) *Luhur wis nontoni wong ing gunung sing mergawe apa kuwajibane urip sedina-dina.*

(11.d) *Luhur weruh klerape wong wadon nganggo rok abang sing beda karo padunung ing sakupenge.*

Klausa utawi ukara (11.a) nginggil boten awujud perangan saking klausa utawi ukara (11.b), (11.c), (11.d). Ukara (11.b) dede perangan saking ukara (11.a), (11.c), (11.d). Ukara (11.c) dede perangan saking ukara (11.a), (11.b), (11.d). Ukara (11.d) dede perangan saking ukara (11.a), (11.b), (11.c). Awit saking menika, saged dipun*tafsiraken* bilih sekawan klausa utawi ukara ing nginggil menika sajajar.

Menawi dipuntingali saking tegesipun, sekawan klausa ing ukara *wis mubeng-mubeng, wis munggah punthuk mudhun ceruk, wis nontoni wong ing gunung sing mergawe apa kuwajibane urip sedina-dina, Luhur weruh klerape wong wadon nganggo rok abang sing beda karo padunung ing sakupenge*, menika ngemot wosing ukara ingkang wigatos. Tegesipun klausa (4), klausa (3), klausa (2) saha klausa (1) sami sesambungan saha urutan. Wondene tegesipun klausa (4) ngemot prastawa ingkang langkung pinunjul saking klausa-klausa (1), (2) menapa dene (3).

Bab menika kabukten saking tegesing sekawan klausa menika ingkang ngandharaken tindak tandukipun Luhur mlampah-mlampah pados panorama kangge nyegeraken pandulu ing tanah Cipanas. Sekawan klausa menika ngandharaken prastawa ingkang urutan inggih menika Luhur *mubeng-mubeng banjur minggah punthuk mandhap ceruk, banjur ningali tetiyang ing gunung menika, banjur ningali tiyang estri*. Wondene, ing klausa (4) piyambakipun ningali tiyang estri ngangge rok abrit ingkang beda saking masarakat padunungan menika. Adhedhasar sajajaripun sekawan klausa menika saha tegesipun ingkang nggabungaken prastawa ingkang sesambungan ingkang

urut-urutan saha mujudaken tegesing salah satunggal klausa langkung pinunjul, klausa-klausa menika trep dipungandheng ngangge tembung panggandheng **lan banjur malah**.

Panganggenipun tembung panggandheng **lan banjur malah** saged dipungantos ngangge tembung panggandheng **lan terus malah** (Wedhawati, 2006: 535). Menawi cacahipun klausa ingkang dipungandheng langkung saking kalih, tembung panggandheng ingkang satunggal wujud menika mapan ing antawisipun kalih klausa ing pungkasing ukara, kados ukara ing ngandhap menika.

(11.e) *Wis mubeng-mubeng, wis munggah punthuk mudhun ceruk, wis nontoni wong ing gunung sing mergawe apa kuwajibane urip sedina-dina,*
 { **lan banjur malah** } *Luhur weruh klerape wong wadon nganggo rok*
 { **lan terus malah** }
abang sing beda karo padunung ing sakupenge.

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **lan banjur malah, lan terus malah**, kalebet tembung panggandheng *gabung tembung* (Wedhawati, 2006: 402). Tembung panggandheng menika awujud gabungipun tigang tembung inggih menika:

lan banjur malah → lan + banjur + malah

lan terus malah → lan + terus + malah

Tembung panggandheng **lan banjur malah** saha **lan terus malah** kedadosan saking tigang tembung lingga. **Lan banjur malah** kedadosan saking tembung lingga *lan*, tembung lingga *banjur* saha tembung lingga *malah*, dene **lan terus malah** kedadosan saking tembung lingga *lan*, tembung lingga *terus* saha tembung lingga *malah*.

Menawi dipuntingali saking paedahipun, tembung panggandheng **lan banjur malah** kalebet tembung panggandheng *koordinatif*. Bab menika kabukten saking ukara ngandhap menika.

- (11.e) ***[Lan malah banjur]** *Luhur weruh klerape wong wadon nganggo rok abang sing beda karo padunung ing sakupenge, wis mubeng-mubeng, wis munggah punthuk mudhun ceruk, wis nontoni wong ing gunung sing mergawe apa kuwajibane urip sedina-dina.*
- (11.f) **Wis mubeng-mubeng, [lan malah banjur]* *Luhur weruh klerape wong wadon nganggo rok abang sing beda karo padunung ing sakupenge, wis munggah punthuk mudhun ceruk, wis nontoni wong ing gunung sing mergawe apa kuwajibane urip sedina-dina.*
- (11.g) **Wis mubeng-mubeng, wis munggah punthuk mudhun ceruk, [lan malah banjur]* *Luhur weruh klerape wong wadon nganggo rok abang sing beda karo padunung ing sakupenge, wis nontoni wong ing gunung sing mergawe apa kuwajibane urip sedina-dina.*

Sesambetan makna ingkang sajajar antawisipun klausa *wis mubeng-mubeng*, klausa *wis munggah punthuk mudhun ceruk*, klausa *wis nontoni wong ing gunung sing mergawe apa kuwajibane urip sedina-dina* saha klausa *Luhur weruh klerape wong wadon nganggo rok abang sing beda karo padunung ing sakupenge*, dipunsengkuyung dening titikan *sintaksis* saha *semantis*. Titikan *sintaksis* bilih wosing klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng boten saged dipunpindhah papanipun, dene titikan *semantis* bilih klausa-klausa ingkang dipungandheng dening tembung panggandheng boten nedahaken sungsunipun wos ukara. Bab menika ketingal ing ukara (11.e), (11.f) saha (11.g) bilih klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng **lan banjur malah**, *struktur* ukaranipun boten trep saha makna ukaranipun boten *logis*.

Pangangenipun tembung panggandheng **lan banjur malah** supados mujudaken ukara *wis mubeng-mubeng, wis munggah punthuk mudhun ceruk, wis nontoni wong ing gunung sing mergawe apa kuwajibane urip sedina-dina, Luhur*

weruh klerape wong wadon nganggo rok abang sing beda karo padunung ing sakupenge ingkang *kronologis* saha *gramatikal* mapanipun ing antawisipun klausa (3) saha klausa (4). Awit saking menika, *struktur fungsi sintaksis* ukaranipun kados ngandhap menika.

(11.f) Dhisike omah sing kosong pancen ditawakake marang Lirih nanging
 K J W K Tps
bareng nontoni tenan omahe Maniking, Maniking brubah pikiran
 W L J W L
 [Ø] ngajak Lirih nyewa bathon wae karo dheweke saomah sing dienggoni.
 Tpts W L G K

Tembung panggandheng **lan banjur malah** trep kangge ngisi panandha [Ø] ing ukara (10.g). Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(11.g) *Wis mubeng-mubeng, wis munggah punthuk mudhun ceruk, wis nontoni wong ing gunung sing mergawe apa kuwajibane urip sedina-dina,*
 { **lan banjur malah** } *Luhur weruh klerape wong wadon nganggo rok*
 { *tur maneh }
 { *utawa malah }
 { *nanging uga }
abang sing beda karo padunung ing sakupenge.

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **lan banjur malah**. Tembung panggandheng **lan banjur malah** mujudaken sesambetan makna sesambungan ingkang urutan kanthi luwih inggih menika ngandharaken tumindakipun Luhur ningali panorama kangge nyegeraken pandulu ing tanah Cipanas. Piyambakipun ningali klerapipun tiyang estri sesampunipun mubeng-mubeng, munggah gunung mandhap ceruk saha ningali tetiyang nyambet damel ing panudungipun menika. Ewadene *tur maneh* (mujudaken sesambetan makna luwih), *utawa malah* (mujudaken sesambetan makna pilihan ingkang luwih), saha *nanging uga* (mujudaken

sesambetan *makna pertentangan* panambahan) boten trep. Bab menika amargi panganggenipun tembung panggandheng *tur maneh, utawa malah saha nanging uga* ing ukara *wis mubeng-mubeng, wis munggah punthuk mudhun ceruk, wis nontoni wong ing gunung sing mergawe apa kuwajibane urip sedina-dina, Luhur weruh klerape wong wadon nganggo rok abang sing beda karo padunung ing sakupenge* mujudaken ukara boten logis.

2) Tembung panggandheng koordinatif ingkang mujudaken sesambetan makna pertentangan

Ing panaliten menika, kapanggihaken tembung panggandheng *koordinatif* awujud gabung tembung ingkang dipunsingidaken, mujudaken sesambetan *makna pertentangan* ing ukara camboran. Panggandhengipun klausa-klausa ing satunggal ukara camboran ngginakaken tandha pamaos koma (,). Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan *makna pertentangan* kapanggihaken ing dhata ngandhap menika.

(12) *Dipergoki, Luhur ora lungguh ngadhepi meja tulise, ora dhong maca utawa nulis kaya salumrahe wong nyambutgawe ing kantor. Dhirektur Anom Luhur lungguh ing kursi putere, madhepe marang cendhela kaca, nyawang manjaba.* CPP 147/ P2/ K1

Saking paragraf nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken kacethak kandhel inggih menika *dipergoki, Luhur ora lungguh ngadhepi meja tulise, ora dhong maca utawa nulis kaya salumrahe wong nyambutgawe ing kantor.* Ukara menika, kedadosan saking kalih klausa inggih menika klausa (1) *dipergoki*, klausa (2) *Luhur ora lungguh ngadhepi meja tulise*, klausa (3) *ora dhong maca utawa nulis*, saha klausa (4) *kaya salumrahe wong nyambutgawe ing kantor.*

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *dipergoki*, *Luhur ora lungguh ngadhepi meja tulise, ora dhong maca utawa nulis kaya salumrahe wong nyambutgawe ing kantor*, saged dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), jejer sami kaliyan klausa (2) inggih menika *Luhur* ananging panyeratanipun dipunsingidaken, *dipergoki* minangka wasesa, ing klausa (2), *Luhur* minangka jejer, *ora lungguh* minangka wasesa, *ngadhepi meja tulise* minangka geganep, ing klausa (3) jejeripun sami kaliyan klausa (2) inggih menika *Luhur* ananging panyeratanipun dipunsingidaken, *ora dhong* minangka wasesa, *maca utawa nulis* minangka geganep, dene ing klausa (4) *salumrahe wong* minangka jejer, *nyambutgawe* minangka wasesa, *ing kantor* minangka katrangan. Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *dipergoki*, *Luhur ora lungguh ngadhepi meja tulise, ora dhong maca utawa nulis kaya salumrahe wong nyambutgawe ing kantor*, inggih menika $W + J - W - G + W - G + J - W - K$.

Menawi dipuntingali saking tegesipun, klausa *Luhur ora lungguh ngadhepi meja tulise*, saha klausa *ora dhong maca utawa nulis* minangka kalih ukara ingkang madeg piyambak. Kalih ukara menika kados ing ngandhap menika.

(12.a) *Luhur ora lungguh ngadhepi meja tulise.*

(12.b) *Luhur ora dhong maca utawa nulis.*

Klausa utawi ukara (12.a) nginggil boten awujud perangan saking klausa utawi ukara (12.b). Sawangsulipun, ukara (12.b) dede perangan saking ukara (12.a). Awit saking menika, saged dipun~~tafsir~~aken bilih sekawan klausa utawi

ukara ing nginggil menika sajajar. Wondene, klausa *dipergoki* saha klausa *kaya salumrahe wong nyambutgawe ing kantor* minangka klausa pang.

Menawi dipuntingali saking tegesipun, kalih klausa ingkang saged madeg dados ukara piyambak menika, ngemot wosing ukara ingkang wigatos. Tegesipun klausa *Luhur ora lungguh ngadhepi meja tulise* sesambungan kaliyan klausa *ora dhong maca utawa nulis*. Tegesipun *ora lungguh ngadhepi meja tulise* kaliyan *ora dhong maca utawa nulis* ngandharaken kahananipun Luhur nalika dipunpergoki ingkang lelawananipun kaliyan salimrahipun tiyang nyambet damel ing kantor. Tiyang ingkang limrah nyambut damel ing kantor kedahipun lenggah madhep meja tulisipun kanthi maos utawi nyerat, ananging menika boten dipunmangertosi dening tiyang ingkang mergoki Luhur. Adhedhasar sajajaripun kalih klausa menika saha tegesipun ingkang nggabungaken prastawa ingkang lelawanan kanthi panambahan menika, kalih klausa menika trep dipungandheng ngangge tembung panggandheng **nanging uga**. Panganggenipun tembung panggandheng menika kados ing ukara ngandhap menika.

(12.c) *Dipergoki, Luhur ora lungguh ngadhepi meja tulise, [nanging uga] ora dhong maca utawa nulis, kaya salumrahe wong nyambutgawe ing kantor.*

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **nanging uga**, kalebet tembung panggandheng awujud gabung tembung. Tembung menika kedadosan saking kalih tembung kados ing ngandhap menika.

nanging uga → nanging + uga

Tembung panggandheng menika kedadosan saking kalih tembung awujud tembung lingga *nanging saha uga*.

Menawi dipuntingali saking paedahipun, tembung panggandheng **nanging uga** kalebet tembung panggandheng *koordinatif*. Bab menika kabukten saking ukara ngandhap menika.

(12.d) *Dipergoki, [**nanging uga**] ora dhong maca utawa nulis, Luhur ora lungguh ngadhepi meja tulise, kaya salumrahe wong nyambutgawe ing kantor.

Sesambetan makna ingkang saajar antawisipun klausa (2) *Luhur ora lungguh ngadhepi meja tulise*, kaliyan klausa (3) *ora dhong maca utawa ing ukara dipergoki, Luhur ora lungguh ngadhepi meja tulise, (nanging uga) ora dhong maca utawa nulis kaya salumrahe wong nyambutgawe ing kantor*, dipunsengkuyung dening titikan *sintaksis* saha *semantis*. Titikan *sintaksis* bilih wosing klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng boten saged dipunpindhah papanipun, dene titikan *semantis* bilih klausa-klausa ingkang dipungandheng dening tembung panggandheng boten nedahaken sungsunipun wos ukara. Bab menika katingal ing ukara (12.d) bilih klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng **nanging uga**, *struktur* ukaranipun boten trep saha tegesing ukara boten *logis*.

Panganggenipun tembung panggandheng **nanging uga** supados mujudaken ukara *dipergoki, Luhur ora lungguh ngadhepi meja tulise, ora dhong maca utawa nulis kaya salumrahe wong nyambutgawe ing kantor* ingkang *kronologis* saha *gramatikal* mapanipun ing antawisipun klausa (2) saha klausa (3). Awit saking menika, *struktur fungsi sintaksis* ukaranipun kados ngandhap menika.

(12.e) Dipergoki, Luhur ora lungguh ngadhepi meja tulise, [Ø] ora dhong
 W J W G Tpts W

maca utawa nulis kaya salumrahe wong nyambutgawe ing kantor.

G Tps J W K

Tembung panggandheng **nanging uga** trep kangge ngisi panandha [Ø]

ing ukara (12.e). Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(12.f) *Dipergoki, Luhur ora lungguh ngadhepi meja tulise,* { **nanging uga**
*utawa
*lan sabanjure
*malah }

ora dhong maca utawa nulis kaya salumrahe wong nyambutgawe ing kantor.

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **nanging uga**. Tembung panggandheng **nanging uga** mujudaken sesambetan *makna pertentangan* ingkang sesambungan. Buktinipun inggih menika klausa *ora lungguh ngadhepi meja tulise* sesambungan kaliyan klausa *ora dhong maca utawa nulis*. Wondene, kalih klausa menika lelawananipun kaliyan klausa *kaya salumrahe wong nyambutgawe ing kantor*. Ewadene *utawa* (mujudaken sesambetan *makna pilihan*), *lan sabanjure* (mujudaken sesambetan *makna* sesambungan ingkang urutan), saha *malah* (mujudaken sesambetan *makna* luwih) boten trep. Bab menika amargi pangangenipun tembung panggandheng *utawa, lan sabanjure* saha *malah* ing ukara *dipergoki, Luhur ora lungguh ngadhepi meja tulise, ora dhong maca utawa nulis kaya salumrahe wong nyambutgawe ing kantor* mujudaken wosing ukara ingkang boten *logis*.

3) Tembung panggandheng *koordinatif* ingkang mujudaken sesambetan **makna pilihan**

Ing panaliten menika, kapanggihaken tembung panggandheng *koordinatif* awujud gabung tembung ingkang dipunsingidaken, mujudaken sesambetan *makna*

pilihan ing ukara camboran. Panggandhengipun klausa-klausa ing satunggal ukara camboran ngginakaken tandha pamaos koma (.). Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan *makna* pilihan kapanggihaken ing dhata ngandhap menika.

(13) *Wong kuwi ngakune pangarsa seksi kantor kono, ngreti posisine Dhirektur Anom Luhur, pana gayutane tunangan karo Abrit, lan saiki nerka Lirih mrono nggoleki Mas Luhur, niyate migunakake keakraban kenale karo Mas Luhur, nggolek penggawean. Pangarsa seksi kuwi jelas ngewangi Abrit, sekongkelan karo sripanggung ayu kuwi! Nutuh tekane Lirih menyang kantor kono nerusake tumindak palanyahane! CPP 157/ P1/ K5*

Saking paragraf nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken kacetak kandhel inggih menika *pangarsa seksi kuwi jelas ngewangi Abrit, sekongkelan karo sripanggung ayu kuwi*. Ukara menika, kedadosan saking tigang klausa inggih menika klausa (1) *pangarsa seksi kuwi jelas ngewangi Abrit*, saha klausa (2) *sekongkelan karo sripanggung ayu kuwi*.

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *pangarsa seksi kuwi jelas ngewangi Abrit, sekongkelan karo sripanggung ayu kuwi*, dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), *pangarsa seksi kuwi* minangka jejer, *jelas ngewangi* minangka wasesa, *Abrit* minangka lesan, saha ing klausa (2), jejeripun sami kaliyan klausa (1) inggih menika *pangarsa seksi kuwi, sekongkelan* minangka wasesa, *karo sripanggung ayu kuwi* minangka katrangan. Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *pangarsa seksi kuwi jelas ngewangi Abrit, sekongkelan karo sripanggung ayu kuwi* inggih menika J – W – L + W – K.

Menawi dipuntingali saking tegesipun, klausa *pangarsa seksi kuwi jelas ngewangi Abrit*, saha klausa *sekongkelan karo sripanggung ayu kuwi* saha klausa

mangan awan saged dados kalih ukara ingkang madeg piyambak. Kalih ukara menika kados ing ngandhap menika.

(13.a) Pangarsa seksi kuwi jelas ngewangi Abrit.

(13.b) Pangarsa seksi kuwi sekongkelan karo sripanggung ayu kuwi.

Klausa utawi ukara (13.a) nginggil boten awujud perangan saking klausa utawi ukara (13.b). Sawangsulipun, ukara (13.b) dede perangan saking ukara (13.a). Awit saking menika, saged dipuntafsiraken bilih kalih klausa utawi ukara ing nginggil menika sajajar.

Menawi dipuntingali saking tegesipun, kalih klausa menika, ngemot wosing ukara ingkang wigatos. Tegesipun klausa *sekongkelan karo sripanggung ayu kuwi* minangka pilihan pamanggihipun Lirih ingkang langkung pinunjul saking klausa *pangarsa seksi kuwi jelas ngewangi Abrit*. Bab menika kabukten saking makna tembung *sekongkelan* ingkang langkung pinunjul saking makna tembung *ngewangi*. *Sekongkel* ateges ‘makarya sesarengan, damel rencana sesarengan saha dipunniyati sesarengan’. *Ngewangi* ateges ‘namung paring pitulungan kemawon tanpa ancas tartamtu sanesipun’. Adhedhasar sajarahipun kalih klausa menika saha tegesipun ingkang nggabungaken prastawa ingkang mujudaken pilihan ingkang salah satunggalipun langkung pinunjul menika, kalih klausa menika trep dipungandheng ngangge tembung panggandheng **utawa malah**. Panganggenipun tembung panggandheng menika kados ing ukara ngandhap menika.

(13.c) Pangarsa seksi kuwi jelas ngewangi Abrit [utawa malah] sekongkelan karo sripanggung ayu kuwi.

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **utawa malah**, kalebet tembung panggandheng awujud gabung tembung. Tembung panggandheng menika kedadosan saking kalih tembunga inggih menika.

utawa malah → utawa + malah

Tembung panggandheng **utawa malah** kedadosan saking kalih tembung awujud tembung lingga *utawa saha malah*.

Menawi dipuntingali saking paedahipun, tembung panggandheng **utawa malah** kalebet tembung panggandheng *koordinatif*. Bab menika kabukten saking ukara ngandhap menika.

(13.d)*(**Utawa malah**) *sekongkelan karo sripanggung ayu kuwi, pangarsa seksi kuwi jelas ngewangi Abrit.*

Sesambetan makna ingkang sajajar antawisipun klausa (1) *pangarsa seksi kuwi jelas ngewangi Abrit*, kaliyan klausa (2) *sekongkelan karo sripanggung ayu kuwi* dipunsengkuyung dening titikan *sintaksis* saha *semantis*. Titikan *sintaksis* bilih wosing klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng boten saged dipunpindhah papanipun, dene titikan *semantis* bilih klausa-klausa ingkang dipungandheng dening tembung panggandheng boten nedahaken sungsunipun wos ukara. Bab menika ketingal ing ukara (13.d) bilih klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng **utawa malah**, *struktur* ukaranipun boten trep saha tegesing ukara ingkang boten *logis*.

Pangangenipun tembung panggandheng **utawa malah** supados mujudaken ukara *pangarsa seksi kuwi jelas ngewangi Abrit, sekongkelan karo sripanggung ayu kuwi* ingkang *kronologis* saha *gramatikal* mapanipun ing

antawisipun klausa (1) saha klausa (2). Awit saking menika, *struktur fungsi sintaksis* ukaranipun kados ngandhap menika.

(13.e) $\frac{\text{J}}{\text{Karo sripanggung ayu kuwi!}}$ $\frac{\text{W}}{\text{Pangarsa seksu kuwi jelas ngewangi Abrit,}}$ $\frac{\text{L}}{\text{Tpts}}$ $\frac{\text{Ø}}{\text{sekongkelan}}$
 $\frac{\text{W}}{\text{K}}$

Tembung panggandheng **utawa malah** trep kangge ngisi panandha [Ø]

ing ukara (13.e). Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(13.f) $\frac{\text{J}}{\text{Karo sripanggung ayu kuwi.}}$ $\frac{\text{W}}{\text{Pangarsa seksu kuwi jelas ngewangi Abrit,}}$ $\frac{\text{L}}{\left. \begin{array}{l} \text{utawa malah} \\ *lan malah \\ *tur maneh \\ *banjur malah \end{array} \right\} \text{sekongkelan}}$

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **utawa malah**. Tembung panggandheng **utawa malah** mujudaken sesambetan *makna* pilihan ingkang luwih. Pilihan linuwih ingkang dipunandharaken ing kekalih klausa inggih menika pilihan babagan gagasanipun Lirih dhateng pangarsa seksu ingkang saweg dipundhedhepi. Wondene, tembung *sekongkelan* maknanipun langkung pinunjul saking makna tembung *ngewangi*. Ewadene *lan malah* (mujudaken sesambetan *makna* sesambungan luwih), *tur maneh* (mujudaken sesambetan *makna* luwih), saha *banjur malah* (mujudaken sesambetan *makna* urutan ingkang linuwih) boten trep. Bab menika amargi pangangenipun tembung panggandheng *lan malah*, *tur maneh*, *banjur malah* ing ukara *pangarsa seksu kuwi jelas ngewangi Abrit, sekongkelan karo sripanggung ayu kuwi* mujudaken wosing ukara ingkang boten *logis*.

4. Tembung Panggandheng *Monomorfemis/ Polimorfemis*

Tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran wonten ingkang dipunpanggihaken awujud *monomorfemis* utawi *polimorfemis*. Bab menika amargi tembung panggandheng ingkang dipunginakaken kangge nggandheng klausa-klausa ing ukara camboran saged dipungantos ngangge mawarni-warni tembung panggandheng. Wondene, tembung panggandheng menika wonten ingkang awujud *monomorfemis* saha *polimorfemis* ananging klausa ingkang dipungandheng mujudaken wosing ukara ingkang tetep sami. Tembung panggandheng menika dipunpanggihaken ing jinis *koordinatif* saha *subordinatif*.

a. Tembung Panggandheng awujud *monomorfemis/polimorfemis* ing jinising tembung panggandheng *Koordinatif*

Tembung panggandheng *koordinatif* ingkang dipunpanggihaken awujud *monomorfemis/ polimorfemis* ingkang saged sami gegantosan nggandheng klausa-klausa ing ukara camboran saged mujudaken sesambetan *makna pertentangan*. Ing panaliten menika, tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan *makna pertentangan* kapanggihaken ing dhata ngandhap menika.

(14) *Ibu Kinyis wis mlangkah rikat marani ruwang secretariat Manahira Ads, Abrit lendrag-lendreg semu wegah. Abrit mlangkah karo toleh-toleh nginguki toko souvenir lan warung fried chicken.*
CPP 212/ P2/ K1

Saking paragraf nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken inggih menika *Ibu Kinyis wis mlangkah rikat marani ruwang secretariat Manahira Ads, Abrit lendrag-lendreg semu wegah*. Ukara menika, kedadosan saking kalih klausa inggih menika klausa

(1) *Ibu Kinyis wis mlangkah rikat marani ruwang sekretariat Manahira Ads saha klausa (2) Abrit lendrag-lendreg semu wegah.*

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *Ibu Kinyis wis mlangkah rikat marani ruwang sekretariat Manahira Ads, Abrit lendrag-lendreg semu wegah* saged dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), *Ibu Kinyis* minangka jejer, *wis mlangkah rikat* minangka wasesa, *marani ruwang sekretariat Manahira Ads* minangka geganep, dene ing klausa (2), *Abrit* minangka jejer, *lendrag-lendreg* minangka wasesa, *semu wegah* minangka katrangan. Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *Ibu Kinyis wis mlangkah rikat marani ruwang sekretariat Manahira Ads, Abrit lendrag-lendreg semu wegah* inggih menika $J - W - G + J - W - K$.

Menawi dipuntingali saking tegesipun, klausa *Ibu Kinyis wis mlangkah rikat marani ruwang sekretariat Manahira Ads*, klausa *Abrit lendrag-lendreg semu wegah*, saged dados kalih ukara ingkang madeg piyambak. Kalih ukara menika kados ing ngandhap menika.

(14.a) *Ibu Kinyis wis mlangkah rikat marani ruwang sekretariat Manahira Ads.*

(14.b) *Abrit lendrag-lendreg semu wegah.*

Klausa utawi ukara (14.a) nginggil boten awujud perangan saking klausa utawi ukara (14.b). Sawangsulipun, ukara (14.b) dede perangan saking ukara (14.a). Awit saking menika, saged dipun~~afsir~~aken bilih kalih klausa utawi ukara ing nginggil menika sajjajar.

Menawi dipuntingali saking tegesipun, kalih klausa menika, ngemot wosing ukara ingkang wigatos. Tegesipun klausa (2) minangka *pertentangan*

awujud pambandhing saking klausa (1). Tegesipun *wis mlangkah rikat* >< *lendrag-lendreg semu wegah*. Kalih klausa menika sami-sami ngandharaken caranipun Ibu Kinyis saha Abrit mlangkah. Sesambetan *makna pertentangan* antawisipun klausa (1) kaliyan klausa (2) ketingal saking kalih tembung kaanan ing *fungsi* wasesa kekalih klausa menika. Tembung *rikat* minangka lelawananipun saking *lendrag-lendreg*. Adhedhasar sajarahipun kalih klausa menika saha tegesipun ingkang nggabungaken prastawa ingkang lelawanan. Dene prastawa ing klausa (1) dipunbandhingaken kaliyan klausa (1). Awit saking menika, kalih klausa menika trep dipungandheng ngangge tembung panggandheng **suwalike**.

Panganggenipun tembung panggandheng **suwalike** saged dipungantos ngangge tembung panggandheng **nanging, ning** (Wedhawati, 2006: 539). Tembung panggandheng menika mapan ing antawisipun klausa (1) kaliyan klausa (2) kados ukara ngandhap menika.

(14.c) Ibu Kinyis wis mlangkah rikat marani ruwang sekretariat Manahira Ads

{ **suwalike**
nanging
ning } Abrit lendrag-lendreg semu wegah.

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **nanging, ning** kalebet tembung panggandheng *monomorfemis*. Tembung panggandheng **nanging** kedadosan saking satunggal morfem awujud tembung lingga *nanging*. Tembung panggandheng **ning** kedadosan saking tembung *nanging* ingkang dipunccekakaken. Wondene, tembung panggandheng **suwalike**, kalebet tembung panggandheng *polimorfemis*. Tembung panggandheng menika kedadosan saking tigang *morfem*, inggih menika:

suwalike → se- + walik + -e

[Ø] Abrit lendrag-lendreg semu wegah.
 Tpts J W K

Tembung panggandheng **utawa malah** trep kangge ngisi panandha [Ø] ing ukara (14.e). Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(14.f) *Ibu Kinyis wis mlangkah rikat marani ruwang sekretariat Manahira Ads,*

$$\left. \begin{array}{l} \textit{suwalike} \\ \textit{*utawa} \\ \textit{*lan sabanjure} \\ \textit{*malahan} \end{array} \right\} \textit{Abrit lendrag-lendreg semu wegah.}$$

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **suwalike**. Tembung panggandheng **suwalike** mujudaken sesambetan *makna pertentangan* inggih menika *mlangkah rikat* >< *lendrag-lendreg*. Ewadene *utawa* (mujudaken sesambetan *makna pilihan*), *lan sabanjure* (mujudaken sesambetan *makna* sesambungan ingkang urutan), saha *malahan* (mujudaken sesambetan *makna* luwih) boten trep. Bab menika amargi panganggenipun tembung panggandheng *utawa, lan sabanjure* saha *malahan* ing ukara *Ibu Kinyis wis mlangkah rikat marani ruwang sekretariat Manahira Ads, Abrit lendrag-lendreg semu wegah* mujudaken wosing ukara ingkang boten *logis*.

Tembung panggandheng awujud *monomorfemis/ polimorfemis* ing jinising tembung panggandheng *koordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna pertentangan* ugi kapanggihaken ing ukara camboran ngandhap menika. Panggandhengipun klausa-klausa ing ukara camboran menika ngangge tandha pamaos koma (,).

(15) *Lirih mandheg, tumoleh. Wong lanang mau wis tangi gemregah, ora pringisan kelaran babar pisan. Mandeng Lirih karo mesem ngajak ngguyu. Waleh yen kabeh lelakon kang kepungkur mau sejatine mung ethok-ethok, mung anggone golek akal arep kenalan karo Lirih. CPP 82/ P2/ K2*

Saking paragraf nginggil dipunpangguhaken ukara camboran ingkang tembung pangandheningipun dipunsingidaken saha kacetak kandhel inggih menika *Wong lanang mau wis tangi gemregah, ora pringisan kelaran babar pisan*. Ukara menika, kedadosan saking kalih klausa inggih menika klausa (1) *wong lanang mau wis tangi gemregah*, saha klausa (2) *ora pringisan kelaran babar pisan*.

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *wong lanang mau wis tangi gemregah, ora pringisan kelaran babar pisan* saged dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), *wong lanang mau* minangka jejer, *wis tangi* minangka wasesa, *gemregah* minangka katrangan dene ing klausa (2), jejeripun sami kaliyan klausa (1) inggih menika *wong lanang mau* nanging panyeratanipun dipunsingidaken, *ora pringisan* minangka wasesa, *kelaran* minangka geganep, *babar pisan* minangka katrangan. Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *wong lanang mau wis tangi gemregah, ora pringisan kelaran babar pisan* inggih menika J – W – K + W – G – K.

Menawi dipuntingali saking tegesipun, klausa *wong lanang mau wis tangi gemregah*, klausa *ora pringisan kelaran babar pisan*, saged dados kalih ukara ingkang madeg piyambak (jejeripun dipunsingidaken inggih menika *wong lanang mau*). Kalih ukara menika kados ing ngandhap menika.

(15.a) *Wong lanang mau wis tangi gemregah.*

(15.b) *Wong lanang mau ora pringisan kelaran babar pisan.*

Klausa utawi ukara (15.a) nginggil boten awujud perangan saking klausa utawi ukara (15.b). Sawangsulipun, ukara (15.b) dede perangan saking ukara (15.a). Awit saking menika, saged dipun*tafsiraken* bilih kalih klausa utawi ukara ing nginggil menika sajajar.

Menawi dipuntingali saking tegesipun, kalih klausa menika, ngemot wosing ukara ingkang wigatos. Tegesipun klausa (2) minangka lelawananipun saking klausa (1). Tegesipun *wis tangi gemregah >< ora pringisan babar pisan*. Kalih klausa menika sami-sami ngandharaken kaananipun *wong lanang mau*. Tiyang ingkang dipunkajengaken inggih menika Luhur, saderengipun piyambakipun kelaran amargi mudhun kanthi ngglundhung. Ananging, nalika Lirih tumoleh piyambakipun sampun boten kelaran (*konteks*). Adhedhasar sajajaripun kalih klausa menika saha tegesipun ingkang nggabungaken prastawa ingkang lelawanan kanthi wetah, kalih klausa menika trep dipungandheng ngangge tembung panggandheng **nyatane**.

Pangangenipun tembung panggandheng **nyatane** saged dipungantos ngangge tembung panggandheng **nanging, ning** (Wedhawati, 2006: 539). Tembung panggandheng menika mapan ing antawisipun klausa (1) kaliyan klausa (2) kados ukara ngandhap menika.

(15.c) *Wong lanang mau wis tangi gemregah,* { **nyatane**
nanging
ning } *ora pringisan*
kelaran babar pisan

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **nanging, ning** kalebet tembung panggandheng *monomorfemis*. Tembung panggandheng **nanging** kedadosan saking satunggal morfem awujud tembung

lingga *nanging*. Tembung panggandheng **ning** kedadosan saking tembung *nanging* ingkang dipunccekakaken. Wondene, tembung panggandheng **nyatane**, kalebet tembung panggandheng *polimorfemis*. Tembung panggandheng menika kedadosan saking kalih *morfem*, inggih menika:

nyatane → nyata + -e

Tembung panggandheng **nyatane** kedadosan tembung lingga *nyata* saha panambang *-e*. Tembung lingga *nyata*, pungkasan tembungipun *vokal* saengga panambang *-e* malih dados *-ne*.

Menawi dipuntingali saking paedahipun, tembung panggandheng **nyatane** kalebet tembung panggandheng *koordinatif*. Bab menika kabukten saking ukara ngandhap menika.

(15.d) *[**nyatane**] *ora pringisan kelaran babar pisan, wong lanang mau wis tangi gemregah.*

Sesambetan *makna* ingkang sajajar antawisipun klausa *wong lanang mau wis tangi gemregah*, kaliyan klausa *ora pringisan kelaran babar pisan* dipunsengkuyung dening titikan *sintaksis* saha *semantis*. Titikan *sintaksis* bilih wosing klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng boten saged dipunpindhah papanipun, dene titikan *semantis* bilih klausa-klausa ingkang dipungandheng dening tembung panggandheng boten nedahaken sungsunipun wos ukara. Bab menika ketingal ing ukara (15.d) bilih klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng **nyatane**, *struktur* ukaranipun boten trep saha makna ukaranipun boten logis. Awit saking menika, tembung panggandheng *nanging* kalebet tembung panggandheng jinis *koordinatif*.

Panganggenipun tembung panggandheng **nyatane** supados ukara *wong lanang mau wis tangi gemregah, ora pringisan kelaran babar pisan, kronologis saha gramatikal* mapanipun ing antawisipun klausa (1) saha klausa (2). Awit saking menika, *struktur fungsi sintaksis* ukaranipun kados ngandhap menika.

(15.e) Wong lanang mau wis tangi gemregah, [Ø] ora pringisan kelaran babar pisan.
 J W K **Tpts** W G K

Tembung panggandheng **nyatane** trep kangge ngisi panandha [Ø] ing ukara (15.e). Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(15.f) *Wong lanang mau wis tangi gemregah,* $\left. \begin{array}{l} \textit{nyatane} \\ \textit{*utawa} \\ \textit{*lan sabanjure} \\ \textit{*malah} \end{array} \right\}$ *ora pringisan*
kelaran babar pisan.

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **nyatane**. Tembung panggandheng **nyatane** mujudaken sesambetan *makna pertentangan* inggih menika *wis tangi gemregah* >< *ora kelaran babar pisan*. Ewadene *utawa* (mujudaken sesambetan *makna pilihan*), *lan sabanjure* (mujudaken sesambetan *makna sesambungan ingkang urutan-urutan*), saha *malah* (mujudaken sesambetan *makna luwih*) boten trep. Bab menika amargi panganggenipun tembung panggandheng *utawa, lan sabanjure* saha *malah* ing ukara *Ibu Kinyis wis mlangkah rikat marani ruwang sekretariat Manahira Ads, Abrit lendrag-lendreg semu wegah* mujudaken wosing ukara ingkang boten *logis*.

b. Tembung Panggandheng awujud *Monomorfemis/ Polimorfemis* ing Jinising Tembung Panggandheng *Subordinatif*

Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang dipunpanggihaken awujud *monomorfemis/ polimorfemis* ugi kapanggihaken ing panaliten menika. Tembung panggandheng menika sami gegantosan nggandheng klausa-klausa ing ukara camboran kangge mujudaken sesambetan *makna* sebab, akibat, ancas, cara, *pertentangan*, saha titi mangsa.

1) Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna* sebab

Ing panaliten menika, kapanggihaken tembung panggandheng *subordinatif* awujud *monomorfemis/ polimorfemis* ingkang dipunsingidaken, mujudaken sesambetan *makna* sebab ing ukara camboran. Panggandhengipun klausa-klausa ing satunggal ukara camboran ngginakaken tandha pamaos koma (,). Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan *makna* sebab kapanggihaken ing dhata ngandhap menika.

(16) “*Lo, dhadhamu ya kebentus-bentus?*”

”*Iyaaa! Ning sing njerone! Kebentus panah asmaraaa!!*” ***Ora kuwat ngempet lara samudana, Luhur anggone pringisan karo mesem-mesem ngguyu.*** CPP 80/ P8/ K4

Saking paragraf nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken inggih menika *ora kuwat ngempet lara samudana, Luhur anggone pringisan karo mesem-mesem ngguyu*. Ukara camboran menika, kedadosan saking kalih klausa inggih menika klausa (1), *ora kuwat ngempet lara samudana*, klausa (2) *Luhur anggone pringisan karo mesem-mesem ngguyu*.

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *ora kuwat ngempet lara samudana, Luhur anggone pringisan karo mesem-mesem ngguyu*, saged dipunperang-perang saben klawanipun. Ing klausa (1), *ora kuwat ngempet minangka wasesa, lara samudana minangka lesan*, dene ing klausa (2), *Luhur minangka jejer, anggone pringisan minangka wasesa, karo mesem-mesem ngguyu minangka katrangan*. Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *ora kuwat ngempet lara samudana, Luhur anggone pringisan karo mesem-mesem ngguyu*, inggih menika $W - L + J - W - K$.

Ukara *ora kuwat ngempet lara samudana, Luhur anggone pringisan karo mesem-mesem ngguyu*, tumata kanthi *kronologis saha gramatikal*. Ukara menika dados boten *gramatikal* menawi klawanipun dipunpindhah-pindhah, kados ukara ngandhap menika.

(16.a) **Luhur anggone pringisan karo mesem-mesem ngguyu, ora kuwat ngempet lara samudana.*

Menawi dipuntingali saking *struktur fungsi* ukaranipun, ukara *ora kuwat ngempet lara samudana, Luhur anggone pringisan karo mesem-mesem ngguyu* inggih menika $[\emptyset] - W - L + J - W - K$. *Struktur fungsi sintaksis* menika menawi dipunandharaken ing ukara nginggil kados ngandhap menika.

(16.b) $[\emptyset]$ Ora kuwat ngempet lara samudana, Luhur anggone pringisan
Tpts W L J W
karo mesem-mesem ngguyu.
 K

Menawi dipuntingali saking tegesipun, klausa *ora kuwat ngempet lara samudana minangka sebab saking pringisan karo mesem-mesem* ing klausa (2). Wondene, *Luhur anggone pringisan karo mesem-mesem ngguyu minangka*

kahaman utawi prastawa ingkang kedadosan saking klausa *ora kuwat ngempet lara samudana*. Babagan menika, amargi klausa *ora kuwat ngempet lara samudana* minangka wangsulan saking pitakenan *kenging menapa Luhur anggone pringisan karo mesem-mesem?* Kanthi dhasar menika, klausa *ora kuwat ngempet lara samudana* saged dipunsukani tembung panggandheng **merga**.

Panganggenipun tembung panggandheng **merga** saged dipungantos ngangge tembung panggandheng **gara-gara, rehne, sebab, amarga, mergane, soale** (Wedhawati, 2006: 554). Tembung panggandheng menika mapan ing klausa (1) kados ukara ngandhap menika, kados ukara ngandhap menika.

(16.c) $\left\{ \begin{array}{l} \text{Merga} \\ \text{Gara-gara} \\ \text{Rehne} \\ \text{Sebab} \\ \text{Amarga} \\ \text{Mergane} \\ \text{Soale} \end{array} \right\}$ *ora kuwat ngempet lara samudana, Luhur anggone pringisan karo mesem-mesem ngguyu.*

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **merga, gara-gara, rehne, sebab** kalebet tembung panggandheng *monomorfemis*. Tembung panggandheng **merga, gara-gara, rehne, sebab** kedadosan saking satunggal *morfem* awujud tembung lingga. Wondene, tembung panggandheng **amarga, mergane, soale** kalebet tembung panggandheng *polimorfemis* ingkang kedadosan saking kalih *morfem* inggih menika:

amarga	→	a- + marga
mergane	→	merga + -e
soale	→	soal + -e

Tembung panggandheng **amarga** kedadosan saking kalih *morfem* inggih menika ater-ater *a-* saha tembung lingga *marga*. Tembung panggandheng **mergane** kedadosan saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga *merga* saha panambang *-e*. Pungkasan tembung lingga *merga* awujud *vokal* saengga panambang *-e* ewah dados *-ne*. Tembung panggandheng **soale** kedadosan saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga *soal* saha panambang *-e*. Pungkasan tembung lingga *soal* awujud *konsonan* saengga panambang *-e* tetep ajeg utawi boten ewah. Panganggenipun tembung panggandheng-tembung panggandheng menika tetep mujudaken makna ingkang sami ing ukara, sanajan wujudipun beda-beda.

Menawi dipuntingali saking paedahipun, tembung panggandheng **merga** kalebet tembung panggandheng *subordinatif*. Bab menika kabukten kanthi ukara ngandhap menika.

(16.d) [**Merga**] *ora kuwat ngempet lara samudana.*

(16.e) *Luhur anggone pringisan karo mesem-mesem ngguyu.*

(16.f) *Luhur, [merga] ora kuwat ngempet lara samudana, anggone pringisan karo mesem-mesem ngguyu.*

(16.g) *Luhur anggone pringisan karo mesem-mesem ngguyu, [merga] ora kuwat ngempet lara samudana.*

Panganggenipun tembung panggandheng **merga** ing klausa *ora kuwat ngempet lara samudana*, mratandhani bilih klausa menika klausa pang (16.d). Klausa pang inggih menika klausa ingkang boten saged madeg piyambak dados ukara ananging awujud perangan saking klausa sanes. Klausa *merga ora kuwat*

ngempet lara samudana minangka fungsi katrangan saking klausa *Luhur anggone pringisan karo mesem-mesem ngguyu*. Bab menika kabukten ing ukara (16.f) saha (16.g) bilih klausa mawi tembung panggandheng *merga* papanipun saged dipunpindhah-pindhah. Kekalih ukara menika tetep ngemot makna ingkang sami kaliyan ukara *merga ora kuwat ngempet lara samudana, Luhur anggone pringisan karo mesem-mesem ngguyu*. Wondene, klausa *Luhur anggone pringisan karo mesem-mesem ngguyu* minangka babon klausa (16.e). Babon klausa inggih menika klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang dipunwastani tembung panggandheng *subordinatif*.

Tembung panggandheng **merga** trep kangge ngisi ukara *ora kuwat ngempet lara samudana, Luhur anggone pringisan karo mesem-mesem ngguyu*. Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(16.h) $\left\{ \begin{array}{l} \text{merga} \\ *nganti \\ *kejaba \\ *nalika \end{array} \right\}$ *ora kuwat ngempet lara samudana, Luhur anggone pringisan karo mesem-mesem ngguyu.*

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **merga**. Tembung panggandheng **merga** minangka tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan *makna* sebab inggih menika sebabipun Luhur pringisan sinambi mesem-mesem amargi boten kuwat ngempet lara samudana. Ewadene, *nganti* (mujudaken sesambetan *makna* akibat), *kejaba* (mujudaken sesambetan *makna pertentangan*), saha *nalika* (mujudaken

sesambetan *makna* titi mangsa ingkang kedadosanipun sesarengan) boten trep. Bab menika amargi panganggenipun tembung panggandheng *nganti, kejaba*, saha nalika ing ukara *ora kuwat ngempet lara samudana, Luhur anggone pringisan karo mesem-mesem ngguyu* mujudaken makna ingkang boten *logis*.

2) Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna akibat*

Ing panaliten menika, kapanggihaken tembung panggandheng *koordinatif* awujud *monomorfemis/ polimorfemis* ingkang dipunsingidaken, mujudaken sesambetan *makna akibat* ing ukara camboran. Panggandhengipun klausa-klausa ing satunggal ukara camboran ngginakaken tandha pamaos koma (,). Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan *makna akibat* kapanggihaken ing dhata ngandhap menika.

(17) *Yen menyang Gedhong Jangkung, kantore ing Gatot Subroto cedhak wae, mlaku ora kesel. Nanging Maniking wis kulina numpak ojek. Lirih, isih kudu ngati-ati ngubengake bayarane kanggo nyukupi kebutuhane, ora enggal-enggal kelu karo pakulinane Maniking.*
CPP 177/ P2/ K5

Saking paragraf nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken inggih menika *Lirih, isih kudu ngati-ati ngubengake bayarane kanggo nyukupi kebutuhane, ora enggal-enggal kelu karo pakulinane Maniking*. Ukara camboran menika, kedadosan saking tigang klausa inggih menika klausa (1), *Lirih, isih kudu ngati-ati ngubengake bayarane* klausa (2) *kanggo nyukupi kebutuhane*, saha klausa (3) *ora enggal-enggal kelu karo pakulinane Maniking*.

Menawi dipuntingali saking *struktur fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *Lirih, isih kudu ngati-ati ngubengake bayarane kanggo nyukupi kebutuhane, ora enggal-enggal kelu karo pakulinane Maniking*, saged dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), *Lirih* minangka jejer, *isih kudu ngati-ati* minangka wasesa, *ngubengake bayarane* minangka geganep, ing klausa (2), *nyukupi* minangka wasesa, *kebutuhane* minangka lesan, ing klausa (3) *ora enggal-enggal kelu* minangka wasesa, *karo pakulinane Maniking* minangka katrangan. Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *Lirih, isih kudu ngati-ati ngubengake bayarane kanggo nyukupi kebutuhane, ora enggal-enggal kelu karo pakulinane Maniking*, inggih menika $J - W - G + W - L + W - K$.

Ukara *Lirih, isih kudu ngati-ati ngubengake bayarane kanggo nyukupi kebutuhane, ora enggal-enggal kelu karo pakulinane Maniking*, tumata kanthi *kronologis* saha *gramatikal*. Ukara menika dados boten *gramatikal* menawi klausanipun dipunpindhah, kados ukara ngandhap menika.

(17.a) **Ora enggal-enggal kelu karo pakulinane Maniking, Lirih, isih kudu ngati-ati ngubengake bayarane kanggo nyukupi kebutuhane.*

Menawi dipuntingali saking *struktur fungsi* ukaranipun, ukara *Lirih, isih kudu ngati-ati ngubengake bayarane kanggo nyukupi kebutuhane, ora enggal-enggal kelu karo pakulinane Maniking* inggih menika $J - W - G + W - L + [\emptyset] - W - K$. *Struktur fungsi sintaksis* menika menawi dipunandharaken ing ukara nginggil kados ngandhap menika.

(17.b) Lirih, isih kudu ngati-ati ngubengake bayarane kanggo nyukupi
 $\begin{array}{cccccc} J & & W & & G & & Tps & & W \\ \text{kebutuhane} & [\emptyset] & \text{ora enggal-enggal kelu} & \text{karo pakulinane} & \text{Maniking.} & & & & \\ L & & Tpts & & W & & & & K \end{array}$

Menawi dipuntingali saking tegesipun, klausa *Lirih isih kudu ngati-ati ngubengake bayarane kanggo nyukupi kebutuhane* minangka kahanan utawi prastawa ingkang ngandharaken kedadosanipun klausa *ora enggal-enggal kelu karo pakulinane Maniking*. Wondene, klausa *ora enggal-enggal kelu karo pakulinane Maniking* minangka wangsulan saking pitakenan *menapa akibat ingkang dipuntampi Lirih ingkang kedah ngatos-atos ngubengaken bayaranipun kangge nyekapi kabetahanipun?* Awit saking menika, klausa *Lirih isih kudu ngati-ati ngubengake bayarane kanggo nyukupi kebutuhane* saha klausa *ora enggal-enggal kelu karo pakulinane Maniking* trep menawi dipungandheng ngangge tembung panggandheng **mula**.

Panganggenipun tembung panggandheng **mula** saged dipungantos ngangge tembung panggandheng **saengga, nganti, akibate** (Wedhawati, 2006: 549). Tembung panggandheng menika mapan ing klausa (3) kados ukara ngandhap menika, kados ukara ngandhap menika.

(17.c) *Lirih, isih kudu ngati-ati ngubengake bayarane kanggo nyukupi kebutuhane*
 { **mula** } *ora enggal-enggal kelu karo pakulinane Maniking.*
 { **saengga** }
 { **nganti** }
 { **akibate** }

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **mula, nganti** kalebet tembung panggandheng *monomorfemis*. Tembung panggandheng **mula** kedadosan saking satunggal *morfem* bebas awujud tembung lingga *mula*. Tembung panggandheng **nganti** kedadosan saking satunggal *morfem* bebas awujud tembung lingga *nganti*. Wondene, tembung panggandheng **saengga,**

akibate kalebet tembung panggandheng *polimorfemis* ingkang kedadosan saking kalih *morfem* inggih menika.

saengga → sa- + engga

akibate → akibat + -e

Tembung panggandheng *saengga* kedadosan saking ater-ater *sa-* saha tembung lingga *engga*. Tembung panggandheng **akibate** kedadosan saking tembung lingga *akibat* saha panambang *-e*. Pungkasan tembung lingga *akibat* awujud *konsonan* saengga panambang *-e* tetep ajeg utawi boten ewah.

Menawi dipuntingali saking jinisipun, tembung panggandheng mula kalebet tembung panggandheng *subordinatif*. Bab menika kabukten saking ukara ngandhap menika.

(17.d) *Lirih, isih kudu ngati-ati ngubengake bayarane kanggo nyukupi kebutuhane.*

(17.e) [**Mula**] *ora enggal-enggal kelu karo pakulinane Maniking.*

(17.f) *Lirih, isih kudu ngati-ati ngubengake bayarane, [mula] ora enggal-enggal kelu karo pakulinane Maniking, kanggo nyukupi kebutuhane.*

Klausa *Lirih, isih kudu ngati-ati ngubengake bayarane kanggo nyukupi kebutuhane* minangka babon klausa. Babon klausa inggih menika klausa ingkang saged madeg dados ukara piyambak (17.d). Wondene, panganggenipun tembung panggandheng **mula** ing klausa *ora enggal-enggal kelu karo pakulinane Maniking*, mratandhani bilih klausa menika klausa pang. Klausa pang inggih menika klausa ingkang boten saged madeg piyambak dados ukara (17.e). Klausa **mula** *ora enggal-enggal kelu karo pakulinane Maniking* minangka katrangan

saking klausa *Lirih, isih kudu ngati-ati ngubengake bayarane kanggo nyukupi kebutuhane*. Bab menika kabukten saking ukara (17.f) bilih klausa mawi tembung panggandheng *mula* papanipun saged dipunpindhah-pindhah. Kekalih ukara menika tetep ngemot makna ingkang sami kaliyan ukara *Lirih, isih kudu ngati-ati ngubengake bayarane kanggo nyukupi kebutuhane mula ora enggal-enggal kelu karo pakulinane Maniking*. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang dipunwastani tembung panggandheng *subordinatif*.

Tembung panggandheng **mula** trep kangge ngisi ukara *Lirih isih kudu ngati-ngati ngubengake bayarane kanggo nyukupi kebutuhane, ora enggal-enggal kelu karo pakulinane Maniking*. Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(17.g) *Lirih, isih kudu ngati-ati ngubengake bayarane kanggo nyukupi kebutuhane*

$$\left. \begin{array}{l} \mathbf{mula} \\ *supaya \\ *prasasat \\ *amarga \end{array} \right\} \text{ora enggal-enggal kelu karo pakulinane Maniking.}$$

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **mula**. Tembung panggandheng **mula** mujudaken sesambetan *makna* akibat inggih menika akibat saking Lirih kedah ngatos-ngatos ngubengaken bayaran kangge nyekapi kabetahanipun. Ewadene *supaya* (mujudaken sesambetan *makna* ancas), *prasasat* (mujudaken sesambetan *makna* pepindhan), saha lan *amarga* (mujudaken sesambetan *makna* sebab) boten trep. Bab menika amargi panganggenipun tembung panggandheng *supaya, prasasat,*

amarga ing ukara *Lirih*, *isih kudu ngati-ati ngubengake bayarane kanggo nyukupi kebutuhane mula ora enggal-enggal kelu karo pakulinane Maniking* mujudaken wosing ukara ingkang boten *logis*.

3) **Tembung panggandheng subordinatif ingkang mujudaken sesambetan makna ancas**

Ing panaliten menika, kapanggihaken tembung panggandheng *koordinatif* awujud *monomorfemis/ polimorfemis* ingkang dipunsingidaken, mujudaken sesambetan *makna* ancas ing ukara camboran. Panggandhengipun klausa-klausa ing satunggal ukara camboran ngginakaken tandha pamaos koma (.). Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan *makna* ancas kapanggihaken ing dhata ngandhap menika.

(18) *Saiki iki mumpung kahanane sepi uwong kaya neng alas Caruban, ora ana seksi uwong saipit-ipita. Lirih kudu tumingkah sing pas, bisa mbujuki Luhur, sanajan tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan. ora apa-apa ugal-ugalan, wong ora ana sing weruh! CPP 94/ P4/ K7*

Saking paragraf nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken saha kacetak kandhel inggih menika *Lirih kudu tumingkah sing pas, bisa mbujuki Luhur, sanajan tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan*. Ukara camboran menika, kedadosan saking tigang klausa inggih menika klausa (1), *Lirih kudu tumingkah sing pas*, klausa (2) *bisa mbujuki Luhur* saha klausa (3) *sanajan tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan*.

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *Lirih kudu tumingkah sing pas, bisa mbujuki Luhur, sanajan tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan*, saged dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), *Lirih* minangka jejer, *kudu tumingkah sing pas* minangka wasesa, ing klausa (2),

jejeripun sami kaliyan klausa (1) inggih menika *Lirih, bisa mbujuki* minangka wasesa, *Luhur* minangka lesan, dene ing klausa (3) *tingkahe kuwi* minangka jejer, *wujud* minangka wasesa, *ugal-ugalan* minangka geganep. Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *Lirih kudu tumingkah sing pas, bisa mbujuki Luhur, sanajan tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan*, inggih menika J – W + W – L + J – W – G.

Ukara *Lirih kudu tumingkah sing pas, bisa mbujuki Luhur, sanajan tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan* tumata kanthi *kronologis* saha *gramatikal*. Ukara menika dados boten *gramatikal* menawi klausanipun dipunpindhah-pindhah, kados ukara ngandhap menika.

(18.a) **Bisa mbujuki Luhur, Lirih kudu tumingkah sing pas, sanajan tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan.*

Menawi dipuntingali saking *struktur fungsi* ukaranipun, ukara *Lirih kudu tumingkah sing pas, bisa mbujuki Luhur, sanajan tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan* inggih menika J – W + [Ø] – W – L + J – W – G. *Struktur fungsi sintaksis* menika menawi dipunandharaken ing ukara nginggil kados ngandhap menika.

(18.b) Lirih kudu tumingkah sing pas, [Ø] bisa mbujuki Luhur, sanajan
 J W **Tpts** W L Tps
tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan.
 J W G

Menawi dipuntingali saking tegesing ukara, klausa *Lirih kudu tumingkah sing pas, sanajan tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan*, minangka kahanan utawi prastawa ingkang ngemot satunggaling ancas inggih menika *bisa mbujuki Luhur*. Wondene, klausa *bisa mbujuki Luhur* minangka wangsulan saking pitakenan *menapa ancasipun Lirih kedah nindakaken tumindak ingkang pas?* Wangsulan

saking pitakenan menika awujud katrangan ancas saking klausa *Lirih kudu tumingkah sing pas, sanajan tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan*. Awit saking menika, klausa *bisa mbujuki Luhur* saged dipunsukani tembung panggandheng **supaya**.

Panganggenipun tembung panggandheng **supaya** saged dipungantos ngangge tembung panggandheng **amrih, murih, supayane, kareben, bene, dhimen, ben, karebene** (Wedhawati, 2006: 557). Tembung panggandheng menika mapan ing klausa (2) kados ukara ngandhap menika, kados ukara ngandhap menika.

(18.c) *Lirih kudu tumingkah sing pas,* { *amrih*
mrih
murih
supaya
supayane
kareben
bene
dhimen
ben
daya-daya } *bisa mbujuki Luhur*
sanajan tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan.

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **mrih, murih, supaya, kareben, dhimen, ben** kalebet tembung panggandheng *monomorfemis* awujud tembung lingga *mrih, murih, supaya, kareben, dhimen, ben* ingkang dereng pikantuk wuwuhan menapa-menapa. Wondene, tembung panggandheng **amrih, supayane, bene, daya-daya** kalebet tembung panggandheng *polimorfemis*, inggih menika:

amrih → a- + mrih
supayane → supaya + -e

bene → ben + -e

daya-daya → daya + U

Tembung panggandheng **amrih** kedadosan saking tembung lingga *mrih* saha ater-ater *-a*. Tembung panggandheng **supayane** kedadosan saking tembung lingga *supaya* saha panambang *-e*. Pungkasan tembung lingga *supaya* awujud *vokal* saengga panambang *-e* ewah dados *ne-*. Tembung panggandheng **bene** kedadosan saking tembung lingga *ben* saha panambang *-e*. Pungkasan tembung lingga *ben* awujud *konsonan* saengga panambang *-e* tetep ajeg utawi boten ewah. Tembung panggandheng **daya-daya** kedadosan saking tembung dwilingga *daya*.

Menawi dipuntingali saking paedahipun, tembung panggandheng **supaya** kalebet tembung panggandheng *subordinatif*. Bab menika kabukten saking ukara ngandhap menika.

(18.d) *Lirih kudu tumingkah sing pas, sanajan tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan.*

(18.e) [**Supaya**] *bisa mbujuki Luhur.*

(18.f) *Lirih, [supaya] bisa mbujuki Luhur, kudu tumingkah sing pas, sanajan tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan.*

(18.g)[**Supaya**] *bisa mbujuki Luhur, Lirih kudu tumingkah sing pas, sanajan tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan.*

Klausa *Lirih kudu tumingkah sing pas, sanajan tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan* minangka babon klausa. Babon klausa inggih menika klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara (18.d). Wondene, pangangenipun tembung panggandheng **supaya** ing klausa *bisa mbujuki Luhur*, mratandhani bilih klausa menika klausa pang. Klausa pang inggih menika klausa ingkang boten saged

madeg piyambak dados ukara (18.e). Klausa *supaya bisa mbujuki Luhur* minangka katrangan saking klausa *Lirih kudu tumingkah sing pas, supaya tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan*. Bab menika kabukten saking ukara (18.f) saha (18.g) bilih klausa mawi tembung panggandheng **supaya** papanipun saged dipunpindhah-pindhah. Kekalih ukara menika tetep ngemot makna ingkang sami kaliyan ukara *Lirih kudu tumingkah sing pas, supaya bisa mbujuki Luhur, sanajan tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan*. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang dipunwastani tembung panggandheng *subordinatif*.

Tembung panggandheng **supaya** trep kangge ngisi ukara *Lirih kudu tumingkah sing pas, bisa mbujuki Luhur sanajan tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan*. Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(18.h) *Lirih kudu tumingkah sing pas* $\left. \begin{array}{l} \textit{supaya} \\ \textit{*muga-muga} \\ \textit{*yen} \\ \textit{*saengga} \end{array} \right\}$ *bisa mbujuki Luhur*
sanajan tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan.

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **supaya**. Tembung panggandheng **supaya** mujudaken sesambetan *makna* ancas inggih menika ancasipun Lirih nindakaken tumindak ingkang pas sanadyan ugal-ugalan. Ewadene *muga-muga* (mujudaken sesambetan *makna* kekajengan), *yen* (mujudaken sesambetan *makna* isi), saha lan *saengga* (mujudaken sesambetan *makna* akibat) boten trep. Bab menika amargi panganggenipun tembung panggandheng *muga-muga, yen, saengga* ing ukara

Lirih kudu tumingkah sing pas, bisa mbujuki Luhur, sanajan tingkahe kuwi wujud ugal-ugalan mujudaken wosing ukara ingkang boten logis.

4) Tembung panggandheng subordinatif ingkang mujudaken sesambetan makna cara

Ing panaliten menika, kapanggihaken tembung panggandheng *koordinatif* awujud *monomorfemis/ polimorfemis* ingkang dipunsingidaken, mujudaken sesambetan *makna cara* ing ukara camboran. Panggandhengipun klausa-klausa ing satunggal ukara camboran ngginakaken tandha pamaos koma (.). Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan *makna cara* kapanggihaken ing dhata ngandhap menika.

(19) “*Lak dorung onok mbutarepna, tah, daksun ngene?*” ***Abrit durung oncat, isih sandhing-sandhingan pipi, bisik-bisik.*** CPP 40/ P9/ K2

Saking paragraf nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken saha kacetak kandhel inggih menika *Abrit durung oncat, isih sandhing-sandhingan pipi, bisik-bisik.* Ukara camboran menika, kedadosan saking tigang klausa inggih menika klausa (1), *Abrit durung oncat* saha klausa (2) *isih sandhing-sandhingan pipi* saha klausa (3) *bisik-bisik.*

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *Abrit durung oncat, isih sandhing-sandhingan pipi, bisik-bisik,* saged dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), *Abrit* minangka jejer, *durung oncat* minangka wasesa, dene ing klausa (2), jejeripun sami kaliyan ing klausa (1) inggih menika *Abrit, isih sandhing-sandhingan* minangka wasesa, *pipi* minangka geganep, ing klausa (3) jejeripun sami kaliyan ing klausa (1) inggih menika *Abrit, bisik-bisik* minangka wasesa. Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing

ukara *Abrit durung oncat, isih sandhing-sandhingan pipi, bisik-bisik*, inggih menika $J - W + W - G + W$.

Ukara *Abrit durung oncat, isih sandhing-sandhingan pipi, bisik-bisik* tumata kanthi *kronologis* saha *gramatikal*. Ukara menika dados boten *gramatikal* menawi klausanipun dipunpindhah, kados ukara ngandhap menika.

(19.a) **Abrit durung oncat, bisik-bisik, isih sandhing-sandhingan pipi*.

Menawi dipuntingali saking struktur fungsi ukaranipun, ukara *Abrit durung oncat, isih sandhing-sandhingan pipi, bisik-bisik* inggih menika $J - W + W - G + [\emptyset] - W$. *Struktur fungsi sintaksis* menika menawi dipunandharaken ing ukara nginggil kados ngandhap menika.

(19.b) *Abrit durung oncat, isih sandhing-sandhingan pipi, [\emptyset] bisik-bisik*.

J W W G Tpts W

Menawi dipuntingali saking *makna* klausa-klausanipun, klausa *Abrit durung oncat, isih sandhing-sandhingan* minangka kahanan utawi prastawa ingkang ngandharaken satunggaling kaanan. Semanten ugi klausa *bisik-bisik* ugi ngandharaken satunggaling kaanan. Klausa menika minangka wangsulan saking pitakenan *kados pundi tumindakipun Abrit nalika taksih sesandhingan kaliyan Trengginas?* Wangsulan pitakenan menika ngandharaken katrangan cara awujud kaanan kalih prastawa. Awit saking menika, klausa *bisik-bisik* saged dipunsukani tembung panggandheng **sinambi**.

Pangangenipun tembung panggandheng **sinambi** saged dipungantos ngangge tembung panggandheng **sambi, kambi, karo** (Wedhawati, 2006: 550). Tembung panggandheng menika mapan ing klausa (3) kados ukara ngandhap menika, kados ukara ngandhap menika.

(19.c) *Abrit durung oncat, isih sandhing-sandhingan pipi,* $\left. \begin{array}{l} \mathbf{sinambi} \\ \mathbf{sambi} \\ \mathbf{kambi} \\ \mathbf{karo} \end{array} \right\} \textit{bisik-bisik}.$

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **sambi, kambi, karo** kalebet tembung panggandheng *monomorfemis*, ingkang kedadosan saking satunggal *morfem* bebas awujud tembung lingga *sambi, kambi, karo* ingkang dereng pikantuk wuwuhan menapa-menapa. Wondene, tembung panggandheng **sinambi** kalebet tembung panggandheng *polimorfemis*. Tembung panggandheng menika kedadosan saking kalih *morfem* awujud tembung lingga *sambi* ingkang sampun kaparingan wuwuhan inggih menika:

sinambi → sambi + -in-

Tembung panggandheng **sinambi** kedadosan tembung lingga *sambi* saha seselan *-in-*.

Menawi dipuntingali saking paedahipun, tembung panggandheng kanthi kalebet tembung panggandheng *subordinatif*. Bab menika kabukten saking ukara ngandhap menika.

(19.d) *Lirih kudu mudhun.*

(19.e) *Isih sandhing-sandhingan pipi.*

(19.f) [**Sinambi**] *bisik-bisik.*

(19.g) *Abrit durung oncat, [**sinambi**] bisik-bisik, isih sandhing-sandhingan pipi.*

Klausa *Abrit durung oncat* saha klausa *isih sandhing-sandhingan pipi* minangka babon klausa. Babon klausa inggih menika klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara (19.d) saha (19.e). Wondene, panganggenipun tembung panggandheng **sinambi** ing klausa *bisik-bisik*, mratandhani bilih klausa

menika klausa pang. Klausa pang inggih menika klausa ingkang boten saged madeg dados ukara (19.f). Klausa *sinambi bisik bisik* minangka katrangan saking klausa *isih sandhing-sandhingan pipi*. Bab menika kabukten saking ukara (19.g) bilih klausa mawi tembung panggandheng **sinambi** papanipun saged dipunpindhah-pindhah. Ukara menika tetep ngemot makna ingkang sami kaliyan ukara *Abrit durung oncat, isih sandhing-sandhingan pipi, sinambi bisik-bisik*. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang kawastanan tembung panggandheng *subordinatif*.

Tembung panggandheng **sinambi** trep kangge ngisi ukara *Abrit durung oncat, isih sandhing-sandhingan pipi, bisik-bisik*. Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(19.h) *Abrit durung oncat, isih sandhing-sandhingan pipi, **sinambi** bisik-bisik.*

$$\left. \begin{array}{l} *supaya \\ *prasasat \\ *amarga \end{array} \right\}$$

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **sinambi**. Tembung panggandheng **sinambi** mujudaken sesambetan *makna* cara inggih menika cara ingkang ngandharaken kaananipun Abrit nalika teseh sandhing-sandhingan. Ewadene *supaya* (mujudaken sesambetan *makna* ancas), *prasasat* (mujudaken sesambetan *makna* pepindhan), saha lan *amarga* (mujudaken sesambetan *makna* sebab) boten trep. Bab menika amargi pangangenipun tembung panggandheng *supaya, prasasat, amarga* ing ukara *Abrit durung oncat, isih sandhing-sandhingan pipi, bisik-bisik* mujudaken wosing ukara ingkang boten *logis*.

5) Tembung panggandheng subordinatif ingkang mujudaken sesambetan makna pertentangan

Ing panaliten menika, kapanggihaken tembung panggandheng *koordinatif* awujud *monomorfemis/ polimorfemis* ingkang dipunsingidaken, mujudaken sesambetan *makna pertentangan* ing ukara camboran. Panggandhengipun klausa-klausa ing satunggal ukara camboran ngginakaken tandha pamaos koma (.). Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan *makna pertentangan* kapanggihaken ing dhata ngandhap menika.

(20)*Durung tekan ngenggon, lagi weruh Pak Teja, Abrit wis kamba. Gela. Nanging tetep wae marani klompok karyawan babagan komputer. CPP 165/ P1/ K1*

Saking paragraf nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken inggih menika *durung tekan ngenggon, lagi weruh Pak Teja, Abrit wis kamba*. Ukara camboran menika, kedadosan saking tigang klausa inggih menika klausa (1), *durung tekan ngenggon* klausa (2) *lagi weruh Pak Teja* saha klausa (3) *Abrit wis kamba*.

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *durung tekan ngenggon, lagi weruh Pak Teja, Abrit wis kamba*, saged dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), *durung tekan* minangka wasesa, *ngenggon* minangka geganep, ing klausa (2), *lagi weruh* minangka wasesa, *Pak Teja* minangka geganep, dene ing klausa (3), *Abrit* minangka jejer, *wis kamba* minangka wasesa. Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *durung tekan ngenggon, lagi weruh Pak Teja, Abrit wis kamba*, inggih menika W – G + W – G + J – W.

Ukara *durung tekan ngenggon, lagi weruh Pak Teja, Abrit wis kamba* tumata kanthi *kronologis* saha *gramatikal*. Ukara menika dados boten *gramatikal* menawi klausanipun dipunpindhah-pindhah, kados ukara ngandhap menika.

(20.a) **Abrit wis kamba, durung tekan ngenggon, lagi weruh Pak Teja.*

Menawi dipuntingali saking *struktur fungsi* ukaranipun, ukara *durung tekan ngenggon, lagi weruh Pak Teja, Abrit wis kamba* inggih menika [Ø] – W – G + W – G + J – W. *Struktur fungsi sintaksis* menika menawi dipunandharaken ing ukara nginggil kados ngandhap menika.

(20.b) [Ø] durung tekan ngenggon, lagi weruh Pak Teja, Abrit wis kamba.

Tpts W G W G J W

Menawi dipuntingali saking tegesipun, klausa *Abrit wis kamba*, minangka kahanan utawi prastawa ingkang kedadosan kamangka *durung tekan ngenggon, lagi weruh Pak Teja*. Wondene, klausa *durung tekan ngenggon, lagi weruh Pak Teja* ngandharaken katrangan saking klausa (1) inggih menika ngandharaken lelawananipun *wis kamba*. Awit saking menika, klausa *durung tekan ngenggon, lagi weruh Pak Teja* saged dipunsukani tembung panggandheng **ambakna**.

Panganggenipun tembung panggandheng **ambakna** saged dipungantos ngangge tembung panggandheng **ambak, arepa, bena, senajan, nadyan, mangka** (Wedhawati, 2006: 550). Tembung panggandheng menika mapan ing klausa (1) kados ukara ngandhap menika, kados ukara ngandhap menika.

(20.c) { **Ambakna**
Ambak
Arepa
Bena
Sanajan
Nadyan
Mangka } *durung tekan ngenggon, lagi weruh Pak Teja,*
Abrit wis kemba.

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **ambak**, **mangka**, **nadyan** kalebet tembung panggandheng *monomorfemis*. Tembung panggandheng **ambak**, **mangka**, **nadyan** kedadosan saking satunggal *morfem* bebas awujud tembung lingga ingkang dereng pikantuk wuwuhan menapa-menapa. Tembung panggandheng **ambakna**, **arepa**, **bena**, **sanajan** kalebet tembung panggandheng *polimorfemis* inggih menika.

ambakna	→	ambak + -a
arepa	→	arep + -a
bena	→	ben + -a
sanajan	→	sa- + najan

Tembung panggandheng **ambakna** kedadosan saking tembung lingga *ambak* saha panambang *-a*. Pungkasan tembung lingga *ambak* awujud *konsonan* saengga panambang *-a* ewah dados *-na*. Tembung panggandheng **arepa** saha **bena** kedadosan saking tembung lingga *arep* saha *ben* ingkang pikantuk panambang *-a*. Pungkasan tembung lingga menika awujud *konsonan* saengga panambang *-a* tetep ajeg utawi boten ewah. Salajengipun, tembung panggandheng **sanajan** kedadosan saking ater-ater *sa-* saha tembung lingga *najan*.

Menawi dipuntingali saking jinisipun, tembung panggandheng najan kalebet tembung panggandheng *subordinatif*. Bab menika kabukten saking ukara ngandhap menika.

(20.d) *Abrit wis kembera*.

(20.e) [**Ambakna**] *durung tekan ngenggon, lagi weruh Pak Teja*.

(20.f) *Abrit, [ambakna] durung tekan ngenggon, lagi weruh Pak Teja, wis kembera*.

(20.g) *Abrit wis kembera, [ambakna] durung tekan ngenggon, lagi weruh Pak Teja*.

Klausa *Abrit wis kembera* minangka babon klausa. Babon klausa inggih menika klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara (20.d). Wondene, panganggenipun tembung panggandheng **ambakna** ing klausa *durung tekan ngenggon, lagi weruh Pak Teja*, mratandhani bilih klausa menika klausa pang. Klausa pang inggih menika klausa ingkang boten saged madeg piyambak dados ukara (20.e). Klausa *ambkan durung tekan ngenggon, lagi weruh Pak Teja* minangka katrangan saking klausa *Abrit wis kembera*. Bab menika kabukten saking ukara (20.f) saha (20.g) bilih klausa mawi tembung panggandheng **ambakna** papanipun saged dipunpindhah-pindhah. Kekalih ukara menika tetep ngemot makna ingkang sami kaliyan ukara *ambakna durung tekan ngenggon, lagi weruh Pak Teja, Abrit wis kembera*. Tembung panggandheng ingkang nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang dipunwastani tembung panggandheng *subordinatif*.

Tembung panggandheng **ambakna** trep kangge ngisi ukara *durung tekan ngenggon, lagi weruh Pak Teja, Abrit wis kembera*. Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(20.h) $\left. \begin{array}{l} \textbf{Ambakna} \\ *supaya \\ *prasasat \\ *amarga \end{array} \right\} \textit{durung tekan ngenggon, lagi weruh Pak Teja, Abrit wis kamba.}$

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **ambakna**. Tembung panggandheng **ambakna** mujudaken sesambetan *makna pertentangan* inggih menika Abrit dereng dumugi dunungipun saha nembe ningali Pak Teja ananging piyambakipun sampun kamba. Ewadene *supaya* (mujudaken sesambetan *makna ancas*), *prasasat* (mujudaken sesambetan *makna pepindhan*), saha lan *amarga* (mujudaken sesambetan *makna sebab*) boten trep. Bab menika amargi tembung panggandheng *supaya, prasasat, amarga* ing ukara *durung tekan ngenggon, lagi weruh Pak Teja, Abrit wis kamba* mujudaken wosing ukara ingkang boten *logis*.

6) Tembung panggandheng *subordinatif* ingkang mujudaken sesambetan *makna titi mangsa*

Ing panaliten menika, kapanggihaken tembung panggandheng *koordinatif* awujud *monomorfemis/ polimorfemis* ingkang dipunsingidaken, mujudaken sesambetan *makna titi mangsa* ing ukara camboran. Panggandhengipun klausa-klausa ing satunggal ukara camboran ngginakaken tandha pamaos koma (,). Tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan *makna titi mangsa* kapanggihaken ing dhata ngandhap menika.

(21) *Rapat bubar. Metu saka ruwang rapat, Abrit kesusu bareng-bareng dhesekan marani lift. Jegagik, ketemu Trengginas. Atine seneng. Ya kuwi sing dioyak. CPP 30/ P1/ K2*

Saking paragraf ing nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken inggih menika *metu saka ruwang*

rapat, Abrit kesusu bareng-bareng dhesekan marani lift. Ukara camboran menika, kedadosan saking kalih klausa inggih menika klausa (1), *metu saka ruwang rapat,* saha klausa (2) *Abrit kesusu bareng-bareng dhesekan marani lift.*

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *metu saka ruwang rapat, Abrit kesusu bareng-bareng dhesekan marani lift,* saged dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), jejeripun sami kaliyan klausa (2) inggih menika *Abrit* ananging panyeratanipun dipunsingidaken, *metu* minangka wasesa, *saka ruwang rapat* minangka katrangan, dene ing klausa (2), *Abrit* minangka jejer, *kesusu* minangka katrangan, *bareng-bareng dhesekan marani* minangka wasesa, *lift* minangka lesan. Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *metu saka ruwang rapat, Abrit kesusu bareng-bareng dhesekan marani lift,* inggih menika $W - K + J - K - W - L$.

Ukara *metu saka ruwang rapat, Abrit kesusu bareng-bareng dhesekan marani lift,* tumata kanthi *kronologis* saha *gramatikal.* Ukara menika dados boten *gramatikal* menawi klausanipun dipunpindhah-pindhah, kados ukara ngandhap menika.

(21.a) **Abrit kesusu bareng-bareng dhesekan marani lift, metu saka ruwang rapat.*

Menawi dipuntingali saking *struktur fungsi* ukaranipun, ukara *metu saka ruwang rapat, Abrit kesusu bareng-bareng dhesekan marani lift,* inggih menika $\emptyset - W - K + J - K - W - L$. *Struktur fungsi sintaksis* menika menawi dipunandharaken ing ukara nginggil kados ngandhap menika.

(21.b)[\emptyset] metu saka ruwang rapat, Abrit kesusu bareng-bareng dhesekan marani
Tpts W K J K W

lift.
L

Menawi dipuntingali saking tegesipun, klausa *Abrit kesusu bareng-bareng dhesekan marani lift*, minangka kahanan utawi prastawa sesampunipun klausa *metu saka ruwang rapat* kedadosan. Wondene, klausa *metu saka ruwang rapat* ngandharaken katrangan titi mangsa. Bab menika kabukten saking pitakenan *kapan Abrit kesusu bareng-bareng dhesekan marani lift?* Wangsulipun inggih menika sesampunipun *metu saka ruwang rapat*. Katrangan titi mangsa menika dipunsengkuyung dening ukara ing ngandhap menika.

(21.c) *Abrit, metu saka ruwang rapat, kesusu bareng-bareng dhesek-dhesekan marani lift.*

Saking ukara menika dipunpanggihaken wosing ukara ingkang sami kaliyan ukara *metu saka ruwang rapat, Abrit kesusu bareng-bareng dhesekan marani lift* sanadyan klausa *metu saka ruwang rapat* saged dipunpindhah papanipun. Bab menika minangka titikanipun katrangan. Awit saking menika, klausa *metu saka ruwang rapat* mujudaken katrangan titi mangsa minangka pawitaning kahanan tartamtu. Tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **sawise**.

Pangangenipun tembung panggandheng **sawise** saged dipungantos ngangge tembung panggandheng **lebar, salebare, bareng, mbasan, bar**, (Wedhawati, 2006: 399). Tembung panggandheng menika mapan ing klausa (1) kados ukara ngandhap menika, kados ukara ngandhap menika.

(21.d) $\left. \begin{array}{l} \textit{Sawise} \\ \textit{Lebar} \\ \textit{Salebare} \\ \textit{Bareng} \\ \textit{Mbasan} \\ \textit{Bar} \end{array} \right\} \textit{metu saka ruwang rapat, Abrit kesusu bareng-bareng dhesek-}$
dhesekan marani lift.

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **lebar**, **bar**, **bareng** kalebet tembung panggandheng *monomorfemis*. Tembung panggandheng **lebar**, **bar**, **bareng** kedadosan saking satunggal *morfem* bebas awujud tembung lingga *lebar*, *bareng* ingkang dereng pikantuk wuwuhan menapa-menapa. Tembung *bar* minangka cekakan saking tembung lingga *lebar* Wondene, tembung panggandheng **sawise**, **salebare**, **mbasan** kalebet tembung panggandheng *polimorfemis* ingkang kedadosan tembung lingga ingkang pikantuk wuwuhan inggih menika:

sawise	→	sa- + wis + -e
salebare	→	sa- + lebar + -e
mbasan	→	m- + basan

Tembung panggandheng *sawise* kedadosan saking ater-ater sa-, tembung lingga *wis* saha panambang *-e*. Pungkasan tembung *wis* awujud *konsonan* saengga panambang *-e* tetep ajeg utawi boten ewah. Semanten ugi, tembung panggandheng **salebare** kedadosan saking ater-ater sa-, tembung lingga *lebar* saha panambang *-e*. Pungkasan tembung lingga *lebar* awujud *konsonan* saengga panambang *-e* tetep ajeg utawi boten ewah. Tembung panggandheng **mbasan** kedadosan saking ater-ater anuswara *m-* saha tembung lingga *basan*.

Menawi dipuntingali saking paedahipun, tembung panggandheng **sawise** kalebet tembung panggandheng *subordinatif*. Bab menika kabukten saking ukara ngandhap menika.

(21.e) [**Sawise**] *metu saka ruwang rapat*.

(21.f) *Abrit kesusu bareng-bareng dhesekan marani lift*.

(21.g) *Abrit, [sawise] metu saka ruwang rapat, kesusu bareng-bareng dhesekan marani lift*.

(21.h) *Abrit kesusu bareng-bareng dhesek-dhesekan marani lift, [sawise] metu saka ruwang rapat*.

Panganggenipun tembung panggandheng **sawise** ing klausa *metu saka ruwang rapat*, mratandhani bilih klausa menika klausa pang. Klausa pang inggih menika klausa ingkang boten saged madeg piyambak dados ukara (21.e). Klausa **sawise metu saka ruwang rapat** minangka katrangan saking klausa *Abrit kesusu bareng-bareng dhesek-dhesekan marani lift*. Bab menika kabukten saking ukara (21.g) saha (21.h) bilih klausa mawi tembung panggandheng *sawise* papanipun saged dipunpindhah-pindhah. Kekalih ukara menika tetep ngemot makna ingkang sami kaliyan ukara *sawise metu saka ruwang rapat, Abrit kesusu bareng-bareng dhesek-dhesekan marani lift*. Wondene, klausa *Abrit kesusu bareng-bareng dhesekan marani lift* minangka babon klausa. Babon klausa inggih menika klausa ingkang saged madeg dados ukara piyambak (21.f). Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang dipunwastani tembung panggandheng *subordinatif*.

Tembung panggandheng **sawise** trep kangge ngisi ukara *metu saka ruwang rapat, Abrit kesusu bareng-bareng dhesek-dhesekan marani lift*. Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(21.i) $\left\{ \begin{array}{l} \textbf{Sawise} \\ *Sadurunge \\ *Nalika \\ *Amarga \end{array} \right\}$ *metu saka ruwang rapat, Abrit kesusu bareng-bareng dhesek-dhesekan marani lift.*

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **sawise**. Tembung panggandheng **sawise** mujudaken sesambetan *makna* titi mangsa saking pawitanipun kahanan utawi prastawa utawi tindak tanduk tartamtu inggih menika ketinggal saking *marani* minangka pawitan saking tembung *metu*. Ewadene *sadurunge* (mujudaken sesambetan *makna* titi mangsa ingkang mujudaken prastawa salajengipun), *nalika* (mujudaken sesambetan *makna* titi mangsa, ingkang mujudaken kahanan sesarengan), saha lan *amarga* (mujudaken sesambetan *makna* sebab) boten trep. Bab menika amargi panganggenipun tembung panggandheng *sadurunge, nalika, amarga* ing ukara *metu saka ruwang rapat, Abrit kesusu bareng-bareng dhesek-dhesekan marani lift* mujudaken wosing ukara ingkang boten *logis*.

Tembung panggandheng awujud *monomorfemis/ polimorfemis* ing jinising tembung panggandheng *koordinatif* mujudaken sesambetan makna titi mangsa ugi kapanggihaken ing dhata ngandhap menika. Panggandhengipun tembung panggandheng ngginakaken tandha pamaos koma (,).

(22) “Ee, Mbak Abrit! Slamet, ya! Slamet nglampahi pepasangan! Kapan diramekake? Suk aku wae sing dadi juru riyase, ya!” **Lawang mobil**

durung ditutup, Srinawang ngacungake tangan marang Abrit sing tetep nunggoni ing njero motor. CPP 63/ P2/ K6

Saking paragraf nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken saha kacetak kandhel inggih menika *lawang mobil durung ditutup, Srinawang ngacungake tangan marang Abrit sing tetep nunggoni ing njero motor*. Ukara camboran menika, kedadosan saking kalih klausa inggih menika klausa (1), *lawang mobil durung ditutup* saha klausa (2) *Srinawang ngacungake tangan marang Abrit sing tetep nunggoni ing njero motor*.

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *lawang mobil durung ditutup, Srinawang ngacungake tangan marang Abrit sing tetep nunggoni ing njero motor*, saged dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), *lawang mobil* minangka jejer, *durung ditutup* minangka wasesa, dene ing klausa (2), *Srinawang* minangka jejer, *ngacungake* minangka wasesa, *tangan* minangka lesan, *marang Abrit sing tetep nunggoni ing njero motor* minangka katrangan. Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *lawang mobil durung ditutup, Srinawang ngacungake tangan marang Abrit sing tetep nunggoni ing njero motor*, inggih menika J – W + J – W – L – K.

Ukara *lawang mobil durung ditutup, Srinawang ngacungake tangan marang Abrit sing tetep nunggoni ing njero motor* tumata kanthi *kronologis* saha *gramatikal*. Ukara menika dados boten *gramatikal* menawi klausanipun dipunpindhah-pindhah, kados ukara ngandhap menika.

(22.a) *Srinawang ngacungake tangan marang Abrit sing tetep nunggoni ing njero motor, lawang mobil durung ditutup.*

(22.c) $\left. \begin{array}{l} \text{Nalika} \\ \text{Rikala} \\ \text{Dhek} \\ \text{Wektu} \\ \text{Nalikane} \\ \text{Rikalane} \end{array} \right\} \text{ lawang mobil durung ditutup, Srinawang ngacungake tangan}$
marang Abrit sing tetep nunggoni ing njero motor.

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **nalika**, **dhek**, **wektu**, **rikala** kalebet tembung panggandheng *monomorfemis*. Tembung panggandheng **nalika**, **dhek**, **wektu**, **rikala** kedadosan saking setunggal *morfem* bebas awujud tembung lingga *nalika*, *dhek*, *wektu*, *rikala* ingkang dereng pikantuk wuwuhan menapa-menapa. Wondene, tembung panggandheng **nalikane**, **rikalane** kalebet tembung panggandheng *polimorfemis* ingkang kedadosan saking kalih *morfem* inggih menika.

nalikane → nalika + -e
 rikalane → rikala + -e

Tembung panggandheng **nalikane** kedadosan saking tembung lingga *nalika* saha panambang *-e*. Pungkasan tembung *nalika* awujud *vokal* saengga panambang *-e* ewah dados *ne-*. Semanten ugi, tembung panggandheng **rikalane** kedadosan saking tembung lingga *rikala* saha panambang *-e*. Pungkasan tembung lingga *rikala* awujud *vokal* saengga panambang *-e* ewah dados *ne-*.

Menawi dipuntingali saking paedahipun, tembung panggandheng **nalika** kalebet tembung panggandheng *subordinatif*. Bab menika kabukten saking ukara ngandhap menika.

(22.d) *Srinawang ngacungake tangan marang Abrit sing tetep nunggoni ing njero motor.*

(22.e) [**Nalika**] *lawang mobil durung ditutup.*

(22.f) Srinawang, [**nalika**] *lawang mobil durung ditutup, ngacungake tangan marang Abrit sing tetep nunggoni ing njero motor.*

(22.g) Srinawang *ngacungake tangan marang Abrit sing tetep nunggoni ing njero motor, [**nalika**] lawang mobil durung ditutup.*

Panganggenipun tembung panggandheng **nalika** ing klausa *lawang mobil durung ditutup*, mratandhani bilih klausa menika klausa pang. Klausa pang inggih menika klausa ingkang boten saged madeg piyambak dados ukara (22.d). Klausa *nalika lawang mobil durung ditutup* minangka katrangan saking klausa *Srinawang ngacungake tangan marang Abrit sing tetep nunggoni ing njero motor*. Bab menika kabukten saking ukara (22.f) saha (22.g) bilih klausa mawi tembung panggandheng nalika papanipun saged dipunpindhah-pindhah. Kekalih ukara menika tetep ngemot makna ingkang sami kaliyan ukara *nalika lawang mobil durung ditutup, Srinawang ngacungake tangan marang Abrit sing tetep nunggoni ing njero motor*. Wondene, klausa *Srinawang ngacungake tangan marang Abrit sing tetep nunggoni ing njero motor* minangka babon klausa. Babon klausa inggih menika klausa ingkang saged madeg dados ukara piyambak (22.e). Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang dipunwastani tembung panggandheng *subordinatif*.

Tembung panggandheng **nalika** trep kangge ngisi ukara *lawang mobil durung ditutup, Srinawang ngacungake tangan marang Abrit sing tetep ing njero motor*. Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(22.h) $\left. \begin{array}{l} \textit{Nalika} \\ \textit{*Kanthi} \\ \textit{*Sadurunge} \\ \textit{*Amarga} \end{array} \right\} \textit{lawang mobil durung ditutup, Srinawang ngacungake}$
tangan marang Abrit sing tetep nunggoni ing njero motor.

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **nalika**. Tembung panggandheng **nalika** mujudaken *sesambetan makna titi mangsa* ingkang nedahaken kahanan utawi prastawa utawi tindak tanduk ingkang sesarengan. Ewadene *kanthi* (mujudaken *sesambetan makna cara*), *sadurunge* (mujudaken *sesambetan makna titi mangsa*, ingkang mujudaken kahanan salajengipun), saha lan *amarga* (mujudaken *sesambetan makna sebab*) boten trep. Bab menika amargi panganggenipun tembung panggandheng *kanthi, sadurunge, amarga* ing ukara *lawang mobil durung ditutup, Srinawang ngacungake tangan marang Abrit sing tetep nunggoni ing njero motor* mujudaken wosing ukara ingkang boten *logis*.

5. Tembung Panggandheng *Monomorfemis/ Polimorfemis/ Gabung Tembung*

Tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran wonten ingkang dipunpanggihaken awujud *monomorfemis* utawi *polimorfemis* utawi gabung tembung. Bab menika amargi tembung panggandheng ingkang dipunginakaken kangge nggandheng klausa-klausa ing ukara camboran saged dipungantos ngangge mawarni-warni tembung panggandheng. Wondene, tembung panggandheng menika wonten ingkang awujud *monomorfemis, polimorfemis/ gabung tembung* ananging klausa ingkang dipungandheng mujudaken wosing

ukara ingkang tetep sami. Tembung panggandheng menika dipunpanggihaken ing jinis *koordinatif* saha *subordinatif*.

a. Tembung Panggandheng awujud Gabung Tembung ing Jinising Tembung Panggandheng Koordinatif

Tembung panggandheng *koordinatif* awujud *monomorfemis*, *polimorfemis* saha gabung tembung ingkang saged sami gegantosane nggandheng klausa-klausa ing ukara camboran, dipunpanggihaken saged mujudaken sesambetan *makna* luwih. Ing panaliten menika, tembung panggandheng ingkang mujudaken sesambetan *makna* luwih kapanggihaken ing dhata ngandhap menika.

(23) *Ana plange 'Adi Guna', sanajan mung cilik, kepepet blabag reklame liyane. Omahe apa tokone ya cilik, kepepet karo omah-omah liyane sing padha dienggo bukak dagangan. Arep parkir mobil ya kangelan.* CPP 168/ P5/ K4

Saking paragraf nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken saha kacetak kandhel inggih menika *omahe apa tokone ya cilik, kepepet karo omah-omah liyane sing padha dienggo bukak dagangan*. Ukara menika, kedadosan saking gangsal klausa inggih menika (1) *omahe apa tokone ya cilik*, saha klausa (2) *kepepet karo omah-omah liyane sing padha dienggo bukak dagangan*.

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *omahe apa tokone ya cilik, kepepet karo omah-omah liyane sing padha dienggo bukak dagangan*, saben klausanipun. Ing klausa (1), *omahe apa tokone* minangka jejer, *ya cilik* minangka wasesa, dene ing klausa (2) jejeripun sami kaliyan klausa (1) inggih menika *omahe apa tokone* nanging panyeratanipun dipunsingidaken, *kepepet* minangka wasesa, *karo omah-omah liyane sing padha dienggo bukak*

dagangan, minangka katrangan. Dados, *struktur fungsi sintaksis* gangsal klausa ing ukara *omahe apa tokone ya cilik, kepepet karo omah-omah liyane sing padha dienggo bukak dagangan* inggih menika J – W + W– K.

Menawi dipuntingali saking tegesipun, klausa *omahe apa tokone ya cilik, kepepet karo omah-omah liyane sing padha dienggo bukak dagangan*, saged dados kalih ukara ingkang madeg piyambak. Kalih ukara menika kados ing ngandhap menika.

(23.a) *Omahe apa tokone ya cilik,*

(23.b) *Omahe apa tokone kepepet karo omah-omah liyane sing padha dienggo bukak dagangan.*

Klausa utawi ukara (23.a) nginggil boten awujud perangan saking klausa utawi ukara (23.b). Sawangsulipun, ukara (23.b) dede perangan saking ukara (23.a). Awit saking menika, saged dipun*tafsiraken* bilih sekawan klausa utawi ukara ing nginggil menika sajajar.

Menawi dipuntingali saking tegesipun, klausa *omahe apa tokone ya cilik, saha klausa kepepet karo omah-omah liyane sing padha dienggo bukak dagangan*, menika ngemot wosing ukara ingkang wigatos. Tegesipun wasesa *cilik* kaliyan tegesipun wasesa *kepepet* sami-sami ngandharaken kahanan utawi katrangan saking satunggaling samubarang inggih menika *omahe utawi tokone*, panambang –e menika tumuju ing Trengginas. Wondene, ing klausa (2) ngemot makna ingkang langkung pinunjul saking klausa (1) inggih menika makna *kepepet* ing klausa (2) ateges ‘kawontenan toko menika ing tengah-tengah lan sarwa mepet’, langkung pinunjul saking makna *cilik* ing klausa (1) ateges ‘alit’. Klausa *kepepet*

karo omah-omah liyane sing padha dienggo bukak dagangan trep menawi dipunsukani tembung panggandheng **apa maneh**.

Panganggenipun tembung panggandheng **apa maneh** saged dipungantos ngangge tembung panggandheng **tur, malahan, tur maneh, tur malah** (Wedhawati, 2006: 402). Tembung panggandheng menika mapan ing antawisipun klausa (1) kados kaliyan klausa (2), kados ukara ngandhap menika.

(23.c) *Omahe apa tokone ya cilik,* $\left. \begin{array}{l} \textit{apa maneh} \\ \textit{tur} \\ \textit{malahan} \\ \textit{tur maneh} \\ \textit{tur malah} \end{array} \right\}$ *kepepet karo omah-omah*
liyane sing padha dienggo bukak dagangan.

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **tur** kalebet tembung panggandheng *monomorfemis* awujud tembung lingga *tur* ingkang dereng pikantuk wuwuhan menapa-menapa. Tembung panggandheng **malahan** kalebet tembung panggandheng *polimorfemis* ingkang kedadosan saking kalih *morfem*, inggih menika:

malahan → malah + -an

Tembung panggandheng **malahan** kedadosan saking tembung lingga *malah* saha panambang *-an*. Salajengipun, tembung panggandheng **apa maneh, tur maneh, tur malah** kalebet tembung panggandheng awujud gabung tembung, ingkang kedadosan saking kalih tembung inggih menika

apa maneh → apa + maneh

tur maneh → tur + maneh

tur malah → tur + malah

Tembung panggandheng **apa maneh** kedadosan saking tembung panggandheng *apa* saha tembung *maneh*, **tur maneh** kedadosan saking tembung panggandheng *tur* saha tembung *maneh* dene **tur malah** kedadosan saking tembung panggandheng *tur* saha tembung panggandheng *malah*.

Menawi dipuntingali saking paedahipun, tembung panggandheng *apa maneh* kalebet tembung panggandheng *koordinatif*. Bab menika kabukten saking ukara ngandhap menika.

(23.d) (**Apa maneh**) *kepepet karo omah-omah liyane sing padha dienggo bukak dagangan, omahe apa tokone ya cilik.*

Sesambetan *makna* ingkang sajajar antawisipun klausa *omahe apa tokone ya cilik*, klausa *kepepet karo omah-omah liyane sing padha dienggo bukak dagangan*, dipunsengkuyung dening titikan *sintaksis* saha *semantis*. Titikan *sintaksis* bilih wosing klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng boten saged dipunpindhah papanipun, dene titikan *semantis* bilih klausa-klausa ingkang dipungandheng dening tembung panggandheng boten nedahaken sungsunipun wos ukara. Bab menika ketingal ing ukara (23.d) bilih klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng **apa maneh**, *struktur* ukaranipun boten trep saha tegesipun ukara boten logis.

Pangangenipun tembung panggandheng **apa maneh** supados mujudaken ukara *omahe apa tokone ya cilik, kepepet karo omah-omah liyane sing padha dienggo bukak dagangan* ingkang *kronologis* saha *gramatikal* mapanipun ing antawisipun klausa (1) saha klausa (2). Awit saking menika, *struktur fungsi sintaksis* ukaranipun kados ngandhap menika.

(23.e) Omahe apa tokone ya cilik, [Ø] kepepet karo omah-omah liyane
 J W Tpts W K
sing padha dienggo bukak dagangan.
 K

Tembung panggandheng **apa maneh** trep kangge ngisi panandha [Ø] ing ukara (23.e). Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(23.f) *Omahe apa tokone ya cilik, { apa maneh } kepepet karo omah-omah liyane.*
 *utawa
 *lan banjur
 *nanging

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **apa maneh**. Tembung panggandheng **apa maneh** mujudaken sesambetan *makna* luwih, ingkang kabukten saking *kepepet* ing klausa (2) langkung pinunjul saking *cilik* ing klausa (1). Ewadene *utawa* (mujudaken sesambetan *makna* pilihan), *lan banjur* (mujudaken sesambetan *makna* sesambungan ingkang urutan), saha *nanging* (mujudaken sesambetan *makna pertentangan*) boten trep. Bab menika amargi panganggenipun tembung panggandheng *utawa, lan banjur, nanging* ing ukara *omahe apa tokone ya cilik, kepepet karo omah-omah liyane sing padha dienggo bukak dagangan* mujudaken wosing ukara ingkang boten *logis*.

b. Tembung Panggandheng awujud *Monomorfemis/ Polimorfemis/ Gabung Tembung ing Tembung Panggandheng Subordinatif*

Tembung panggandheng *subordinatif* awujud *monomorfemis, polimorfemis* saha gabung tembung ingkang saged sami gegantos nggandheng klausa-klausa ing ukara camboran, dipunpanggihaken saged mujudaken sesambetan *makna* pambandhing. Ing panaliten menika, tembung panggandheng

ingkang mujudaken sesambetan *makna* pambandhing kapanggihaken ing dhata ngandhap menika.

(24) *Jengkele atine kaya Kumbakarna weruh kethek-kethek njajah negarane Ngalengka, nanging Kumbakarna kasoran ora kuwawa ngusir anasir negarane. Ora bisa mrantasi prekarane, luwih becik bunuh dhiri utawa minggat. **Luhur milih minggat, ora gelem weruh maneh sorote serngenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau.***
CPP 119/ P1/ K8

Saking paragraf nginggil dipunpanggihaken ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken saha kacetak kandhel inggih menika *Luhur milih minggat, ora gelem weruh maneh sorote serngenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau.* Ukara camboran menika, kedadosan saking kalih klausa inggih menika klausa (1), *Luhur milih minggat* saha klausa (2) *ora gelem weruh maneh sorote serngenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau.*

Menawi dipuntingali saking *fungsi sintaksis* ukaranipun, ukara *Luhur milih minggat, ora gelem weruh maneh sorote serngenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau,* saged dipunperang-perang saben klausanipun. Ing klausa (1), *Luhur* minangka jejer, *milih* minangka wasesa, *minggat* minangka geganep, dene ing klausa (2), jejeripun sami kaliyan klausa (1) inggih menika *Luhur, ora gelem weruh maneh* minangka wasesa, *sorote serngenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau* minangka geganep. Dados, *struktur fungsi sintaksis* kalih klausa ing ukara *Luhur milih minggat, ora gelem weruh maneh sorote serngenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau,* inggih menika J – W – G + W – G.

Ukara *Luhur milih minggat, ora gelem weruh maneh sorote serngenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau* tumata kanthi *kronologis* saha *gramatikal.*

Ukara menika dados boten *gramatikal* menawi klausanipun dipunpindhah-pindhah, kados ukara ngandhap menika.

(24.a) **Ora gelem weruh maneh sorote serngenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau, Luhur milih minggat.*

Menawi dipuntingali saking *struktur fungsi* ukaranipun, ukara *Luhur milih minggat, ora gelem weruh maneh sorote serngenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau* inggih menika J – W – G + [Ø] – W – G. *Struktur fungsi sintaksis* menika menawi dipunandharaken ing ukara nginggil kados ngandhap menika.

(24.b) Luhur milih minggat, [Ø] ora gelem weruh maneh
 J W G **Tpts** W
sorote serngenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau.
 G

Menawi dipuntingali saking tegesipun, klausa *Luhur milih minggat*, minangka kahanan utawi prastawa ingkang dipunbandhingaken kaliyan klausa *ora gelem weruh maneh sorote serngenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau*. Wondene, klausa *ora gelem weruh maneh sorote serngenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau* ngandharaken katrangan pambandhing saking klausa (1) inggih menika ngandharaken kahananipun *Luhur nalika milih minggat* dipuntandhingaken kaliyan *Luhur ingkang boten pengin mriksani maleh sorotipun srengenge*. Bab menika dipunsengkuyung ugi kaliyan pitakenan *kados pundi Luhur anggenipun milih minggat?* Wangsulipun inggih menika kaya *ora gelem weruh maneh sorote serngenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau*. Awit saking menika, kaya *ora gelem weruh maneh sorote serngenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau* trep dipunsukani tembung panggandheng **kaya**.

Panganggenipun tembung panggandheng **kaya** saged dipungantos ngangge tembung panggandheng **prasadat, kaya-kaya, kayane, sasat, kayadene** (Wedhawati, 2006: 553). Tembung panggandheng menika mapan ing antawisipun klausa (1) kados kaliyan klausa (2), kados ukara ngandhap menika

(24.c) *Luhur milih minggat, (kaya) ora gelem weruh maneh sorote srengenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau.*

Menawi dipuntingali saking wujudipun, tembung panggandheng **kaya, sasat** kalebet tembung panggandheng *monomorfemis* ingkang kedadosan saking satunggal *morfem* awujud tembung lingga. Tembung lingga *kaya* saha *sasat* dereng pikantuk wuwuhan menapa-menapa. Tembung panggandheng **prasadat, kaya-kaya, kayane** kalebet tembung panggandheng *polimorfemis*, ingkang kedadosan saking kalih *morfem* inggih menika.

prasadat → pra- + sasat

kaya-kaya → kaya + *U*

kayane → kaya + -e

Tembung panggandheng **prasadat** kedadosan saking ater-ater *pra-* saha tembung lingga *sasat*. Tembung panggandheng **kaya-kaya** kedadosan saking tembung dwilingga *kaya*. Tembung panggandheng **kayane** kedadosan saking tembung lingga *kaya* saha panambang *-e*. Pungkasan tembung lingga *kaya* awujud *vokal* saengga panambang *-e* tetep ajeg utawi boten ewah. Wondene, tembung panggandheng **kayadene** kalebet tembung panggandheng awujud gabung tembung, inggih menika.

kayadene → kaya + dene

Tembung panggandheng **kayadene** kedadosan saking kalih tembung awujud tembung lingga *kaya saha dene*.

Menawi dipuntingali saking jinisipun, tembung panggandheng **kaya** kalebet tembung panggandheng *subordinatif*. Bab menika kabukten saking ukara ngandhap menika.

(24.d) *Luhur milih minggat.*

(24.e) [**Kaya**] *ora gelem weruh maneh sorote serngenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau.*

(24.f) *Luhur, [kaya] ora gelem weruh maneh sorote serngenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau, milih minggat.*

(24.g) [**Kaya**] *ora gelem weruh maneh sorote serngenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau, Luhur milih minggat.*

Klausa *Luhur milih minggat* minangka babon klausa. Babon klausa inggih menika klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara (24.d). Wondene, pangangenipun tembung panggandheng **kaya** ing klausa *ora gelem weruh maneh sorote serngenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau*, mratandhani bilih klausa menika klausa pang. Klausa pang inggih menika klausa ingkang boten saged madeg dados ukara piyambak (24.e). Klausa **kaya ora gelem weruh maneh sorote serngenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau** minangka katrangan saking klausa *Luhur milih minggat*. Bab menika kabukten saking ukara (24.f) saha (24.g) bilih klausa mawi tembung panggandheng sasat papanipun saged dipunpindhah-pindhah. Kekalih ukara menika tetep ngemot makna ingkang sami kaliyan ukara *Luhur milih minggat sasat ora gelem weruh maneh sorote*

srengenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau. Tembung panggandheng ingkang dipunginakaken kangge nggandheng babon klausa kaliyan klausa pang dipunwastani tembung panggandheng *subordinatif*.

Tembung panggandheng **kaya** trep kangge ngisi ukara *Luhur milih minggat, ora gelem weruh maneh sorote srengenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau.* Bab menika kabukten, nalika tembung panggandheng-tembung panggandheng sanes dipuncakaken kados ukara ing ngandhap menika.

(24.h) *Luhur milih minggat,* $\left. \begin{array}{l} \textbf{kaya} \\ *supaya \\ *upama \\ *amarga \end{array} \right\}$ *ora gelem weruh maneh sorote*
srengenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau.

Saking ukara nginggil, kapanggihaken bilih tembung panggandheng ingkang trep inggih menika **kaya**. Tembung panggandheng **kaya** mujudaken sesambetan *makna* pambandhing inggih menika boten purun ningali malih sorotipun srengenge minangka pambandhing saking minggatipun Luhur. Ewadene *supaya* (mujudaken sesambetan *makna* ancas), *upama* (mujudaken sesambetan *makna* pepindhan), saha lan *amarga* (mujudaken sesambetan *makna* sebab) boten trep. Bab menika amargi tembung panggandheng *supaya, upama, amarga* ing ukara *Luhur milih minggat sasat ora gelem weruh maneh sorote srengenge sing nyekseni bentroke karo Abrit mau* mujudaken wosing ukara ingkang boten *logis*.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Sesambetan *makna* antawisipun klausa satunggal saha sanesipun ing ukara camboran ingkang tembung panggandhengipun dipunsingidaken salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata, saged dipun*tafsir*aken. Bab menika minangka dhasaripun panaliti nemtokaken tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken trep kangge nggandheng klausa-klausa ing ukara camboran.

Saking asiling panaliten menika, saged dipunpendhet dudutan tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat gayutipun babagan wujud, jinis, saha sesambetan *makna* ingkang dipunwujudaken tembung menika. Dudutanipun dipunringkes kados ing ngandhap menika.

1. Tembung panggandheng awujud *monomorfemis* kapanggihaken ing jinising tembung panggandheng *koordinatif* kangge mujudaken sesambetan *makna* sesambungan, *pertentangan*, urutan, saha pilihan, lan ugi ing jinising tembung panggandheng *subordinatif* kangge mujudaken sesambetan *makna* isi saha cara.
2. Tembung panggandheng awujud *polimorfemis* kapanggihaken ing jinising tembung panggandheng *subordinatif* kangge mujudaken sesambetan *makna* titi mangsa.

3. Tembung panggandheng awujud *gabung tembung* kapanggihaken ing jinising tembung panggandheng *koordinatif* kangge mujudaken sesambetan *makna* sesambungan saha pilihan.
4. Tembung panggandheng awujud *monomorfemis/ polimorfemis* kapanggihaken ing jinising tembung panggandheng *koordinatif* kangge mujudaken sesambetan *makna pertentangan*, lan ugi ing jinising tembung panggandheng *subordinatif* kangge mujudaken sesambetan *makna* sebab, cara, akibat, ancas, *pertentangan*, saha titi mangsa.
5. Tembung panggandheng awujud *monomorfemis/ polimorfemis/ gabung tembung* kapanggihaken ing jinising tembung panggandheng *koordinatif* kangge mujudaken sesambetan *makna* luwih saha ing jinising tembung panggandheng *subordinatif* kangge mujudaken sesambetan *makna* pambandhing.

B. Implikasi

Asiling panaliten menika nyengkuyung teori widya tembung saha widya ukara mliginipun babagan panganggenipun tembung panggandheng. Wujudipun tembung panggandheng maneka warni, saha maujud panandha ingkang mujudaken sesambetan *makna* antawisipun klausa satunggal lan sanesipun ing ukara camboran. Pasinaon babagan tembung panggandheng menika, saged mbiyantu para pangangge basa Jawi saha masarakat Jawi (mliginipun mahasiswa PBD) ingkang kepengin gladhen ngronce tetembungan dados satunggaling ukara camboran ingkang trep saha runtut.

C. Pamrayogi

Panaliten babagan tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran salebetipun *novel* Cintrong Paju-Pat menika, manggihaken *variasi* tembung panggandheng. *Variasi* tembung panggandheng ingkang kapanggihaken taksih mujudaken sesambetan makna ingkang langkung wiyar. Bab menika ketingal saking panganggenipun tembung panggandheng ingkang awujud *monomorfemis*, *polimorfemis* utawi *gabung tembung* saged gegantosan ngisi satunggaling ukara camboran. Awit saking menika, panaliti gadhah pamrayogi supados wonten panaliten salajengipun ingkang ngrembag *variasi* tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken ing ukara camboran kapanggihaken gumathok mujudaken sesambetan makna tartamtu. Kejawi menika, panaliti ugi gadhah pamrayogi supados wonten panaliten salajengipun ingkang nliti tembung panggandheng mliginipun ing babagan undha usuking basa Jawi utawi tembung panggandheng ragam dialek.

KAPUSTAKAN

- Alwi, Hasan. et. al. 2003. *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia. Edisi Ketiga*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Antonsuhono. 1956. *Rirengkesaning Paramasastra Djawa II*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing.
- Brato, Suparta. 2010. *Cintrong Paju-Pat*. Yogyakarta: Penerbit Narasi.
- Brown, E., K., & Miller, J.E. 1980. *A Linguistic Introduction to Sentence Structure*. London: Hutchinson & Co (Penerbit) Ltd.
- Burcfield. 1996. *Fowler's Modern English Usage*. New York: Oxford University Press.
- Chaer, Abdul. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Djajasudarma, Fatimah. 1993. *Metode Linguistik*. Bandung: Eresco.
- Forlini, Gary. et. al. 1987. *Grammar and Composition*. New York: Prentice-Hall.
- Herawati. 2000. *Klausa Pemerlengkapan dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.
- Kesuma, Tri Mastoyo Jati. 2007. *Pengantar Metode Penelitian Bahasa*. Yogyakarta: Carasvatibooks.
- Muhammad. 2011. *Metode Penelitian Bahasa*. Yogyakarta: Ar-Ruzz Media.
- Mahmud. 2001. *Sintaksis*. Diakses dari <http://Kalimat dalam Gamitan Wacana.pdf>sintaksis.pdf-Adobe Reader. pada tanggal 30 November 2012, Jam 22.30 WIB.
- Markamah, et. al. 2010. *Sintaksis Keselarasan Fungsi, Kategori, dan Peran dalam Klausa*. Surakarta: Muhammadiyah University Press.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana Teori, Metode dan Aplikasi Prinsip-prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- _____. 2007a. *Morfologi Bahasa Jawa Bentuk dan Struktur Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.

- Nurdiyani, Netty. 2009. *Jumlah Klausa dan Tempat Konjungsi pada Konstruksi Parataksis Novel Pintu Karya Vira Basuki*. RBITH Vol.5 No.3 Nopember 2009.
- Nurhayati, Endang, & Siti Mulyani. 2006. *Linguistik Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Bagaskara.
- Parera, Jos Daniel. 2009. *Dasar Dasar Analisis Sintaksis*. Jakarta: Erlangga.
- Ramlan. 2001. *Sintaksis Ilmu Bahasa Indonesia*. Yogyakarta: C.V. Karyono.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2001. *Paramasastra Gagrak Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Sumarlam. 2003. *Teori dan Praktik Analisis Wacana*. Surakarta: Pustaka Cakra.
- _____. 2004a. *Aspektualitas Bahasa Jawa Kajian Morfologi dan Sintaksis*. Surakarta: Pustaka Cakra Surakarta.
- Sudaryanto. 1985. *Linguistik: Esai tentang Bahasa dan Pengantar ke dalam Ilmu Bahasa*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- _____. 1992a. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sugono, Dendy. 1995. *Pelesapan Subjek dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Depdikbud.
- Sabariyanto, Dirgo. 1995. *Pelesapan Konjungsi dalam Kalimat Majemuk Bahasa Jawa*. Widyaparwa Majalah Ilmiah Bahasa dan Sastra No. 44. Maret 1995.
- Tarigan, Henry Guntur. 1987. *Pengajaran Wacana*. Bandung: Angkasa.
- Wedhawati, et. al. 2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. rev.ed. Jakarta: Depdikbud.

LAMPIRAN

Tabel 3. TEMBUNG PANGGANDHENG INKANG DIPUNSIKIDAKEN ING UKARA CAMBORAN SALEBETIPUN NOVEL CINTRONG PAJU-PAT ANGGITAN SUPARTO BRATA

No	Kode Data	Data	Papan	Tpts [Ø]	Jinis Tembung Panggandheng		Wujudipun Tembung Panggandheng		
					Koordinatif	Subordinatif	Mono-morfemis	Polimorfemis	Gabung Tembung
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)
1.	CPP 27/ P2/ K1	<i>Wis kulina, isuk umun-umun, Arum Satuhu wis uwet ing pawon, nyiyapake sarapan kanggo sing padha arep lunga ngantor. Krungu dibengoki anake, gage nggawa susu sagelas karo roti sarapan, mara menyang ruwang keluarga panggonane Luhur maca koran.</i>	<u>Wis kulina isuk umun-umun,</u> K K <u>Arum Satuhu wis uwet ing pawon,</u> J W K [Ø] <u>nyiyapake sarapan</u> Tpts W L <u>kanggo sing padha arep lunga ngantor.</u> K	amarga/ merga/ gara- gara/ rehne/ sebab/ soale/ mergane		makna sebab	merga, gara- gara, rehne, sebab	amarga (a+marga) mergane (merga+-e) soale (soal+-e)	-
2.	CPP 27/ P2/ K3	<i>Omah kuwi panggung tingkat loro, magrong-magrong, ngisor kamar tidhure papat, ndhuwur telu, durung kepetung kamar pembantu, garasi, sepen lan kamar mandhi ngisor ndhuwur. Ruwang keluargane ngoblah-ngoblah jembar, dipasang meja lan sofa pirang-pirang setel, racake sarwa gumebyar.</i>	<u>Omah kuwi panggung tingkat loro,</u> J W G [Ø] <u>magrong-magrong, [Ø] ngisor</u> Tpts(1) W Tpts(2) J <u>kamar tidhure papat, [Ø] ndhuwur telu,</u> W G Tpts(3) J W [Ø] <u>durung kepetung kamar</u> Tpts(4) W J <u>pembantu, garasi, sepen lan kamar</u> J <u>mandhi ngisor ndhuwur.</u> J	(1) tur/ malahan/ tur maneh (2) amarga/ merga/ gara- gara/ rehne/ sebab/ soale/ mergane (3) dene (4) nanging/ ning	(1) makna luwih (3) makna sesam- bung- an (4) makna perten- tangan	(2) makna sebab	tur, merga, gara- gara, rehne, sebab, dene, nanging, ning	malahan (malah+-an) amarga (a+marga) mergane (merga+-e) soale (soal+-e)	tur maneh (tur+ma- neh)

Tabel Salajengipun

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)
3.	CPP 28/ P2/ K1	<i>Luhur isih nganggo jaket turu, lungguh nggedhingkrang ing sofa ijo ing ngarep kamare, kamar sing ngisor. Dheweke mentas nonton bal-balan siyaran langsung AC Milan nglawan Lazio wiwit setengah loro isuk mau.</i>	<u>Luhur isih nganggo jaket turu, [Ø] lungguh</u> J W L Tpts W <u>nggedhingkrang</u> G <u>ing sofa ijo, ing ngarep kamare, kamar</u> K <u>sing ngisor.</u> K	nalika/ rikala/ dhek/ wektu/ rikalane/ nalikane	makna urut-urutan		nalika, rikala, dhek, wektu	rikalane (rikala+-e) nalikane (rikala+-e)	-
4.	CPP 30/ P1/ K2	<i>Rapat bubar. Metu saka ruwang rapat, Abrit kesusu bareng-bareng dhesekan marani lift. Jegagik, ketemu Trengginas. Atine seneng. Ya kuwi sing dioyak.</i>	[Ø] <u>Metu saka ruwang rapat, Abrit</u> Tpts W K J <u>kesusu bareng-bareng dhesekan</u> K <u>marani lift.</u> W L	sawise/ salebare/ lebar/ bar/ mbasan/ bareng/		makna titi mang-sa	lebar, bareng	sawise (sa-+wis+-e) mbasan (m-+basan) salebare (sa-+lebar+-e)	-
5.	CPP 30/ P2/ K5	<i>“Oh, Trengginas! Aku kangen kowe!” Kuwi manut sengkane ati. Ora kumocap. Sing kanyatan Abrit mung nggandheng lengene Trengginas, ngguyu mencep nyawang kekasihe lawas sing saiki muncul maneh kuwi. Ing dhesekan wong, lift mudhun.</i>	<u>Sing kanyatan Abrit mung nggandheng</u> K J W <u>lengene Trengginas,</u> L G [Ø] <u>ngguyu mencep nyawang kekasihe</u> Tpts W G <u>lawas sing saiki muncul maneh kuwi.</u> G	kambi/ karo/ sambi/ sinambi		makna cara	kambi, karo, sambi, kanthi	sinambi (sambi+ -in-)	-

Tabel Salajengipun

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)
6.	CPP 30/ P4/ K1	<i>Ing impen Abrit gage kepingin ngrangkul, nuduhake kangene. Trengginas nulak, uwal, ngadoh, emoh dirangkul.</i>	<u>Trengginas, nulak, uwal</u> J W W [Ø] <u>ngadoh,</u> Tpts(1) W [Ø] <u>emoh dirangkul.</u> Tpts(2) W	(1) lan banjur/ lan terus/ lan sabanjure/ lan sateruse (2) amarga/ merga/ gara-gara/ rehne/ sebab/ mergane/ soale	(1) mak-na sesam bungan	(2) mak-na sebab	amarga, merga, gara-gara, rehne, sebab	amarga (a-+marga) mergane (merga+-e) soale (soal+-e)	lan banjur (lan + banjur) lan terus (lan + terus) lan sabanjure (lan+ (sa-+ banjur + -e)) lan sateruse (lan + (sa- + terus + -e))
